**Berdaq ati’ndag`i’ Qaraqalpaq ma`mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq a`debiyati’ tariyxi’ ha`m folklori’ kafedrasi’**

**Begjanova Nargiza**

# TEMA: XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ janrli’q aspektten izertleniwi

# PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’

**Ilimiy basshi’: professor Qurbanbay Ja`rimbetov**

**No`kis – 2013**

Jaqlawg`a ruxsat berildi

| | |
|---|---|
| Fakultet dekani’: | docent Q. Turdi’baev |
| Kafedra basli’g’i’: | docent J.Nizamatdinov |
| Ilimiy basshi’: | Professor Q.Jarimbetov |

# XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ janrli’q aspektten izertleniwi

Ma’mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n’ qarari’:

Begjanova Nargizani`n` pitkeriw qa’nigelik jumi’si’na
«_____» bahasi’ qoyilsi’n.
«_____»  _________ 2013-ji’l.

MAK basli’g’i’: ____________________________
MAK ag’zalari’: ____________________________
____________________________
____________________________

**XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ janrli’q aspektten izertleniwi**

**Kirisiw**

**I BAP.** XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’ni’n’ janrli’q ko’zqarastan izertleniwi

**1.1.** A’debiy janrlar tuwrali’, lirika tu’ri tuwrali’ teoriyali’q woy-pikirler**.**

**1.2.** XIX a’sir qaraqalpaq lirikasi’ ha’m woni’n’ janrli’q aspektte izertleniwi

**a)** A’debiy tu’r si’pati’nda izertleniwi; XIX a’sir lirikasi’ni’n’ mazmun si’pati’ boyi’nsha klassifikaciyalani’wi’ (didaktikali’q, muxabbat lirikalari’ h.t.b.)

**b)** lirikani’n’ formasi’ boyi’nsha klassifikaciyalani’wi’ (murabba, to’rtlik, muxammes)

**II BAP.** XIX a’sir qaraqalpaq epikali’q poeziyasi’ ha’m woni’n’ janrli’q aspektten izertleniwi.

**2.1.** XIX a’sir epikali’q poeziyasi’na sholi’w. (Berdaqti’n’ poemalari’: «Axmaq patsha», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Ku’len boli’s», «Shejire», «Xorezm»)

**2.2.** XIX a’sir epikali’q poeziyasi’ni’n’ izertleniwi.

**Juwmaqlaw**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**

## Kirisiw

**Temani`n` aktualli`g`i`.** Wo`tken a`sirdin` son`g`i` ji`llari`nan baslap ja`miyettegi ekonomikali`q, siyasiy, tariyxi`y, sociyalli`q ha`m ma`deniy wo`zgerisler wo`z gezeginde a`debiyattani`w iliminin` rawajlani`wi`na wo`z ta`sirin tiygizdi. Wo`tmish tariyxi`mi`zdi`, a`debiy miyraslarimizdi` ja`miyettegi ju`z berip ati`rg`an rawajlani`wdi`n` payda yetip woti`rg`an talaplari` da`rejesinde qarasti`ri`p, wolarg`a duri`s ilimiy bahalar beriw za`ru`rligi ju`zege keldi. Wo`tkendegi xalqi`mi`z tariyxi`, ma`deniy, a`debiy miyrasi`mi`z, xali`qarali`q qatnasi`qlari`mi`z bu`gingi abadan turmi`si`mi`z ushi`n`, woni`n` rawajlani`wi` ushi`n ahmiyetli yesaplanadi`. Bu`gingi ha`r bir tarawdag`i` alg`a ilgerilewshilik processinin` tiykari` ata- babalardi`n` bizge qaldi`rg`an miyrasi` dep qarawi`mi`z mu`mkin. Sonli`qtan da, “Wo`z tariyxi`n` bilmeytug`i`n, keshegi ku`nin umi`tqan millettin` keleshegi joq”[1] degen prezident I.A.Karimovti`n` bul danali`q so`zleri milliy ma`deniy miyraslai`mi`zdi` ha`r ta`repleme u`yreniwge tuwri` bag`dar bolatug`i`nli`g`i` so`zsiz.

XIX a`sir qaraqalpaq klassikali`q a`debiyat wa`killeri Ku`nxoja, A`jiniyaz, Berdaq, Wo`tesh shayi`rlar do`retiwshiligi xalqi`mi`zdi`n` ruwxi`y du`nyasi`n, milliy wo`zinsheligin belgiewde u`lken a`hmiyetke iye. Ati` atalg`an shayi`rlar qaraqalpaq xalqi`ni`n` wo`tmish tariyxi`n, ja`miyetlik- siyasiy, sociyalli`q jag`daylari`n shi`g`armalari`nda ha`r biri wo`zine ta`n wo`zgeshelikler, ko`rkem sheberlikleri menen sa`wlelendiredi. Bul jag`i`nan ali`p qarag`ni`mi`zda ko`rkem a`debiyat- xali`q tariyxi`n wo`zinde barqulla so`z yetiwi ha`m de kelesi a`wladlarg`a jetkerip beriwdegi ta`repi menen de bahali`. Mine usi` jag`daylar XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyati` wa`killerinin` do`retiwshiligin ha`r bir da`wirde ha`r ta`repleme u`yreniwdi, izertlewdi talap yetetug`in tiykarg`i` faktorlardan biri. Insaniyat ushi`n ha`mme zamanlarda da yen` ulli` bayli`q boli`p kelgen ruwxi`yli`qti`n` mazmun- ma`nisi, woni`n` insan ha`m ja`miyet turmisindag`i` worni` ha`m a`hmiyeti u`lken. G`a`rezsizlik ji`llari`nda yelimizde miliy

[1] Karimov I. Joqari` ma`newiyat- jen`ilmes ku`sh. Toshkent “Manaviyat” 2008-j

ma`nawiyati`mi`zdi` tiklew, woni` zaman talaplari` negizinde rawajlandi`ri`w boyi`nsha ken` ko`lemli isler ali`p bari`lmaqta. Bu`gingi shiyelenisken globallasi`w da`wirinde ruwxi`yli`q salasi`nda ju`zege kelip ati`rg`an aktual mashqalalar, xalqi`mi`z ma`nawiyati`n asi`rap- abaylaw ha`m joqari`lati`wg`a ayi`ri`qsha itibar qarati`lg`an. Jaslar sanasi`na xalqi`mi`zdi`n` ko`p a`sirlerden berli kiyati`rg`an wo`lmes qa`diriyatlari`n sindiriw arqali` ruwxi`yli`g`i`n joqari`lati`w ma`mleket siyasati` da`rejesine ko`terilgen. Bunday u`lken mashaqatli isti a`melge asi`ri`wda ko`rkem a`debiyat tiykarg`i` faktorlardan sanaladi`.

XIX a`sir qaraqalpaq shayi`rlari` do`retpeleri wo`sip kiyati`rg`an a`wladlar ushi`n ruwxi`y azi`q yesaplanadi. Bunday ahmiyetli ha`m juwapkershilikli ma`seleni wo`z qollari`na alg`an a`debiyatshi ali`mlar bul da`wirdi teren`irek u`yreniwge bel baylag`an. Wo`ytkeni jas a`wladlarda duri`s tu`sinikti qa`liplestirip sol arqali` milliy miyraslari`mi`zg`a hu`rmet penen qarawdi`, zi`yanli` ideya ha`m ideologiyalar ta`sirinen saqlaw ha`m qorg`aw ma`seleleri bu`gingi ku`n talabi`.

A`debiyattani`w ilimi bul ma`seleni g`a`rezsizlikke yerisken da`slepki ji`llardan-aq ha`r ta`repleme so`z yetiwge kiristi. XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyati` yelimizdin` g`a`rezsizligine deyingi ji`llarda da izertlenildi. Demek, bul islerdin` barli`g`i`n milliy a`debiyati`mi`zdi` saqlap qali`w ushi`n taslang`an qa`demler desek boladi`. XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyati` bu`gingi ku`nimizge shekem ha`r qiyli` aspektte izertlenildi. Yen` basli`si` wol poeziya a`debiy miyras bag`dari`nda jemisli izertlendi. Bul izertlewlerde da`slep da`rekler ji`ynaldi`, ko`rkem tekstler ja`riyalandi`, wolar tekstologiyali`q ha`m tariyxi`y-filologiyali`q islewlerden wo`tip xronologiyali`q ta`rtipke sali`ndi`. Shi`g`armalarg`a ideya- tematikali`q, belgili da`rejede janrli`q talqi`lar islendi, sonday- aq a`debiy baylani`slar ha`m ta`sirler boyi`nsha da bir qatar sa`tli jumislar islendi.

Demek bul bag`dardag`i` izertlewlerde XIX a`sir qaraqalpaq klassikali`q a`debiyati` wa`killerinin` do`retiwshiligi ja`miyetlik- tariyxi`y mazmun tiykari`nda, ruwxi`y miyras, milliy ma`deniy bayli`q si`pati`nda qanshelli da`rejede izertlenilgenligi xalqi`mi`zdi`n` milliy qa`diriyatlari`n tiklewdegi, sana-

sezimin rawajlandi`ri`wdag`i` ha`m yen` basli`si` duri`s ko`z- qarasti` qa`liplestiriwdegi a`hmiyetin u`yreniw aktual ma`selelerden yesaplanadi`.

**Maqset ha`m wazi`ypalari`.** Joqari`da so`z yetilgen za`ru`rliklerden kelip shi`g`i`p biz, pitkeriw qa`nigelik jumi`si`mi`z aktualli`g`inda keltirip wo`tkenimizdey da`wir talabi` bolg`an XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyati`ni`n` janrli'q aspekktten izertleniw ma`selelerin teren`irek u`yreniwdi maqset etip qoydi`q. Pitkeriw qa`nigelik jumi`si`ni`n` usi` basli` maqsetin iske asi`ri`w ushi`n to`mendegidey wazi`ypaladi` belgilep aldi`q.

**-** XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q ko'zqarastan izertleniwi

- A'debiy janrlar tuwrali', lirika tu'ri tuwrali' teoriyali'q woy-pikirler**.**

**-** XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi' ha'm woni'n' janrli'q aspektte izertleniwi

**a)** A'debiy tu'r si'pati'nda izertleniwi; XIX a'sir lirikasi'ni'n' mazmun si'pati' boyi'nsha klassifikaciyalani'wi' ( didaktikali'q, muxabbat lirikalari' h.t.b.)

**b)** lirikani'n' formasi' boyi'nsha klassifikaciyalani'wi' ( murabba, to'rtlik, muxammes)

- XIX a'sir qaraqalpaq epikali'q poeziyasi' ha'm woni'n' janrli'q k aspektten izertleniwi.

- XIX a'sir epikali'q poeziyasi'na sholi'w. ( Berdaqti'n' poemalari': «Axmaq patsha», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Ku'len boli's», «Shejire», «Xorezm»)

- XIX a'sir epikali'q poeziyasi'ni'n' izertleniwi.

- XIX a`sir qaraqalpaq klassikali`q a`debiyati`ni`n` lirikali`q shi`g`armalari`n izertlegen miynetlerdin` bag`darlari`, ma`seleni jari`ti`wdag`i` a`hmiyetin qarasti`riw;

Pitkeriw qa`nigelik jumi`si`ni`n` teoriyali`q na`tiyjeleri XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyati`ni`n` janrli'q aspektten izertleniwin belgili ta`rtipte, so`z yetilgen shi`g`armalari`ni`n` janrli`q belgilerine qaray u`yreniliw wo`zgesheliklerin wo`z ishine qamti`ydi`. XIX a`sir qaraqalpaq a`debiyati`ni`n` janrli'q aspektten izertleniw jag`daylari` belgili da`rejede sistemali u`yrenildi.

## I BAP. XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q ko'zqarastan izertleniwi

### 1.1. A'debiy janrlar tuwrali', lirika tu'ri tuwrali' teoriyali'q woy-pikirler.

Pitkeriw qa'niygelik jumi'si'mi'zdi'n' bul bo'liminde qaraqalpaq klassikali'q lirikasi'ni'n' janrli'q jaqtan izertlewdin' basli' ilimiy sha'rtlerine toqtap wo'tiledi, yag'ni'y janrlar boyi'nsha, soni'n' ishinde lirika tu'ri tuwrali' uli'wma a'debiyattani'w ilimi yerisken teoriyali'q jetiskenlikler milliy lirikani' tallag'anda qollani'w ma'selesi qaraladi'**.** Biraq soni' da ayti'w kerek, ko'rkem a'debiyatti'n' janrlari' du'nya a'debiyattani'w iliminde yele toli'q sheshilmegen tarti'sli' ma'sele. Ko'rkem shi'g'armalardi' janrlarg'a aji'rati'w ko'pshilik jag'daylarda sha'rtli tu'rde iske asi'ri'li'p ju'r. Sonli'qtan a'debiy janrlardi', soni'n' ishinde lirikali'q janrlardi' belgilewde terminologiyali'q qarama-qarsi'li'qlar, shatasli'qlar bar. Belgili a'debiyatshi'lar shi'g'armalardi' janrlarg'a jiklewdin' (klassifikaciyalawdi'n') ha'r qi'yli' variantlari'n usi'nadi'. Sonli'qtan biz bul boyi'nsha teoriyali'q ani'qlamalardi' ilimpaz Qurbanbay Ja'rimbetovti'n' "XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q qa'siyetleri ha'm rawajlani'w tariyxi'" degen monografiyasi'nan paydalang'an halda a'debiy janrlar tuwrali', lirika tu'ri tuwrali' teoriyali'q woy-pikirlerdi keltirip wo'temiz.

A'debiy janrlar ma'selesi ilimde buri'ng'i' Aristotel zamani'nan berli so'z yetilip keledi. Janr termini francuz tilindegi ″**genre**″ so'zinen kelip shi'g'i'p ″tur″ yamasa ″ji'ni's″ degendi bildiredi. A'debiy janr degende estetikali'q sezimlerdi beriw usi'llari', ko'rkem su'wretlew sha'rtleri (principleri), tematikali'q, mazmunli'q qa'siyetleri bir birine uqsas yaki jaqi'n bolg'an shi'g'armalardi'n' topari'na ayti'ladi'. Aristotel wo'zinin' ″Poetika″ si'nda a'debiy shi'g'armalardi' ko'rkem su'wretlew principleri boyi'nsha ayi'ri'p, wolardi' u'sh tu'rge bo'ledi: epos, lirika, drama. Yeger jazi'wshi' (Aristotel termini boyi'nsha ″poet″) waqi'yalardi' bayanlag'anda wolardan wo'zin bo'lek tutsa, waqi'yalarg'a wo'zi qatnaspay wolar tuwrali' si'rttan qali's bayan qi'lsa, bunday shi'g'armani' Aristotel epos ji'ni'si'na (tu'rine) jatqaradi'. Mi'sal retinde Gomerdin' ″İliada″

ha’m ″Odisseya″ da’stanlari’n keltiredi. Yegerde jazi’wshi’ (poet) shi’g’armada wo’zi menen wo’zi boli’p, wo’zligin wo’zgertpese, bunday shi’g’armani’ lirika tu’rine jatqaradi’. (Lirika termini Aristotel zamani’nda qollani’lmag’an, wol son’i’raq ellinizm da’wirinde payda bolg’an). Lirika tuwrali’ wo’zinin’ bul pikirlerin Aristotel antik grek shayi’rlari’ Pindardi’n’, Alkeydin’ ha’m Safoni’n’ shi’g’armalari’na su’yenip aytqan.

A’debiy ji’ni’slar (tu’rler) boyi’nsha teren’ pikirler aytqan filosoflardi’n’ biri Fridrix Gegel boldi’. Wol wo’zinin’ ko’rkem wo’ner (Gegeldin’ termini boyi’nsha ″poeziya″) tuwrali’ woy-pikirlerin XIX a’sirdin’ birinshi shereginde islep shi’qti’. Bul waqi’tta Evropa a’debiyati’nda romantizm bag’dari’ u’stemlik yetip ha’m kritikali’q realizm metodi’ni’n’ belgileri ani’q ko’rine baslag’an yedi. Bul jag’daydi’ Gegel a’lbette yesapqa aldi’. Wol wo’zinin’ ko’rkem wo’ner teoriyasi’na bag’i’shlang’an belgili ″Estetika″ degen atamadag’i’ to’rt kitaptan ibarat miynetinde a’debiyatti’n’ u’sh tu’rine de ayi’ri’m-ayi’ri’m toqtap wo’tedi.

Ko’rkem shi’g’armalardi’ tu’rlerge bo’liwdin’ usi’ Aristotel ha’m Gegel islep shi’qqan principlerin V.G.Belinskiy ″Poeziyani’n’ ji’ni’slarg’a (rod) ha’m tu’rlerge bo’liniwi″ degen miynetinde basshi’li’qqa aladi’ ha’m usi’ bag’darda wo’z pikirlerin rawajlandi’radi’.[2] Jan’a da’wirdegi a’debiyatti’n’ janrli’q wo’zgerislerin yesapqa almag’anda (liro-epikali’q ha’m liro-dramali’q shi’g’armalardi’n’ payda boli’wi’) ko’rkem a’debiyatti’ usi’ u’sh ji’ni’sqa bo’lip qaraw tiykari’nan saqlani’p kiyati’r. Degen menen ha’r bir a’debiy tu’r (yamasa ji’ni’s) wo’zinin’ ishki bo’liniwlerine ha’m ta’rtiplerine iye.

L.İ.Timofeev ko’rkem a’debiyatti’ da’stu’rli u’sh tu’rge (epos, lirika, dramag’a) bo’ledi de, ha’r bir ji’ni’sti’ ishki tu’rlerge aji’ratadi’: - roman, povest, gu’rrin’, ocherk ha’m t.b. Al ha’r bir a’debiy tu’r wo’z gezeginde ja’ne de tarmaqlanadi’: tariyxi’y roman, filosofiyali’q roman, a’jayi’p ha’diyseler romani’ ha’m t.b. Janrlardi’ ken’ tallag’annan son’ L.İ.Timofeev to’mendegi sheshimdi usi’nadi’: a’debiy ji’ni’slardi’ (epos, lirika, drama) janr termini menen ataw;

---

[2] Белинский В.Г. Собр.соч. В трех томах. Т.2. Статьи и рецензии 1841-1845. Москва, ГИХЛ, qiri, cc. t-yu.

janrli'q bo'liniwlerdi (roman, povest, gu'rrin' ha'm t.b.) janrli'q tu'r (vid) dep ataw. Janrlar boyi'nsha tallawlari'n L.İ.Timofeev usi'nday teoriyali'q ha'm terminologiyali'q principte ali'p baradi'.[3]

Wo'zbek a'debiyatshi'si' İ.Sultan epos, lirika, dramani' a'debiy tu'r dep, al wolardi'n' tarmaqlari'n, mi'sali', roman, povest, g'a'zzel, muxammes, qasiyda, qosi'q, rubayi'lardi' a'debiy janrlar dep ataydi'.[4]

Teoretik V.E.Xalizev te a'debiy janrlar tuwrali' bergen tu'siniklerinde joqari'da keltirilgen G.N.Pospelovti'n' poziciyasi'n quwatlaydi'.[5] Demek, belgili ilimpazlar ko'rkem shi'g'armalardi' mazmunli'q janrlar ha'm formasi' boyi'nsha aji'ralatug'i'n janrlar dep bo'ledi.

Joqari'da atap wo'tilgen ilimpazlar a'debiy janrlar boyi'nsha, soni'n' ishinde lirika janri' boyi'nsha aytqan wo'z pikirlerin Bati's Evropa ha'm rus a'debiyati'n (G.N.Pospelov, L.İ.Timofeev, L.V.Chernec, V.E.Xalizev, uli'wma Shi'g'i's ha'm wo'zbek a'debiyati'n (U.Tuychiev, İ.Sultan ha'm t.b.) teren' analizlewdin' tiykari'nda aytadi'.

A'debiy janrlardi'n', soni'n' ishinde lirikani'n' qa'siyetlerin teren' izertlegen bul ilimpazlardi'n' pikirlerine qosi'li'wg'a boladi' ha'm qaraqalpaq lirikasi'n ilimiy tallaw jasag'anda wolardi' tiykari'nan basshi'li'qqa ali'wg'a boladi'.

Ko'rkem shi'g'armalardi' janrlarg'a bo'liwdin' ja'ne bir ta'rtibi-bul shi'g'armalardi' formali'q belgileri, qa'siyetleri boyi'nsha aji'rati'w. Bul jag'dayda shi'g'armalardi'n' a'meliy (texnikali'q) tamanlari'na basli' di'qqat beriledi. Mi'sali', shi'g'i's lirikasi'nda g'a'zzel, rubayi', murabba, muxammes, musaddas ha'm t.b., bati's lirikasi'nda kancona, sonet, oktavalar wo'z ishine ku'ta' ko'p a'meliy yaki texnikali'q qa'siyetlerdi ha'm belgilerdi ja'mleydi. Lirikani'n' bul tu'rleri birinshi na'wbette qosi'qti'n' qatar ha'm buwi'n sanlari'na, ba'nt, i'rg'aq, intonaciya, uyqas usag'an belgili texnikali'q qag'i'ydalarg'a bag'i'nadi'.

[3] Тимофеев Л.И. Основы теории литературы. Изд. 4, исправленое, Москва, "Просвещение", qouq, cc. etr-ett.
[4] Султан И. Адабиет назарияси. Тошкент, "Ўқитувчи", qoi0, wwo-wew-бетлер.

Joqari'da yeslep wo'tilgenindey a'meliy jumi's babi'nda shi'g'armalardi' uqsas ha'm jaqi'n belgileri boyi'nsha aji'ratqanda barli'q bo'liniw principlerin janrlar dep ataw u'rdis boli'p ketken. Mi'sali', a'debiy tu'rler bolg'an epos, lirika, drama da janrlar, mazmun, tema belgileri boyi'nsha ayi'ri'latug'i'n shi'g'armalar toparlari'n da janrlar dep ataw da'stu'r boli'p ketken. Aytayi'q, didaktika (aqi'l-na'siyat) janri', muhabbat qosi'qlari', satirali'q shi'g'armalar, tragediyali'q shi'g'armalar ha'm t.b. janrli'q atamalar usi' principte kelip shi'qqan. Sonday-aq shi'g'armalardi'n' quri'li'si', ko'lemi, texnikali'q belgileri, basqa da uqsas qa'siyetleri boyi'nsha da bir tekles shi'g'armalar toparlari'na da janrlar dep at beriw a'det boli'p ketken. Mi'sali', roman janri', gu'rrin' janri', g'a'zzel janri', muxammes janri' ha'm t.b. Ha'tteki proza janri', poeziya janri' dep aji'rati'wlar da ha'zirgi a'debiyatta ha'm a'debiyattani'wda ken' tarqalg'an terminologiyali'q qubi'li'slardan. Negizinde proza ha'm poeziya ko'rkem tildin' tu'rleri (vidi' xudojestvennoy rechi).

Biz bul pitkeriw qa'niygelik jumi'si'mi'zda janrli'q atamalardi'n' barli'g'i'n qayta qarap, qayta talqi'lap, wolarg'a pu'tkilley jan'a atamalar, tu'sinikler beriw niyetinde yemespiz. "**Lirikada** janrlar ma'selesi tuwrali' ha'r qi'yli' teoriyali'q-estetikali'q pikirler ko'p (İ.Sultan, W.Twychiev, N.Shukurov, M.İbrahimov, Wo.Nosirov, R.Arzibekov) . Wolardi' u'yreniw ha'm juwmaqlasti'ri'w tiykarg'i'lari'n tirek yetip ali'p, lirik janrlardi'n' ha'r birin monografiyali'q ta'rizde izertlew yele ku'n ta'rtibinde turi'pti'."[6] Sonli'qtan biz ha'zirshe a'debiyatti'n' lirika tu'ri boyi'nsha islenip shi'g'i'lg'an ha'm ilimde ken' tarqalg'an teoriyali'q tu'siniklerdi, a'meliy qollanbalardi', atamalardi' qaraqalpaq lirikasi'n, soni'n' ishinde XIX a'sir lirikasi'n janrli'q jaqtan tallag'anda basshi'li'qqa alg'an maqul dep yesaplaymi'z. Ani'g'i'raq aytqanda Ku'nxoja, A'jiniyaz, Berdaqti'n' lirikali'q shi'g'armalari'n da'slep a'debiy tu'r (lirika) si'pati'nda tallap, wolardi'n' lirikali'q qa'siyetlerin ashi'w maqsetke muwapi'q keledi. Yele de ani'g'i'raq aytsaq, wolardi'n' estetikali'q qa'siyetlerin, belgilerin ashi'w, yag'ni'y lirikali'q shi'g'armalardi'n' woqi'wshi'da estetikali'q sezimlerdi: go'zzalli'q sezimlerdi,

[6] Умуров Ҳ. Адабиет назарияси. Тошкент, "Шарқ", w00w, wwu-бет.

ku'yiniw, su'ysiniw, mun'-sher, qayg'i'-ha'siret, ko'terin'ki, jerkenishli yamasa ha'zil-ku'lki sezimlerdi woyati'w qa'siyetin ashi'w talapqa say keledi.

Soni'n' menen birge XIX a'sirdegi qaraqalpaq lirikasi'n mazmunli'q toparlarg'a yaki janrlarg'a bo'lip qarasaq, wolardi'n' ja'mi-yetlik, siyasiy, tariyxi'y, filosofiyali'q, socialli'q mazmuni'n ashi'w mu'mkinshiligi tuwadi'. Bul jag'dayda lirikag'a tek estetikali'q ko'z qaraslardan g'ana yemes, al tariyxi'y-ja'miyetlik ko'z qaraslardan da jantasi'w talap yetiledi. Ma'selen, A'jiniyazdi'n' ″Beri kel″, ″Ay a'lip″ shi'g'armalari' estetikali'q qubi'li's si'pati'nda adamni'n' ju'rek to'rinde jati'rg'an go'zzal sezimlerin, ruwxi'y keshirmelerin, ruwxi'y halatlari'n beredi. Bul go'zzal sezimler lirikali'q qaharmanni'n' ruwxi'y keshirmeleri arqali' sa'wlelenedi. Lirikali'q qaharman ku'shli sezimler qursawi'nda qalg'anli'g'i' sonshelli, wol wo'zligin jog'alti'p, aqi'l-huwi'shtan ketiw da'rejesine shekem baradi'. Mi'sali':

Ha-haya sharmim ketipdur ti'yg'i' ja'lladi'n' bilan,
Xi-qi'yali'mnan adasti'm danayi' qali'n' bilan,

Ma'nisi: senin' go'zzali'g'i'n (ti'yg'i' ja'lladi'n) meni uyat-abi'roydan ayi'rdi', ju'zin'degi qali'n' meni aqi'ldan adasti'rdi'.

Biraq, A'jiniyaz bul shi'g'armalarda tek g'ana emociyalar, sezimler du'nyasi'n beriw menen sheklenbeydi, al wolarda turmi'sti'n' belgili bir tarawi'n sa'wlelendiredi. Bul jerde shayi'r wo'z shi'g'armasi'n sewgi-muhabbat temasi'na bag'i'shlap, adamzatqa ta'n hasi'l qa'siyetlerdin' birin lirikali'q sezimler arqali' beredi. Bul taqlettegi shi'g'armalardi' a'meliy is babi'nda qolayli' boli'w ushi'n a'debiyatshi'lar mazmuni'na qarap muhabbat lirikasi' dep ataydi'. A'jiniyazdi'n' ″Bir pa'riy″, ″Bir janan″, ″Go'zzallar″, ″Bozatawli' na'za'lim″ ha'm t.b. qosi'qlari' mazmuni' boyi'nsha muhabbat lirikasi'na jatadi'.

Uli'wma alg'anda, lirika a'debiy janr si'pati'nda woy-pikirdi, ideyani', mazmundi' insang'a ta'n jismaniy (fiziologiyali'q) sezimler, ruwxi'y keypiyatlar, keshirmeler, tolg'ani'slar, ku'shli emociyalar arqali' beredi. Lirikali'q shi'g'armada ku'yinishli ha'm su'yinishli, ko'terin'ki yamasa jerkenishli sezimler

woy-pikirlerdin’ mazmuni’n, ideyali’q bag’i’ti’n jarati’wda tiykarg’i’ faktor boli’p xi’zmet yetedi.

XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda tariyxi’y jag’daylarg’a baylani’sli’ ko’rkem shi’g’armalardi’ janrli’q jaqtan ilimiy tallaw da’stu’ri bolg’an joq. XIX a’sirdegi a’debiy process folklor menen jazba a’debiyatti’n’ bir birine ta’sir yetiw, bir birinen wo’zlestiriw, bir birine yeliklew jag’dayi’nda rawajlandi’. (XIX a’sirdegi a’debiy process tuwrali’ keyinirekte toli’g’i’raq toqtap wo’temiz). Bul da’wirde janrli’q atamalar ha’m jikleniwler ko’rkem do’retiwshiliktin’ a’meliy bari’si’nda qa’liplesip bardi’. XIX a’sir qaraqalpaq so’z wo’nerindegi basli’ janrli’q atamalar to’mendegilerden ibarat: da’stanlar, shejireler, qi’ssalar, qosi’qlar yamasa g’a’zzeller, tolg’awlar, termeler ha’m t.b. Soni’n’ ishinde qi’ssalar menen g’a’zzeller shi’g’i’si’ boyi’nsha tiykari’nan kitabi’y (jazba a’debiyatqa tiyisli) janrlar bolg’an. XIX a’sirdegi qaraqalpaq qosi’qlari’ geyde g’a’zzeller dep te atala bergen (Bul ma’sele boyi’nsha usi’ jumi’sta arnawli’ maqala bar).

Yeger de XIX a’sirdegi qaraqalpaq klassikali’q lirikasi’n janrli’q qa’siyetleri boyi’nsha, woni’n’ mazmunli’q ha’m formali’q tu’rleniwleri babi’nda qarasti’rsaq, woni’n’ xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y, ma’deniy rawajlani’wi’ndag’i’ ko’rkemlik ha’m tariyxi’y a’hmiyetin, Worayli’q Aziya xali’qlari’ a’debiyatlari’ndag’i’ girewli worni’n yele de ken’irek ashi’p beriw mu’mkinshiligi tuwadi’. Qala berse a’debiy janrlar-du’nya a’debiyati’na ta’n uli’wma ko’rkem qubi’li’s. Qaraqalpaq klassikali’q poeziyasi’ndag’i’ ayi’ri’m janrlardi’n’ tipologiyali’q belgilerin du’nya a’debiyati’ni’n’, anaw yaki mi’naw basqi’shlari’nda tabi’wg’a boladi’. Usi’ yesaptan qaraqalpaq klassikali’q lirikasi’ni’n’ yeski tu’rkiy a’debiyat penen genetikali’q baylani’slari’n, al musi’lman xali’qlari’ a’debiyatlari’ ha’m uli’wma du’nya a’debiyati’ menen tipologiyali’q uqsasli’qlari’n ashi’wg’a boladi’. Demek, bul jag’day XIX a’sirdegi ha’m wonnan buri’ng’i’ qaraqalpaq a’debiyati’ wo’zinin’ tariyxi’y ha’m ma’deniy sharayatlari’na bola du’nyani’n’ aldi’n’g’i’ a’debiyatlari’nan tariyxi’y-ja’miyetlik mazmuni’ boyi’nsha biraz keshewillep qalsa da uli’wma du’nya a’debiyati’ni’n’ basli’ ko’rkemlik da’stu’rlerine

baylani'sa alg'ani'n, woni'n' kishkene bir quram bo'legine aynala alg'ani'n ko'rsetedi.

Wolay bolsa, qaraqalpaq klassikali'q poeziyasi'n, soni'n' ishinde lirikani' ha'zirgi a'debiyattani'w iliminin' jetiskenligi da'rejesinde janrli'q wo'zgeshelikleri boyi'nsha tallaw bu'gingi talaplardan kelip shi'g'atug'i'n za'ru'rli ilajlardan boli'p yesaplanadi'.

Qaraqalpaq lirikasi'ni'n' janrli'q jaqtan rawajlani'wi'n izertlewdin' bari'si'nda woni'n' genetikali'q tami'rlari'n ashi'wg'a tiyisli da'rejede di'qqat bo'liniwi kerekligin joqari'da yeskertken yedik. Usi' talaptan kelip shi'g'i'p, qaraqalpaq lirikasi'ni'n' ko'rkemlik sag'alari'n wo'z aldi'na arnawli' tu'rde u'yrengendi maqul dep yesapladi'q.

## 1.2. XIX a'sir qaraqalpaq lirikasi' ha'm woni'n' janrli'q aspektte izertleniwi

**a)** A'debiy tu'r si'pati'nda izertleniwi XIX a'sir lirikasi'ni'n' mazmun si'pati' boyi'nsha klassifikaciyalani'wi' (didaktikali'q, muxabbat lirikalari' h.t.b.)

**Mazmuni' boyi'nsha aji'ralatug'i'n qosi'qlar**

Ko'rkem shi'g'arma jazi'wshi'ni'n' (shayi'rdi'n') ja'miyetlik-tariyxi'y, turmi'sli'q ko'z qaraslari'n an'lati'w ushi'n tiyisli ko'rkem formalardi' qollani'wi' na'tiyjesinde do'reydi. A'debiy janrlar da, soni'n' ishinde lirika janri' da tap usi' ta'rtiplerge ha'm talaplarg'a say qa'liplesedi. Lirikani'n' a'debiy tu'r si'pati'nda uli'wma qa'siyetleri, woni'n' ishki jikleniw ni'zamlari' uli'wma teoriyali'q bag'darda a'debiyattani'w iliminin' jetiskenlikleri tiykari'nda usi' jumi'sti'n' 1.1. bo'liminde ayti'ladi'. Sol bo'limde lirika wo'zinin' uli'wma estetikali'q, ko'rkemlik qa'siyetlerin saqlap woti'ri'p, mazmunli'q tu'rler ha'm formalar boli'p jiklenetug'i'ni' ken' tallawlar tiykari'nda ayti'lg'an yedi. Bul boyi'nsha a'debiy janrlardi'n' ta'biyati'n, jikleniw ni'zamli'li'qlari'n teren' izertlegen belgili a'debiyatshi'lar G.N.Pospelovti'n', L.İ.Timofeevtin', L.V. Chernectin', V.E.Xalizevtin', İzzat Sultanni'n', U.Twychievtin', R.Arzi'bekovti'n', A.Hayitmetovti'n', Z.Axmetovti'n', Z.Qabdolovti'n' ha'm t.b. pikirleri yesapqa

ali'ni'p, wolarg'a avtorli'q tallaw jasaldi'. Sonli'qtan biz bul ma'selege qayta worali'p qosi'msha so'z yetip woti'rmastan, tikkeley XIX a'sirdegi qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n' qosi'qlari'na ha'm wolardi'n' tu'rlerine ayri'm-ayi'ri'm toqtap wo'temiz. Wolardi'n' janr si'pati'nda payda boli'w, qa'liplesiw ha'm rawajlani'w jag'daylari'n a'debiy-tariyxi'y ha'm teoriyali'q bag'darda qarasti'rami'z.

## Didaktikali'q qosi'qlar

Adamdi' iyman-insap, ilim-bilim, aqi'l-na'siyat jollari' menen ta'rbiyalaw, tutas ja'miyetti usi' jollar menen rawajlandi'ri'w - a'yyemgi zamanlardan berli kiyati'rg'an, tu'rli da'wir si'naqlari'nan wo'tken da'stu'rli jollardan. Sonli'qtan bular bizin' ruwxi'y du'nyami'zdi'n' aji'ralmas bir bo'legine aynali'p ketken. Ruwxi'y du'nyani'n' bunday ta'repleri ilim tilinde **didaktikali'q ideyalar** yamasa **didaktikali'q woy-pikirler** dep ju'ritiledi. Didaktikali'q woy-pikirler tiykari'nda didaktikali'q a'debiyat jarati'ladi'. Didaktika-li'q a'debiyat yamasa didaktikali'q janr socialli'q turmi'sti', ja'miyetlik qubi'li'slardi', ja'miyetlik qatlamlardi'n' jag'daylari'n ha'm wolardi'n' ara qatnasi'qlari'n, sonday-aq jeke adamni'n' kelbetin, woni'n' ja'miyettegi worni'n, ja'miyetke qatnaslari'n etikali'q ko'z-qaraslardan, yag'ni'y a'dep-ikramli'li'q, adamgershilik paziyletler, adam huqi'qlari', grajdanli'q wazi'ypalar ko'z qaraslari'nan sa'wlelendiredi.

Biraq buri'ng'i' sovet ja'miyettani'w iliminde, soni'n' ishinde a'debiyattani'w iliminde, sonday-aq ko'rkem a'debiyatta ha'r qanday ja'miyetlik, tariyxi'y ha'm socialli'q tu'yin ma'selelerdi klassli'q gu'res ha'm revolyuciya joli' menen sheshiw ruwxi' (ideyasi') basi'm boldi'. Wo'tmish a'debiyati'ndag'i' ha'r qanday ko'rkem shi'g'armadan klassli'q gu'res ruwxi' ha'm socialli'q revolyuciya motivleri izlendi, ja'miyetlik illetler tuwrali' ha'r qanday si'n pikir revolyuciyali'q ideyalar shen'berine aydap kirgizildi. Na'tiyjede ku'ta' jaqsi' didaktikali'q shi'g'armalar wonsha itibarg'a ali'nbadi'. Didaktikali'q woy-pikirler na'tiyje bermeytug'i'n ha'm turmi'sta iske aspaytug'i'n utopiya dep talqi'yi'n yetildi.

Tariyxi'y ha'm socialli'q a'hmiyettegi ma'selelerdi aqi'l-parasat, iyman-insap, ilim-bilim, hadal miynet islew, paraxat rawajlani'w jollari' menen sheshiw ideyasi' du'nya dani'shpanlari'ni'n' yen' jaqsi' shi'g'armalari'nda yerte

da’wirlerden berli sa’wlelenip kiyati’r. Wolardan b.e.sh. VIII-VII a’sirlerde jasag’an antik Greciya shayi’ri’ Gesiodti’n’ “Miynetler ha’m ku’nler“, b.e.sh. I a’sirde jasag’an Rim shayi’ri’ Vergiliydin’ “Diyxanshi’li’q ji’rlari’“ (“Georgiki“) poemalari’, Shi’g’i’s a’debiyati’ndag’i’ “Kaliyla ha’m Dimna“, “Qabusnama“, Yusup Has Hajibtin’ “Qutli’ bilim“ (“Qutadg’u bilik“), Axmad Yugnakiydin’ “Haqi’yqatli’q sawg’alari’“ (“Xibatul haqayi’q“), Axmad Yassawiydin’ hikmetleri, Nawayi’ ha’m Maqtumquli’ni’n’ aqi’l-na’siyat shi’g’armalari’ didaktikali’q a’debiyatti’n’ yen’ jaqsi’ u’lgilerinen boli’p sanaladi’. Wolarda hadalli’q, a’dillik, insapli’li’q, a’dep-ikramli’li’q, miyrim-sha’pa’a’t, qayi’r-saqawat, do’retiwshilik miynet, adamlar arasi’ndag’i’ wo’z ara kelisim ha’m mu’layi’m qatnaslar usag’an hasi’l qa’siyetler uli’g’lanadi’. Bul shi’g’armalar du’nya xali’qlari’ni’n’ ruwxi’y g’a’ziynesine qosi’lg’an salmaqli’ u’les boli’p tabi’ladi’.

Qaraqalpaq xali’q awi’zeki do’retiwshiliginde didaktikali’q woy-pikirlerdin’ ayri’qsha wori’n tutqanli’g’i’ sonshelli, wolar ko’rkem shi’g’armani’n’ qa’legen tu’rinde (naqi’l-maqallardan, terme-tolg’awlardan baslap da’stanlarg’a deyin) ushi’rasadi’. Bati’rli’q da’stanlardi’n’ ha’r birinde aqi’l-na’siyat so’zlerge ken’ wori’nlar aji’rati’ladi’.

XIX a’sirdegi qaraqalpaq poeziyasi’ da aqi’l-na’siyat mazmuni’ndag’i’ lirikag’a bay boldi’. Qaraqalpaq shayi’rlari’ xali’q didaktikali’q poeziyasi’ni’n’, Axmad Yassawiydin’, a’sirese Maqtumquli’ni’n’ joli’nan bari’p, na’siyat qosi’qlari’n jazi’wdi’ wo’zlerine u’rdis yetip aladi’. Na’tiyjede aqi’l-na’siyat qosi’qlari’ wo’z aldi’na u’lken bir lirikali’q janrg’a aynaladi’. Qaraqalpaq shayi’rlari’ wo’zlerin qorshap turg’an wortali’qti’n’, konkret turmi’sti’n’, ruwxi’y rawajlani’wdi’n’ talaplari’na muwapi’q ja’miyetlik qag’i’ydalar, a’dep-ikramli’li’q, turmi’s-tirishilik ta’rtipleri, ilim-bilim, ta’lim-ta’rbiya ma’seleleri haqqi’nda woy-pikir ju’ritedi, wolardi’ jaslarg’a ug’i’ndi’radi’, ken’ xali’qqa na’siyat yetedi. Ku’nxojani’n’ “Nege kerek“, “Kerek mag’an“, “Jetimnin’ haqi’n jep qoyma“, “Bara almas“, Berdaqti’n’ “Xali’q ushi’n“, “Jaqsi’raq“, “Kim aytar“, “Qashan ra’ha’tlanadursan’“, “Bilgeysiz“, “Nadan bolma“, “Balam“, “Yeken“, Wo’teshtin’ “Da’rkar“, “Qari’z alma“, qosi’qlari’n didaktikali’q lirikani’n’

u’lgileri si’pati’nda tani’sa boladi’. Bul qosi’qlarda jeke adamni’n’ minez-qulqi’, woni’n’ u’yde, ja’miyette wo’zin tuti’wi’ a’deplerinen baslap, woni’n’ miynetke, ja’miyetke, wo’zinin’ azamatli’q pari’zlari’na, ruwxi’y turmi’sqa qatnaslari’, ko’z qaraslari’ ma’selelerine deyin qozg’aladi’.

A’jiniyazdi’n’ shi’g’armalari’ da didaktikali’q woy-pikirlerge bay. Wolardan “Na’siyhat“, “Bolurmi’“, “Ha’r jerlerde dilgir mu’ta’j bolsan’i’z“, “Ha’r kim xatam bolur paniy du’nyada“, “Kerek“, “Jigitler“, “Bolmas“, “Ha’r kimsanin yari’ bolsa“, “Ba’rshe birdey bolg’an yemes“, “Kerekti“, “Arjag’i’nda bolmag’ansha“ ha’m t.b. qosi’qlari’nda adamni’n’ ja’miyettegi worni’, ju’ris-turi’si’, socialli’q a’dillik, iyman-insap, qayi’r-saqawat, jaqsi’li’q ha’m jamanli’q, miyrim-sha’pa’a’t ha’m zuli’mli’q ma’seleleri ko’teriledi.

Ku’nxojani’n’, A’jiniyazdi’n’, Berdaqti’n’, Wo’teshtin’ didaktikali’q woy-pikirleri ma’zi shayi’rli’q yoshtan tuwi’lg’an subektivlik qi’yallardan ibarat yemes, wolardi’n’ turmi’sli’q, ko’rkemlik, ideologiyali’q sag’alari’ ha’m tirekleri bar. Qaraqalpaq shayi’rlari’, didaktikali’q woy-pikirlerdi yen’ birinshi gezekte wo’zleri jasap turg’an wortali’qtan, ja’miyetlik du’zimnen, konkret turmi’sti’n’ talaplari’nan, wo’zgesheliklerinen kelip shi’g’i’p alg’a su’redi. Usi’ shayi’rlar jasag’an XIX a’sirdin’ wortalari’ ha’m yekinshi yari’mi’nda Xiywa xanli’g’i’nda siyasiy ha’m ja’miyetlik turmi’s turaqli’ bolmadi’. Xali’qti’n’ basi’m ko’pshiligi ka’mbag’al turmi’s keshirdi. Soni’n’ menen birge iri feodallar materialli’q bayli’qti’n’ u’lken bo’legin wo’z qollari’na usladi’ (jer, suw, wo’ndiris qurallari’, mallar, jaylawlar ha’m t.b.). Na’tiyjede ja’miyette u’lken socialli’q ayi’rmashi’li’qlar, usi’ tiykarda socialli’q a’dilsizlikler payda boli’p turdi’. İri mu’lik iyelerinde, a’meldarlarda bayli’qqa ko’zsiz umti’li’w, ashko’zlik, socialli’q ma’selelerge kewil bo’lmew jag’daylari’ mudam ju’z berip turdi’. Bul jag’daylar tuwrali’ Ku’nxojani’n’ “Woraqshi’lar“, “Shopanlar“, “Jetimnin’ haqi’n jep qoyma“, “Ku’n qayda“, Berdaqti’n’ “Jaz keler me**?**“, “Sali’q“, “Bi’yi’l“, “Ko’rindi“, A’jiniyazdi’n’ “Kerek“ qosi’qlari’ ani’q gu’wali’q beredi.

***

Qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ didaktikali’q janrg’a mu’ra’jat yetiwinde, woni’ rawajlandi’ri’wda ruwxi’y azi’q bolg’an ha’m ruwxi’y tirek bolg’an derekler bar. Bular birinshi gezekte islam aqi’ydalari’ (mazmuni’n talqi’lawg’a bolmaytug’i’n, wog’an shek keltirmey so’zsiz isenetug’i’n diniy talaplar), islam filosofiyasi’ (ila’hiyat ilimi), musi’lmanni’n’ pari’zlari’ (namaz, ruwza, za’kat ha’m t.b.), musi’lmanli’qti’n’ su’nnetleri (ori’nlani’wi’ qatan’ tu’rde sha’rt bolmag’an musi’lmanshi’li’qti’n’ u’rp-a’detleri, da’stu’rleri, ha’r qi’yli’ isleri), musi’lmanlardi’n’ muqaddes kitabi’ bolg’an “Quran“, sonday-aq musi’lmanlardi’n’ turmi’sta basshi’li’qqa ali’wi’ tiyis bolg’an diniy, huqi’qi’y normalari’ni’n’ ji’ynag’i’ “Shariat“ ta’rtipleri boli’p yesaplanadi’. Joqari’da keltirilgen mi’sallarda Berdaq penen A’jiniyaz wo’zlerinin’ pa’ndi-u’gitlerin, uli’wma didaktikali’q woylari’n birinshi gezekte usi’ dizip wo’tilgen da’reklerge su’yenip aytqanli’g’i’ ko’rinip tur. Wolarda lirikali’q qaharman patshag’a da, bayg’a da, qazi’g’a da, basqa a’meldarlarg’a da boysi’nbaydi’, wolardi’n’ taji’-taxti’n, baq-da’wletin, ku’sh-ku’diretin ta’n almaydi’, woni’n’ tabi’natug’i’n birden bir ku’direti - bul haqti’n’ joli’, moyi’nlaytug’i’n ta’rtipleri - bul shariat zan’lari’. Sonli’qtan lirikali’q qaharman ja’miyettegi ku’shli qatlamlardi’n’ aldi’nda haqi’yqatli’qti’ ayti’wdan, wolarg’a tuwri’ joldi’, yag’ni’y haqti’n’ joli’n siltewden tarti’nbaydi’, kerisinshe buni’ wo’zinin’ musi’lmanli’q wazi’ypasi’, pari’zi’ dep biledi.

XIX a’sirdegi Worta Aziya regioni’nda jasaytug’i’n xali’qlardi’n’ sana-seziminde, turmi’s ta’jiriybesinde adam huqi’qi’ ha’m wolardi’ qorg’aw ilajlari’ usi’ xali’qlar i’qti’qat yetetug’i’n islam dininin’ ruwxi’y ku’shine ha’m huqi’qi’y normalari’na su’yendirilgen yedi. Worta Aziyani’n’ feodalli’q du’zimde jasap ati’rg’an xali’qlari’nda diniy normalar menen yuridikali’q normalar qari’si’p ketken yedi. Demek, Worta Aziya xanli’qlari’ worta a’sirlik feodalizm da’wirinde ken’ tarqalg’an teokratiyali’q (diniy) basqari’w usi’llari’na ko’birek su’yener yedi. Muftiyler, qazi’lar instituti’ ha’m meshit-medreseler ma’mleketti basqari’wda bir jag’i’nan yuridikali’q, yekinshi jag’i’nan ideologiyali’q tirek boldi’. Xorezm,

Qaraqalpaq jag'dayi'nda shariat normalari'ni'n' xali'q arasi'nda tarqali'wi', wolarg'a yuridikali'q ha'm ruwxi'y tirekler si'pati'nda xali'qti'n' arqa su'yewi, sonday-aq ayi'ri'm bay-da'wletli adamlar, a'meldarlar, qazi'lar, ruwxaniylar ta'repinen shariat normalari'ni'n' buzi'li'wi' Ku'nxojani'n' “Wo'lim“, “Jetimlerdin' haqi'n jep qoyma“, Berdaqti'n' “Kim aytar“, “Zamanda“, “Aqi'bet“, A'jiniyazdi'n' “Ko'rin'“, “Na'siyxat“ qosi'qlari'nda real ha'm ko'rkem berilgen. Bul shayi'rlar wo'zlerinin' jasap turg'an tariyxi'y ha'm ja'miyetlik jag'daylari'na baylani'sli' adam huqi'qlari'n qorg'awdi'n' birden bir tiregi retinde shariat zan'lari'n hu'rmet yetedi, wolarg'a isenedi, wolardi' buzg'an adamlardi' haqti'n' joli'n buzg'anlar si'pati'nda ashshi' tilleydi.

Ja'miyettin' socialli'q jaqtan a'zzi qatlami'na di'qqat bo'liw, yag'ni'y g'a'rip-qa'serlerge, jetim-jesirlerge qol sozi'w, wolardi'n' jag'daylari'n jaqsi'law ushi'n gu'resiw ideyasi' - Shi'g'i's shayi'rlari'ni'n' gumanizminin' tutas bir bo'legi. Qaraqalpaqlar arasi'nda “Diywanayi' Ma'shrep“ ati' menen ken'nen ma'lim bolg'an suwfiy shayi'r Babara'him Mashrab (1657-1711) wo'zinin' mudami' g'a'rip-miskinler ta'repinde yekenin, wolardi'n' ta'g'diri wo'zinin' ta'g'diri yekenin ashi'q aytadi'.

Ne gunah qildim, xudo, dunyoda men bwldim g'arib,
Har qaerda bekasu becharag'a hamxanaman.[7]

XVIII a'sirde jasag'an Maqti'mquli' da wo'zi jasap turg'an da'wirdin' socialli'q alag'atli'g'i'n ko'zde tuti'p, ja'miyettin' a'zzi bo'legine shi'n tilegin bildirip, bul boyi'nsha wo'zinin' azamatli'q poziciyasi'n tutadi':

Zali'mlar qor boli'p qalar ayaqta,
G'a'rip, sen ji'lama, sherdey bolarsan'.[8]

Maqti'mquli' ha'r bir azamatti' g'a'rip-miskinler ta'repin ali'wg'a, hadal boli'wg'a shaqi'radi':

Hadal isle, bil wo'zin'nin' hali'n'di',
Paqi'rdi' i'nji'lti'p, yetpe ja'birdi.[9]

[7] Бабареҳим Машраб. Ташкент, 1990, 127-бет .
[8] Мақтымқулы. Нөкис, qoir, qi-бет.
[9] Мақтымқулы. 29-бет.

Berdaq ta usi'nday ja'miyetlik ma'sele boyi'nsha ani'q poziciyada turadi'.

Duwri' tutsan' niyetin'di,
Xali'qqa bursan' betin'di,
Si'ylasan' g'a'rip-jetimdi,
Shi'n azamat boladursan'.[10]

("Qashan ra'ha'tlanadursan'")

yamasa:

Berdimurat, ti'n'lap so'zin'di ko'rgil,
Ju'rgen soqpag'i'n'nan izin'di ko'rgil,
G'amgu'n bolma, g'a'riplerge qol bergil,
Sonda is yetkenin' mo'hminler ushi'n.[11]

("Xali'q ushi'n")

Mi'sallarg'a qarasaq, ja'miyettin' belgili bir problemasi' boyi'nsha, a'sirese ja'miyettin' socialli'q jaqtan a'zzi qatlami'ni'n' jag'daylari' boyi'nsha Ma'shireptin', Maqti'mquli'ni'n', Berdaqti'n' tutqan ja'miyetlik poziciyalari' birdey, ko'z qaraslari', ideyalari' u'nlesedi. Shayi'rlar bul ma'seleni sa'wlelendirgende birinshi gezekte wo'zleri jasap turg'an socialli'q jag'daylardan, ja'miyetlik du'zimnin' wo'zgesheliklerinen kelip shi'g'adi'. Soni'n' menen birge bul konkret socialli'q ma'sele boyi'nsha usi' shayi'rlardi' jaqi'nlasti'ratug'i'n, pikirles yetetug'i'n ideologiyali'q da'rekler bar yekenin joqari'da aytqan yedik. Bul shariatti'n' normalari', musi'lmanshi'li'qti'n' pari'zlari', g'a'rip-miskinlerge qol sozi'w, ji'g'i'lg'andi' su'yep qatarg'a turg'i'zi'w ideyalari'. Sonli'qtan shayi'rlar bul ideyalardi' shariat talaplari'ni'n' biri si'pati'nda jali'qpastan ji'rlag'an, shariat talaplari'n bulji'tpay wori'nlawdi', haqti'n' joli'nan taymay du'ziw ju'riwdi wo'zinin' zamanlaslari'na pa'ndi-u'git yetken, buni' keleshek a'wladlarg'a ruwxi'y miyras ha'm turmi's ta'jiriybesi si'pati'nda wa'siyat yetken.

Demek, Berdaqti'n' ha'm woni'n' zamanlas shayi'rlari'ni'n' aqi'l-na'siyat qosi'qlari'n do'retiwdegi ruwxi'y azi'q alg'an birden bir sha'shmesi ha'm

[10] Бердақ. 67-бет.
[11] Бердақ. 76-бет.

huqi'qi'y tirenishi shariat joli', musi'lmanshi'li'qti'n' talaplari' boli'p yesaplanadi'. Al shariat ideyalari'n wo'z shi'g'armalari'nda sa'wlelendiriw arqali' Berdaq uli'wma insani'yli'q ideyalari'n ko'teredi.

***

Qaraqalpaq shayi'rlari' ja'miyetti birlestirip turatug'i'n uyi'tqi' si'pati'nda shariat zan'lari'na tiykarlang'an nekeni, birlikli semyani', yerli-zayi'pli'lar arasi'ndag'i' sadi'qli'qti', hadal qatnasi'qlardi' tani'ydi'. Musi'lmanshi'li'qti'n' sha'rtleri boyi'nsha ha'r bir musi'lman wo'z nekelisine sadi'q boli'wi', wog'an hu'rmet-izzet, mehir-muhabbat penen qatnas jasawi' tiyis. Yerli-zayi'pli'lar arasi'ndag'i' bunday ji'lli' qatnaslardi' Muhammed payg'ambardi'n' wo'zi ba'rshe u'mmetlerine wa'siyat yetken dep ayti'ladi'. Woni'n' ha'diyslerinde mi'naday so'zlerdi ushi'ratami'z: "Yegerde kimde kim wo'zinin' jupti' halali'na (nekeli hayali'na) su'yiwshilik penen qarasa, hayali' da su'yiwshilik penen qarasa, Allatala wolarg'a miyrim-sha'pa'a't penen qaraydi'"[12]. Biraq yerli-zayi'pli'lar arasi'ndag'i' qatnaslar shariat ta'rtibi boyi'nsha ku'ta' qatal. Wo'zinin' nekelisine qi'lap qi'li'w, woni'n' ko'zine sho'p sali'w jag'daylari' musi'lmanli'qtan sheginiw menen barabar u'lken gu'na si'pati'nda qaralanadi'. Neke ha'm semya tuwrali' payg'ambar ta'repinen ayti'ldi' dep yesaplang'an bul aqi'l-ken'eslerdi muqaddisler (payg'ambar ha'diyslerin ji'ynawshi' ulamalar) payg'ambar na'siyatlari'ni'n' toplamlari'na (ha'diyslerge) kirgizgen. Wolarda Muhammed payg'ambar wo'z u'mmetlerine "Kimde-kim birewdin' hayali'n azg'i'rsa, wol bizden yemes"[13], (yag'ni'y payg'ambar u'mmetlerinen yemes, musi'lman yemes-Q.J,) yamasa "Kimde kim wo'zi menen nekede bolmag'an hayalg'a i'qlas yetip, woni'n' menen qatnas qi'lsa (ji'ni'si'y), bul Allatalag'a shirk keltiriwden (yag'ni'y qudani'n' barli'g'i'na gu'man keltiriwden-Q.J.) son'g'i' yen' awi'r gu'nadur"[14] dep qatal tu'rde yeskertken. Berdaqti'n' bir qatar na'siyat qosi'qlari'nda neke, semya ma'selesi musi'lman yuridikasi' islep shi'qqan tu'siniklerge, huqi'qlarg'a, sonday-aq payg'ambar na'siyatlari'na tiykarlani'p qozg'aladi'.

[12] Мухаммед пайғамбар қиссаси. Ҳодислар.Ташкент, 1991, 62-бет.
[13] Сонда. 112-бет
[14] Сонда. 105-бет

Aqi’l adam so’zler yertpes izine,
Sho’p salmas yari’ni’n’ ha’rgiz ko’zine,
Baqmas na’ma’hra’mnin’ hasla ju’zine ,
Solar xi’zmet yeter ba’rha’ xali’q ushi’n.[15]

yamasa:

G’ayri’ birewlerdi yetip qurdasi’n’,
Ju’rme ag’i’zi’p dilbari’n’ni’n’ ko’z jasi’n,
Jaman bolsada wol wo’mirlik joldasi’n’,
Waqi’tsha qol bergen hu’rden jaqsi’raq.[16]

Yerli-zayi’pli’lardi’n’ bir birine sadi’qli’g’i’, hadal-li’g’i’, hu’rmet-izzeti Berdaq tu’siniginde yen’ joqari’, yen’ hasi’l adamgershilik qa’siyetlerden. Bul qa’siyetlerdi uli’g’lawdan, wolardi’ xali’qqa na’siyatlawdan Berdaq hasla jali’qpaydi’.

Wo’zin’nen pa’ske ju’z salma,
Na’ma’hremlerge ko’z salma,
Kisi yari’na so’z salma,
Wo’z yari’n’nan qaladursan’**.**[17]

Wo’zinin’ aqi’l-na’siyat qosi’qlari’nda Ziywar shayi’r da (A’jiniyaz) neke, semya ma’selelerin jiyi qozg’aydi’ ha’m Berdaq penen pikirles boladi’.

Kisinin’ yari’na ku’lip baqqannan,
Shi’bi’n jani’n’ i’shqi’ woti’na jaqqannan,
Wo’z boyi’n’a tu’rli nasaq taqqannan,
Wo’z yari’n’ni’n’ ta’rbiyasi’n ber jaqsi’.**[18]**

Berdaq ta, A’jiniyaz da neke, semya qatnasi’qlari’n adamgershiliktin’, a’dep-ikramli’li’qti’n’ basi’ dep tu’sinedi, sonli’qtan wolar a’dep-ikramli’li’q ti’rnag’i’na quri’lg’an shan’araq bekkem boladi’ dep isenedi, al ha’r bir bekkem shan’araqti’ pu’tkil ja’miyetlik quri’li’sti’n’ uyi’tqi’si’ dep biledi.

---

[15] Бердақ. 76-бет
[16] Бердақ. 83-бет
[17] Бердақ. 87-бет
[18] Әжинияз. qww-бет.

***

Berdaqti’n’ na’siyatlari’nda adamgershilik, ju’ris-turi’s a’deplerine de di’qqat awdari’ladi’. Shayi’r adamgershilik normalari’n ani’qlaw ushi’n “jaqsi’ adam“ menen “jaman adam“ tu’siniklerin tiykar yetip aladi’, wolardi’ sali’sti’radi’, wolardi’n’ moralli’q kelbetin tu’rli ren’ler menen si’zi’p beredi. Jaqsi’ menen jamanni’n’ portretleri a’sirese woni’n’ “Xali’q ushi’n“ na’siyat qosi’g’i’nda ani’q ko’rinedi.

Jamanlar qasi’nan qon’si’ ko’shirer,
Jaqsi’ adam bolsa giyne keshirer.[19]

Berdaqti’n’ jaqsi’ ha’m jaman tuwrali’ pikiri bul haqqi’nda aytqan Maqtumquli’ni’n’ woylari’ menen sabaqlasadi’:

Jaqsi’ni’n’ kewlinde giyne az bolar,
Jamanni’n’ ku’nde bir uri’si’n ko’rin’.[20]

Berdaq jaqsi’ menen jamandi’ xali’qli’q tu’siniklerge su’yene woti’ri’p ayi’radi’, wolardi’n’ minez-qulqi’n, is-ha’reketin, ju’ris-turi’si’n antitezali’q (qarama-qarsi’li’qli’) su’wretlew usi’llari’ menen beredi:

Jaman joldas paydasi’na ildirer,
Jaqsi’ joldas adamgershilik bildirer,
Jaqsi’ adam so’z ma’nisin an’laydi’,
Jaman adam pasi’q so’zdi ti’n’laydi’,
Jaqsi’ adam jag’ar shiyrin jani’n’a,
Jaman adam boyar qi’zi’l qani’n’a.[21]

Shayi’r tu’siniginde jaqsi’ adam menen jaman adam tu’r-tu’sinen, boy-si’mbati’nan belgili bolmaydi’ (“Jaqsi’-jaman pari’q bolmas ren’ki-ju’zden“), jaqsi’ adam yen’ da’slep so’ylew ma’deniyati’ menen ajarali’p turadi’ (“Jaqsi’ni’ pa’m a’yle so’ylegen so’zden“), wol adamgershilikli, tu’simpaz, islegen isi, so’ylegen so’zi, jang’a jag’i’mli’, ken’ peyil, keshirimli keledi, jaqsi’ adam

[19] Бердак. 80-бет.
[20] Мактумкулы.
[21] Бердак. 80-81-бетлер.

mudami’ yel xi’zmetine tayi’n turadi’ (“Jaqsi’ adam tuwi’ladi’ yel ushi’n“,“Solar xi’zmet yeter ulli’ xali’q ushi’n“).

Jamanni’n’ adamshi’li’q kelbeti, is-ha’reketi, minez-qulqi’ unamsi’z, namaqul boli’p keledi. Wol tek wo’z paydasi’na pu’tin, wo’zimshil, ta’kkabi’r (“Jaman adam wo’zinen kem ko’rerler - basqalardi’-Q.J. - Dushpanli’g’i’n yetip azap bererler“), shug’i’l so’zge i’qlasli’ (“Ba’rqulla jamanlar ag’ayi’n-xalqi’n“), pa’s quli’qli’ boli’p keledi, basqani’n’ i’ri’sqi’-nesiybesine umti’li’p, da’mego’ylik penen jasaydi’ (“Qol sozarlar senin’ jegen nani’n’a, Jaman adam sonday bolar peyli ushi’n“). Shayi’r bunday pa’s quli’qli’ adamlardi’ ko’rkemlep su’wretlew arqali’ woqi’wshi’da jerkenishlilik ha’m tu’n’iliw sezimlerin woyatadi’. Bunday taypadag’i’ adamlar ja’miyetke zi’yanli’, wog’an jaman ta’sir jasaydi’ dep juwmaq shi’g’aradi’ (“Wolardi’n’ keregi bolmas xali’q ushi’n“ yamasa “Wondaydi’n’ paydasi’ bolmas xali’q ushi’n“).

Solay yetip, Berdaqti’n’ didaktikali’q qosi’qlari’nda “jaman bolma“ “jaqsi’ bol“ degen qurg’aq u’gitler u’stemlik yetpeydi, al wolarda didaktikali’q woy-pikirler ha’r qi’yli’ estetikali’q sezimlerdi woyati’w arqali’ beriledi. Mi’sali’, pa’s quli’qli’larg’a jerkenishli sezimler woyati’wi’, xosh qi’li’qlarg’a, jaqsi’ islerge degen su’ysiniw sezimlerin woyatadi’. Na’tiyjede shayi’r wo’zinin’ didaktikali’q qosi’qlari’nda qarama-qarsi’ estetikali’q sezimlerdi (go’zzalli’q ha’m jerkenishlilik sezimlerdi) woyati’w arqali’ woqi’wshi’da jaqsi’li’qqa, go’zzali’qqa, pa’klikke, hadalli’qqa i’qlas sezimlerin ta’rbiyalaydi’. Berdaq jaqsi’li’q penen jamanli’q tu’siniklerin joqari’da aytqanday qurg’aq bayanlaw joli’ menen yemes, wolardi’ ko’rkem su’wretlew usi’llari’ menen, a’sirese ko’rkem su’wretlewdin’ antiteza (qarama-qarsi’li’qli’), metafora (awi’spali’ ma’niste beriw) ha’m t.b. usi’llari’n jiyi ha’m uti’mli’ paydalani’w arqali’ woqi’wshi’lardi’n’ sanasi’na sin’diredi. Buni’ shayi’rdi’n’ “Xali’q ushi’n“, “Jaqsi’raq“, “Qashan ra’ha’tlanadursan’“, “Kim aytar“ degen atamalar menen xali’q arasi’nda ken’nen tarqalg’an na’siyat qosi’qlari’ni’n’ talqi’yi’ni’ tiykari’nda ko’rip wo’ttik.

***

Qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ ko’plegen aqi’l-na’siyat qosi’qlari’nda hadal turmi’s, wo’ndirislik miynet ma’seleleri ko’teriledi ha’m wolarda Worta Aziyada ken’ tarqalg’an naqsh-bandiylik ta’limati’ni’n’ ruwxi’ sezilip turadi’. Bul ta’limatti’n’ basli’ talaplari’ ha’m negizleri Buxarada jasag’an ulli’ shayi’q Baxawatdin Naqshbandiy (1318-1389) ta’repinen islengen boli’p, son’g’i’li’qta woni’n’ sha’kirtleri ta’repinen rawajlandi’ri’ldi’. Naqshbandiylik musi’lman yellerinde ken’ tarqalg’an suwfiylik ta’limatti’n’ bir ko’rinisi boli’p yesaplanadi’.

Al naqshbandiylik ta’limati’, uli’wma suwfiylik ta’limatti’n’ basli’ sha’rtlerinen kelip shi’g’i’p, mi’naday talaplardi’ aldi’g’a qoyadi’: ha’r bir insan hadal miynet penen ku’n keshiriwi, qanaatshi’l boli’wi’, ilim-bilimge umti’li’wi’, jaqi’n-juwi’qlari’na ja’rdem qoli’n sozi’wi’, paqi’r-miskinlerge qayi’r-i’qsan yetiwi tiyis, sonday-aq wol ken’ peyil boli’wi’, retli jerinde dushpandi’ da keshire biliwi kerek. Berdaqti’n’ “Jaw bag’i’ni’p yeki qoli’n qawsi’rsa, Ko’zdi alartqannan izzet jaqsi’raq“ degen na’siyati’ usi’ naqshbandiylik ta’limati’na a’mel yetiwge shaqi’ri’q bolsa itimal.

Naqshbandiylik ideyalari’ Bahawatdin piyr ati’ menen qaraqalpaqlar arasi’nda ku’ta’ ken’ tarqalg’an ha’m hu’rmette bolg’an. Xali’q Baxawatdin piyirge ha’tteki ulli’ a’wliyelerdin’ biri si’pati’nda si’yi’ng’an, qay bir qayi’rli’ isti “piyrim Bahawatdin yar bolg’aysan’“ dep baslag’an, “Bahawatdin piyirdin’ joli’na“ dep xali’q g’a’rip-qa’serlerge sadaqalar bergen, meshit-medireselerge ja’rdemler berip, qayi’rli’, sawapli’ isler qi’lg’an.

Naqshbandiylik ta’rki du’nyashi’li’qti’ (asketizmdi) wonsha jaqti’rtpag’an. İyman tabi’w ushi’n bul du’nyani’n’ g’almag’ali’nan, mashqalasi’nan bezip ketiw sha’rt yemes dep yesaplag’an, iymanli’ boli’w ushi’n hadal miynet yetiw kerekligi birinshi wori’ng’a qoyi’lg’an.[22] Xorezm, Qaraqalpaqta ta’rki du’nya da’rwishler wonsha ko’p bolmag’an. Bul jerdegi haq joli’na basi’n baylag’an ashi’qlar (suwpi’lar yamasa muriydler) ta’rki du’nyashi’li’q yetpey-aq, bala-shag’asi’ menen birge jasap, ti’ni’msi’z miynet yetip, hadal turmi’s keshirgen, u’y xojali’g’i’ menen aylani’sqan, na’psi ba’lesi menen gu’resip, woni’ ju’wenlewge yerisken,

[22] Нақшбандия тариқати бойынша толығырақ мағлыўматлар бериледи: Комилов Н. Тасаввуф. Тошкент, “Езувчи“, qooy o0-qqe-бетлер.

piyirden (iyshannan) jol-joba, ta’lim, sabaq ali’p turg’an, wog’an sadi’q boli’p, wo’mirinshe hadal xi’zmet yetken.

Berdaqti’n’ “Qashan ra’ha’tlanadursan’?“ qosi’g’i’ndag’i’ “Talap islep tap du’nyani’, Su’tten aqdur bilsen’ ani’“, “Peylin ketip na’psin’di ashpa, Mali’m bar dep asi’p-taspa“, “İshpey-jemey maldi’ ji’ynap, Qashan rahatlandursan’**?**“ degen na’siyatlari’ xali’q arasi’nda ken’ tarqalg’an naqshbandiylik ta’limati’ni’n’ jan’g’i’ri’qlari’ bolsa kerek. Berdaq usi’ qosi’g’i’n naqshbandiylik ta’limati’n basshi’li’qqa ali’p jazg’an desek, ba’lki qa’telespeymiz. Shayi’rdi’n’ bul qosi’g’i’ni’n’ basli’ ideyasi’ ta’rki du’nyashi’li’q ideyalari’ menen u’ylespeydi, kerisinshe shayi’r miynettin’ ra’ha’tin ko’riwge, bul du’nyani’n’ i’ri’sqi’-nesiybesin, la’zzetin tati’wg’a shaqi’radi’:

Miynet penen jandi’ qi’ynap,
Ko’rmey bir ku’n qonaq si’ylap,
İshpey-jemey maldi’ ji’ynap
Qashan ra’ha’tlanadursan’?[23]

Biraq, Berdaq na’siyati’nda du’nyani’n’ la’zzetin tati’w ma’slikti yaki israpxorshi’li’qti’ an’latpaydi’, al miynet penen tabi’lg’an maldi’ na’psiqawli’q yetpey, aqi’lg’a ug’ras, insapli’li’q penen paydalani’wdi’, g’a’rip-qa’serlerge qayi’r-saqawat yetiwdi ma’sla’ha’t yetedi. Berdaqti’n’ bunday pikirleri “Tapqani’n’i’zdi’ iship-jen’ler, qayi’r-sadaqa qi’li’n’lar, biraq israpxor bolman’lar, toli’p-taspan’lar“[24] degen payg’ambar wa’siyatlari’ menen sabaqlasadi’.

Worta Aziyani’n’ ko’p g’ana shayi’rlari’ wo’z shi’g’armalari’n naqshbandiylik ta’limati’ menen suwg’ardi’. Wolardan qaraqalpaqlar arasi’nda Sharqi’y Molla ati’ menen ma’lim bolg’an Abduraxman Ja’miy (1414-1492), Diywanayi’ Ma’shrep (Babaraxim Mashrab - 1657-1711), Maqti’mquli’ (1730-1780-ji’llar shamasi’nda) ha’m t.b. ko’rnekli shayi’rlardi’ atap ko’rsetiw mu’kin.

Berdaqti’n’ a’sirese hadal miynet ma’selesin ko’teretug’i’n qosi’qlari’nda naqshbandiylik ruwxi’ ha’m hadal miynet tuwrali’ a’sirler boyi’ qa’liplesken xali’q tu’sinigi ani’q sezilip turadi’. “Miynet tu’bi - ra’ha’t“, “Yen’bek yetsen’

[23] Бердақ. 88-бет.
[24] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳодислар. 100-бет.

yemersen’“, “Alti’n wotta, adam miynette belli“, “Miyneti qatti’ bolsa, nani’ tatli’ boladi’“, “İslesen’, tisleysen’“, “Jawi’n menen jer ko’gerer, miynet penen yer ko’gerer“ degenge usag’an toli’p ati’rg’an xali’q naqi’l-maqallari’ miynetti uli’g’laydi’, woni’ adamgershiliktin’ da’slepki belgisi, hasi’l qa’siyet retinde bahalaydi’. Berdaq usi’nday mazmundag’i’ xali’q danali’g’i’n basshi’li’qqa aladi’, woni’ ruwxi’y ha’m ko’rkemlik tirek yetedi. Qala berse “Miynet yetiw - namaz-ibadat penen barabar“[25] degen payg’ambar wa’siyatlari’ da xali’q sanasi’na teren’ uyalag’an yedi. Berdaq wo’zinin’ hadal miynet, hadal turmi’s ma’selelerin ko’teretug’i’n qosi’qlari’nda usi’ payg’ambar ha’diyslerine de ruwxi’y jaqtan su’yengeni ani’q.

Shayi’rdi’n’ joqari’da atalg’an qosi’qlari’nda (“Jaqsi’raq“, “Qashan ra’ha’tlanadursan’?“ ha’m t.b.) hadal miynet tek ku’n ko’ris, tirishilik da’regi si’pati’nda yemes, al adamni’n’ insani’yli’q kelbetin belgileytug’i’n, insani’yli’q paziyletlerin ta’rbiyalaytug’i’n ku’shli moralli’q qural si’pati’nda qaraladi’. Tek miynet penen, man’lay ter menen tabi’lg’an i’ri’sqi’-nesiybe hadal ha’m tatli’.

Tu’rgelip yerteden jumi’sqa shi’g’i’p,
Qoli’n’di’ qabarti’p, belin’di bu’gip,
Dizen’di si’zlati’p, miynetin shegip,
Jegen bir zag’aran’ paldan jaqsi’raq.[26]

XIX a’sirdegi qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ qosi’qlari’ndag’i’ didaktikali’q ideyalar, woy-pikirler tek wo’z da’wiri ushi’n g’ana yemes, al bizin’ zamani’mi’zda da wo’z a’hmiyetin jog’altqan joq. Sebebi, wolar ko’tergen jaqsi’li’q ha’m jamanli’q, miyrim-sha’pa’a’t ha’m zuli’mli’q, qayi’r-sahawat, iyman-insap, a’dep-ikram ma’seleleri bizin’ ku’n-lerimizde de za’ru’rli ja’miyetlik ha’m uli’wma insani’yli’q ma’selelerden boli’p turi’pti’. Soni’n’ ushi’n da Ku’nxojani’n’, A’jiniyazdi’n’, Berdaqti’n’ aqi’l-na’siyat qosi’qlari’ bizin’ zamani’mi’zda jan’asha jan’laydi’, jan’a woy-pikirler tuwdi’radi’, woni’n’ u’stine bul qosi’qlardi’n’ joqari’ ko’rkemligi wolardi’ tu’rli da’wir si’naqlari’nan ali’p wo’tip, ha’r bir zaman talaplari’na jaramli’ yetedi.

---

[25] Муҳаммад пайғамбар қиссаси. Ҳодислар. 31-бет.

[26] Бердақ. 83-бет.

## Ashi'qli'q (muhabbat) lirikasi'

Lirikani' mazmuni' boyi'nsha aji'rati'wdi'n' ja'ne bir tu'ri i'shqi'-muhabbat yamasa ashi'qli'q qosi'qlari' boli'p yesaplanadi'. Janrli'q qa'siyetleri boyi'nsha ashi'qli'q qosi'qlari' lirikali'q qaharmanni'n' ju'rek to'rinen shi'qqan mo'ldir sezimlerdi beredi. Lirikali'q qaharmanni'n' ju'rek sezimleri insang'a ta'n ta'biyiy (ji'ni'si'y) i'shqi'ni'n' tiykari'nda payda boladi' ha'm wolar si'rtqi' du'nyawiy ta'sirlerdin' na'tiyjesinde etikali'q qa'siyetlerdi, yag'ni'y ja'miyetlik ta'rtiplerdin', u'rp-a'detlerdin', insani'yli'q normalardi'n' ta'siri na'tiyjesinde, sonday-aq du'nyani' ko'rkem tani'wdi'n' na'tiyjesinde estetikali'q qa'siyetlerdi iyeleydi. Ashi'qli'q qosi'qlari'nda lirikali'q qaharmandi' adamg'a ta'n hasi'l qa'siyet bolg'an shi'n kewilden su'yiw sezimleri biyleydi, wol usi' sezimler qursawi'nda boladi'. A'debiyattani'w iliminde muhabbat qosi'qlari'n intim lirikag'a jatqaradi'. Bul termin lati'n tilindegi **intimus** so'zinen ali'ng'an boli'p, so'zlik ma'nisi boyi'nsha ku'ta' teren', ku'ta' ishki degendi bildiredi. İntim lirika lirikali'q qaharmanni'n' ju'regin awi'rti'p shi'qqan sezimlerin, jeke wo'zinin' da'rtlerin, ahi'w-zari'n beredi. Muhabbat sezimleri de jeke da'rtlerge jatadi'. Qaraqalpaq a'debiyattani'w ilimindegi ayi'ri'm miynetlerde intim lirikani' "pinhani' lirika" dep ju'ritedi.[27] ("Pinhani'" ishki si'r, ju'rek si'ri' degendi an'latadi').

XIV-XVIII a'sirlerdegi qaraqalpaq ji'raw-shayi'rlari'ni'n' (Si'pi'ra ji'raw, Asan qayg'i', Dospambet, Jiyen ji'raw ha'm t.b.) poeziyasi'nda muhabbat ji'rlari' ko'rinbeydi. Sebebi ji'raw-shayi'rlar uri'wli'q-patriarxalli'q du'zimde jasap, tiykari'nan epikali'q janrda qaharmanli'q ha'm didaktikali'q temalardi' sa'wlelendirgen. A'debiyat tariyxi'nan belgili bolg'ani'nday uri'wli'q-patriarxalli'q da'wirde, muhabbat temasi' ja'miyetlik a'hmiyetke iye bola almaydi'. Bul da'wirde ji'raw-shayi'rlar avtorli'q wo'zlikti toli'q men'gere almaydi', wolarda yele de ja'ma'a'tlik (kollektivlik) pikirlew basi'm keledi. Al shi'n ma'nisinde lirikali'q shi'g'armalar, soni'n' ishinde muhabbat qosi'qlari' ja'miyette adam jeke wo'zligin toli'q an'lag'an waqi'tta g'ana payda boladi'. Bul

[27] Ахметов С. ҳәм басқалар. Әдебияттаныў терминлеринин орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. Нөкис, "Билим", qoor, iy-бет; Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Нөкис, "Билим", qooi, qq-бет.

processti biz usi’ monografiyani’n’ birinshi bo’liminde qaraqalpaq ji’raw-shayi’rlari’ poeziyasi’ mi’sali’nda qarap wo’ttik.

Lirikani’n’ janrli’q talaplari’na toli’q juwap beretug’i’n muhabbat qosi’qlari’ da’slepki ma’rtebe tek XIX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda, ani’g’i’raq aytsaq A’jiniyaz do’retiwshiliginde ko’rinedi, wolar wo’z aldi’na janr boli’p qa’liplesedi ha’m pu’tin bir filosofiyali’q koncepciya da’rejesine ko’teriledi. Biraq A’jiniyazdi’n’ ko’pshilik ashi’qli’q qosi’qlari’nda du’nyawiy (jigit penen qi’z arasi’ndag’i’) muhabbat yemes, **ila’hiy muhabbat (haq i’shqi’si’)** ji’rlanadi’. Bul musi’lman yellerinde ken’ tarqalg’an sufiylik ta’limat penen ti’g’i’z baylani’sli’. Biz Ziywar shayi’rdi’n’ muhabbat qosi’qlari’n suwfiylik ilimi ha’m suwfiylik poeziyani’n’ ideyali’q mazmuni’, ko’rkemlik ni’zamlari’ tiykari’nda qarasaq g’ana ko’p na’rseler ayan boladi’, a’jayi’p bir du’nya ashi’ladi’. Shi’g’i’s a’debiyati’ni’n’ u’lken bilimdani’ ha’m izertlewshisi E.E.Ber-tels musi’lman shayi’rlari’ni’n’ tasawwi’f ilimine qatnasi’ tuwrali’ to’mendegishe pikir aytadi’: “Suwfiylik a’debiyatti’ u’yrenbey turi’p, worta a’sirlik musi’lman Shi’g’i’si’ni’n’ ma’deniy turmi’si’n duri’s tu’siniw mu’mkin yemes. Woni’n’ klassikleri ko’p g’ana Shi’g’i’s xali’qlari’ a’debiyatlari’na tap XX a’sirdin’ baslari’na shekem ta’sir yetip keldi. Bul jag’day suwfiylik a’debiyatqa u’lken itibar menen qarawdi’ talap yetedi, qala berse musi’lman Shi’g’i’si’ni’n’ avtorlari’nan biren’-saran’i’ bolmasa, qalg’anlari’ni’n’ ha’mmesi suwfiylik penen baylani’sli’, demek sufizm a’debiyati’n bilmey turi’p, wolardi’ tu’siniw mu’mkin yemes“.[28]

Bul pikir A’jiniyaz shayi’rg’a da toli’g’i’ menen tiyisli, sebebi A’jiniyaz - musi’lman Shi’g’i’si’ shayi’rlari’ni’n’ iri wa’killerinin’ biri.

Suwfiylik yaki tasawwi’f poeziyasi’, woni’n’ ideyali’q, ko’rkemlik wo’zgeshelikleri ha’m uli’wma suwfiylik ilimi tuwrali’ biraz belgili ali’mlar izertlew jumi’slari’n jazg’an,[29] wolar ilim ja’miyetshiligine ken’nen ma’lim. Sonday-aq qaraqalpaq ali’mlari’ni’n’ ishinde de bul ma’seleni wo’z miynetlerinde

[28] Бертельс Е.Э. Суфизм и суфийская литература. Москва, “Наука“, qoyt, c. tr.

[29] Бертельс Е.Э. Суфизм и суфийская литература, qoyt; Фильштинский И.М. История арабской литературы. Москва, “Наука“, qooq, c.equ-402; Арипов М. Гуманизм Алишера Навои. Ташкент, 1991;Ҳаққулов И. Тассавуф ва щеърият. Тошкент, qooq; Ҳаққулов И. Аҳмад Яссавий. -Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент, 1991, 5-r0-бетлер; Комилов Н. Тасаввуф. Тошкент, 1996.

azi'-kem qi'sqasha qozg'ap wo'tkenleri bar. Wolar sufiyliktin' Xorezm, Qaraqalpaqstandag'i' tarali'wi'n, woni'n' da'rekleri haqqi'nda qi'sqasha so'z yetedi.[30] Sonli'qtan biz suwfiylik ilimi tuwrali' ken' so'z yetip woti'rmastan, woni'n' basli' belgilerin si'patlap wo'temiz.

Suwfiylik ta'limati' islam dininin' ishindegi u'lken bir ag'i'm boli'p yesaplanadi'. Woni'n' wortag'a qoyg'an basli' ma'selesi - adam ha'm woni'n' Allataalag'a mu'na'sibeti. Suwfiylik jolg'a tu'skenlerdin' bas maqseti - ruwxi'y ha'm jismaniy tazalni'w, pa'kleniw arqali', ruwx penen deneni bir birine sa'ykeslendiriw arqali' ka'mil insan da'rejesine ko'teriliw ha'm yen' son'i'nda yeger nesip bolsa, Allataalani'n' (haqti'n') diydari'n ko'rmekke mina'sip bolmaq. Woni'n' ushi'n haq diydari'na shi'n ashi'q bolmaq kerek. Allataalag'a muhabbat suwfiydi ha'r qi'yli' gu'na', kemshiliklerden, na'psi, menmenlik ha'm t.b. jaman qa'siyetlerden qutqaradi'. Suwfiylik joli'na tu'sip, ashi'q bolg'an bende ma'nzilge jetiw ushi'n to'rt basqi'shti' basi'p wo'tedi. Birinshi basqi'sh **shariat** dep ataladi'. Bul basqi'shta suwfiylar hadal menen haramdi', jaqsi'-li'q penen jamanli'qti', miyrim-sha'pa'a't ha'm zuli'mli'qti' ayi'radi', bir so'z benen aytqanda shariat ni'zamlari'na boysi'nadi', taqi'wa musi'lman boladi'. Yekinshi basqi'sh - **tariyxat**. Bug'an wo'tiw ushi'n shariat basqi'shlari'ni'n' barli'q talaplari'n wori'nlap, ag'la musi'lman da'rejesine ko'teriliw kerek. Suwfiy (haq diydari'na ashi'q bolg'an musi'lman) ruwhi'y ka'malatqa yerisiwi kerek. Ka'mil piyirdi murshid yamasa shayi'q dep ju'ritedi, al xali'q arasi'nda woni' iyshan dep ataydi'. Piyirge muriyd bolg'an yaki xali'q tili menen aytqanda suwpi' bolg'an musi'lman wo'zin u'lken ha'm mashaqatli' gu'reske saladi'. Wol na'psi ba'leleri bolg'an uyqi', awqat, bayli'qqa ha'wes boli'w ha'm basqa da pa's qi'li'qlar menen gu'reske tu'sip, wolardi' ju'wenleydi, ila'hiyat iliminin' si'rlari'n iyelep, tu'nlerdi qudag'a ibadat yetiw menen sergek boli'p wo'tkeredi. Bul mashaqatli' joldi' tabi'sli' wo'tkenler u'shinshi basqi'sh **mag'ripatqa** ko'teriledi. Mag'ripatta suwfiylar hadal menen haramdi', jaqsi'li'q penen jamanli'qti', miyrim-sha'pa'a't

[30] Ҳамидов Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. Нөкис, "Билим", qooq, у0-67 бетлер; Ҳамидов Ҳ. Тасаўўыф (суфизм) туўралы мағлыўматлардан. "ӨзРИАҚҚБ Хабаршысы", Nt, w00q, io-o0-бетлер. Идрисов А. Қарақалпақстандағы суфизм тарийхы бойынша еки дәрек ҳаққында. "ӨзР ҚҚ бөлиминиң Хабаршысы", Nt, w000, tu-ti-бетлер.

penen zuli’mli’qti’  aqi’les penen yemes, al kewil menen, ju’rek sezimleri menen (instinkt penen) an’lawi’ tiyis. Sonday-aq usi’ basqi’shta suwfiylar qudani’n’ shi’n ma’nisin an’laydi’, yag’ni’y wolar pu’tkil a’lemnin’ Allataalag’a mujassamlang’ani’n, yag’ni’y ba’rshe a’lem qudani’n’ emanaciyasi’ (sa’wlesi) yekenin tu’sinip jetedi. To’rtinshi basqi’sh **haqi’yqat** dep ataladi’. Wog’an yerisken suwfiy ruwxi’y rawajlani’wdi’n’ joqarg’i’ shi’n’i’na yerisedi ha’m bende si’pati’nda wo’z rawajlani’wi’n juwmaqlap, ruwxi’y ka’malatqa jetisedi. Haqi’yqat basqi’shi’nda bende (suwfiy) wo’zligin jog’alti’p, haqqa (qudag’a) qosi’li’p ketedi, woni’n’ diydari’na mina’sip boladi’. Bul - suwfiylardi’n’ (ashi’qlardi’n’) a’rmani’ni’n’ yen’ joqarg’i’ shi’n’i’.

Suwfiyliktin’ basli’ sha’rtlerinin’ biri - bul joqari’da aytqani’mi’zday haq diydari’na yerisiw, wog’an yessiz ashi’q boli’w, haq diydari’n ko’rermen be degen u’mit penen jasaw, woni’ ha’mme jerde izlep ju’riw, suwfiy shayi’r Xoja Ahmad Yassawiydin’ hikmetlerindegi:

Bihamdullah, diydor izlab ado bwldim,
Biru borim, diydaringni kwrarmanmuW[31]
degen nalasi’ yamasa Ma’shireptin’:
Kwrsat yuzingni, wlarman, menda toqat qalmadi,
Mehribonim qaydasan’, jonda rohat qolmadi.[32] -

dep baslanatug’i’n muhammesinin’ ahi’w-zari’ haq diydari’na ashi’q bolg’an suwfiydin’ ruwxiy halatlari’n ustali’q penen beredi.

Tasawwi’f ta’limati’ i’shqi’-muhabbatti’ bir neshe tu’rlerge bo’ledi, biraq woni’n’ yeki tu’ri haqqi’ndag’i’ tu’sinik ken’irek tarqalg’an. Wolardi’n’ birinshisi - du’nyawiy i’shqi’ yamasa jismaniy (ji’ni’si’y) i’shqi’. Bul ba’rshe a’jelli bendelerge ta’n bolg’an, hayal menen yerkek arasi’ndag’i’ ji’ni’si’y sezimlerge tiykarlang’an “awam“ i’shqi’. (Awam - ha’mme, ko’pshilik). Yekinshisi - haq i’shqi’si’. Bul nag’i’z ruwxi’y muhabbat. Bul i’shqi’g’a sazi’war bolg’an musi’lman wo’zinin’ ju’rek muhabbati’n Allataalag’a bag’i’shlaydi’, wog’an shi’n ashi’q boladi’. Haq i’shqi’si’na bas qoyg’an bende bul wo’tkinshi du’nyani’n’

[31] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент, 1991, 68-бет.
[32] Бобораҳим Машраб. Меҳрибоним қайдасан. Тошкент, 1990, 282-бет.

qi’zi’g’i’nan bezedi, sebebi wol- yalg’anshi’, paniy. Wol i’shqi’ joli’nda azap-aqi’retlerge, ja’biriw-japalarg’a giriptar bolsa da, wolarg’a ko’nedi, yar joli’na yag’ni’y quda joli’na wo’z wo’mirin bag’i’sh yetedi. Ziywar shayi’rdi’n’ “Yar dep wo’mirim ada boldi’“ degen so’zlerinin’ ma’nisi de usi’nda.

Suwfiylik joli’n tutqan ko’p g’ana ashi’qlar haq i’shqi’si’nda ku’yip jang’an. Shayi’q Najimatdin Kubra (1145-1221), Shibli-ashi’q (Abu Bakr ash-Shibli - 861-945), Xoja Ahmad Yassawiy (1105-1166), Ha’kim Ata (Sulayman Baqi’rg’ani’y, XII a’sir), Suwfi’ Allahiyar (XVII a’sir), Diywanayi’ Mashrep (Babarahim Mashrab - 1657-1711) ha’m t.b. haq diydari’na ashi’q boli’p wo’tken, wo’mirlerin haq i’sh-qi’si’na bag’i’sh yetken ulli’ shayi’qlar. Suwfiylik ta’limatti’ wo’zine sin’irgen ko’p g’ana parsi’-ta’jik ha’m tu’rkiy shayi’rlar haq i’shqi’si’n wo’mir boyi’ ji’rlap wo’tken. Wolardan bir qatari’ (Ahmad Yassawiy, Sulayman Baqi’rg’ani’y, Suwfi’ Allahiyar) haq i’shqi’si’n tuwra ma’niste, yag’ni’y tikkeley qudani’n’ wo’z ati’ menen ji’rladi’.

Mi’sali’:

Woshiqlarni yetti kwkka yetar wohi,
Wollah desa yaksan bwlur har gunohi.
Woshiqlarni kwp kuydirgan haq diydori,
Woning uchun tinmay yig’lab qilur zori.[33]

Al yekinshileri bolsa quda i’shqi’si’n du’nyawiy tu’sinikler ha’m obrazlar arqali’ ti’msallap berdi. Jamiy, Nawayi’, Ma’shrep ha’m t.b. shayi’rlar quda i’shqi’si’n hayalg’a bolg’an du’nyawiy i’shqi’ tu’rinde astarlap beredi.

Allataalag’a bolg’an i’shqi’-muhabbatti’ ti’msali’y ha’m ra’mziy obrazlar menen tu’rlendirip beriw worta a’sirlik arab, parsi’-ta’jik, tu’rkiy (eski wo’zbek) poeziyasi’nda ken’ tarqalg’an a’debiy da’stu’r bolg’an. Shayi’rlar go’zzal hayal su’wretine tabi’ni’p, sol arqali’ qudag’a bolg’an muhabbati’n, yar sag’i’ni’shi’ arqali’ Allataalag’a bolg’an sheksiz i’qlasi’n bildire bergen. Mi’sali’:

Qachon kwrarmon yerim yuzini,
Qalom qoshini, shahlo kwzini.[34]

---

[33] Ахмад Яссавий. Ҳикматлар. Тошкент, 1991, 178-бет.

Bul jerde suwfiy shayi’r Ma’shrep yar sag’i’ni’shi’n ji’rlaw arqali’ haqqa bolg’an sheksiz i’qlasi’n bildiredi.

Suwfiylik poeziyasi’ndag’i’ bul a’debiy qubi’li’s ali’mlar

ta’repinen ha’r qi’yli’ ji’llari’ qashshan-aq ayti’lg’an yedi.[35]

İslamni’n’ suwfiylik ag’i’mi’ XIX a’sirdegi qaraqalpaqlar arasi’nda da ken’ tarqalg’an ilim boldi’. Buxara, Xiywa, İran, Jaqi’n Shi’g’i’s medreselerinde woqi’p, teren’ bilim ali’p qaytqan qaraqalpaq woqi’mi’sli’lari’ musi’lman ilimine tiykarlang’an wo’zlerinin’ mekteplerin, medreselerin, suwfiylik ja’miyetlerin du’zdi. XIX a’sirde ha’zirgi Qaraqalpaqstan aymag’i’nda itibarli’ 15 medrese islep turg’an.[36] Al qaraqalpaqlardi’n’ bilimlendiriw tariyxi’ menen shug’i’llani’p ju’rgen tariyxshi’lardi’n’ arxivlik hu’jjetlerge su’yenip keltirgen mag’li’wmatlari’nda 1895-ji’lg’a Tu’rkstan guberniyasi’ni’n’ A’miwda’rya bo’liminde (demek, A’miwda’rya jag’ali’g’i’nda) irili-kishili 60 qa jaqi’n medreseler islep turg’ani’ ayti’ladi’.[37] Wolardi’n’ ishinde Shi’mbay aymag’i’ndag’i’ Qaraqum iyshan, Ayi’mbet iyshan, Xalqabadtag’i’ Qum wo’zek iyshan (İyshan qala), Qon’i’rattag’i’ Asamatdin iyshan medreseleri tali’p-ilim mollalari’, ka’mil piyirler da’rejesine yerisken mu’rshiydler (iyshanlari’), haq joli’na basi’n tikken mu’riydleri (suwpi’lari’) menen dan’qi’ shi’qqan diniy ha’m bilim woraylari’ boldi’. Ziywar shayi’rdi’n’:

Begler ta’riyp yetsem qalpaq yurti’ni’,<br>
Xup a’jep tamasha yelleri bardur.<br>
Arif boli’p haq yoli’na yerishken,<br>
Mu’rshidu mukammal pirleri bardur.[38] -

dep maqtani’sh penen jazi’lg’an qatarlari’ asi’ra siltewshilik yemes, al qaraqalpaqlar arasi’nda ilim-bilimnin’ abi’rayi’n, woni’n’ da’rejesin ani’q ko’rsetedi. A’jiniyaz do’retiwshiliginde islam dini aqi’ydalari’-na, shariat

---

[34] Бобораҳим Машраб. Меҳрибоним қайдасан. Тошкент, 1990, 268-бет.

[35] Бертельс Е.Э. Суфизм и суфийская литература. Москва, “Наука“, qoyt, с. y0-65; Фильштинский И.М. История арабской литературы. Москва, “Наука“, 1991, с. 392; Арипов М. Гуманизм Алишера Навои. Ташкент, 1991, 95, 98-q0t~ Насиров О., Жамалов С., Зиевутдинов М. Ўзбек классик шеърияти жанрлари. Тошкент, 1979, 92-oe-бетлер.

[36] Әлеўов Ө. Қрақалпақстанда тәлим-тәрбиялық ойлардың қәлиплесиўи ҳәм раўаж-ланыўы. Нөкис, “Билим“, qooe, woe-бет.

[37] Қарлыбаев М. Қарақалпақстандағы мешит-медреселер. “Еркин Қарақалпақстан“, we-январь, 1996-жыл.

[38] Әжинияз. Нөкис, 1975, 60-бет.

ta’rtiplerine su’yengeni, islam filosofiyasi’n metodo-logiyali’q tiykar yetip alg’ani’ dawsi’z. Soni’n’ ishinde tasawwi’f (suwfiylik) iliminin’ basli’ ideyalari’n wo’zinin’ shi’g’armalari’na arqaw yetip alg’ani’ ani’q. Wol wo’z shi’g’armalari’nda shariat ta’rtiplerin, musi’lmanshi’li’qti’n’ pari’zlari’n, uli’wma insaniyli’q, hu’jdan, ar-nami’s, ruwxi’y pa’klik ma’selelerine ti’g’i’z baylani’sti’ri’p sa’wlelendiredi. Bul woni’n’ filosofiyali’q, didaktikali’q qosi’qlari’n-da ken’ sa’wlelengen. Soni’n’ menen birge A’jiniyaz wo’z lirikasi’nda pa’k hu’jdanli’, iymang’a bay **ka’mil insan ideyasi’n** basli’ wori’ng’a qoyadi’. Ka’mil insan da’rejesine tek g’ana sadi’q muhabbat joli’ menen yerisiw mu’mkin, yag’ni’y pa’klikke, hadalli’qqa, sadi’qli’qqa, ruwxi’y bayli’qqa umti’li’w g’ana adamdi’ jetilistiredi, ruwxi’y ma’nzilge (haq diydari’na) jaqi’nlasti’radi’. Biraq, bul joldi’n’ wo’z aldi’na azaplari’, qi’yi’n-shi’li’qlari’ bar. Haq joli’n tan’lag’an insan wo’mir boyi’ ashi’q boli’p wo’tiwi kerek. Shi’n ashi’qli’q, sadi’q muhabbat adamni’n’ kewlin tazartadi’, ha’r qi’yli’ pa’s qi’li’qlar menen qa’siyetlerden qutqaradi’, ruwxi’n ko’terip, ku’shli, shi’damli’ yetedi, Allataalag’a beyim yetedi. Demek, **ashi’qli’q - adamni’n’ ruwxi’y rawajlani’wi’ni’n’ bir joli’.** Mine, usi’ ideyalardi’ beriw ushi’n A’jiniyaz i’shqi’ - muhabbat temasi’n tan’lap aladi’, woni’ puqta ha’m teren’ iyelep, wo’z aldi’na a’debiy janr da’rejesine jetkeredi, pu’tin bir koncepciyag’a aylandi’radi’.

Ziywar shayi’rdi’n’ “A’y na’za’limler“, “Go’zzallar“, “Bir janan“, “Bir pa’riy“, “Sa’wdigim“ qosi’qlari’ XIX a’sirdegi qaraqalpaq poeziyasi’nda pinhani’ lirikani’n’ (intim lirikani’n’) a’jayi’p u’lgileri boli’p yesaplanadi’. Pinhani’ lirikani’n’ ta’rtipleri du’nya a’debiyati’ boyi’nsha birdey. Wonda lirikali’q qaharmanni’n’ ju’rek to’rinde jati’rg’an na’zik sezimleri ko’rinedi, wol wo’z ju’regi menen wo’zi so’ylesedi, wo’zinin’ ruwxi’y keshirmelerin, da’rtlerin, halatlari’n bayan yetedi. Soni’n’ ushi’n da du’nya shayi’rlari’ i’shqi’-muhabbat sezimlerin ji’rlag’anda pinhani’ (intim) lirikag’a ju’ginedi, woni’n’ janrli’q mu’mkinshiliklerin iske saladi’.

A’jiniyazdi’n’ joqari’da atalg’an qosi’qlari’nda ashi’qli’q sawdasi’ ji’rlanadi’, yar da’rtine muptala bolg’an, yar joli’na qa’dem qoyg’an insanni’n’

lirikali’q obrazi’ jarati’ladi’, yarg’a i’nti’q bolg’an ashi’q ju’regindegi da’rtli sezimler joqari’ ko’rkemlik penen beriledi ha’m woqi’wshi’ ju’regin biyi’qti’yar jawlap aladi’. Biraq A’jiniyazdi’n’ ashi’qli’q lirikasi’n tek du’nyawiy obrazlar shegerasi’nda talqi’yi’n yetiw jetkiliksiz yekeni joqari’da ayti’ldi’. Ha’zirgi zaman a’debiy talg’ami’ menen ta’rbiyalang’an bizler A’jiniyazdi’n’ muhabbat lirikasi’n tek xatqa tu’sken hali’nda tu’sinip keldik. Bizler woni’n’ qosi’qlari’ndag’i’ ayi’ri’m ja’rdemshi syujetlerge su’yenip ha’m lirikali’q qaharmanni’n’ yar joli’na bas qoyg’an jag’dayi’na qarap shayi’r rastan da bir suli’w qi’zg’a yessiz ashi’q bolg’an, woni’ uzaq ji’llar izlegen, barg’an jerlerinde sorasti’ri’p ju’rgen dep tu’sinip keldik. Mi’sali’ shayi’rdi’n’ “Shi’qti’ jan″ redifli muxammesinde (besliginde) su’yiklisin izlep du’nyani’ gezgen lirikali’q qaharmanni’n’ obrazi’ ko’rinedi. Usi’nday shi’g’armalarg’a qarap A’jiniyaz alatug’i’n qi’zi’n joyi’ti’p, woni’ qazaq, wori’s, nog’ay (tatar), yestek (bashqurt) yelleri arasi’na bari’p ta izlegen degen natuwri’ pikir qa’liplesken.[39]

A’jiniyazdi’n’ qazaq arasi’na qayta-qayta bari’wi’ni’n’ qi’z izlewden go’re salmaqli’raq sebepleri bar. Wolar Worta Aziyadag’i’ tariyxi’y jag’daylar menen baylani’sli’. XIX a’sirdin’ wortalari’nda yeki u’lken imperiya Ulli’britaniya ha’m Rossiya du’nyani’n’ ekonomikali’q rawajlani’wdan artta qalg’an yellerin wo’z ara bo’lisip ali’w, yen’ bolmasa wolarg’a ta’sir jasaw siyasati’n ju’rgizip jiberdi. Rossiyani’n’ jen’iliwi menen tamamlang’an u’lken Qi’ri’m uri’si’ (1853-1856) usi’ tiykarda kelip shi’qti’. Worta Aziya regioni’, mine, usi’ yeki imperiyani’n’ koloniyalli’q ishteyin wo’zinin’ shiyki zatqa bay resurslari’ menen mudami’ qozdi’ri’p ju’r yedi. Yeki imperiya da wo’zlerinin’ Worta Aziyadag’i’ timiskeleniwlerin baslap jiberdi. Bul jag’daydi’ tariyx ilimi to’mendegishe da’lilleydi: “XIX a’sirdin’ wortalari’nda Xiywani’n’ Tu’rkiya menen, wol arqali’ Angliya menen baylani’si’ Qi’ri’m uri’si’ waqti’nda ku’sheydi. Angliya ha’kimlerinin’ qollap-quwatlawi’ jag’dayi’nda Worta Aziya xanli’qlari’na jergilikli basqari’wshi’lardi’n’ britan ekspansionistlerinin’ ma’tibiyliginde Tu’rkiya sultani’ menen baylani’si’n jaqsi’law ushi’n Tu’rkiya yelshileri jiberildi.

---

39 Муртазаев А. Шайырдың муҳаббаты. Нөкис, “Қарақалпақстан“, qoii, ww-wr-бетлер; Мәмбетов К. Әжинияз. Нөкис, “Билим“, qoor, ww-we-бетлер.

Worta Aziya xanli'qlari' da wo'z yelshilerin Tu'rkiyag'a jiberdi. 1853-1854-ji'llari' Muxammed A'min xan (Xiywa xani'-Q.J.) wo'z wa'killerin bir neshe ret Konstantinopolg'a jiberdi.

Usi' ji'llari' Xiywa xani' anglichanlardi'n' ha'm tu'rklerdin' ko'rsetpesi boyi'nsha qazaq dalasi'na wo'z agentleri-mollalar arqali' wori'slarg'a qarsi' agitaciyani' aktivlestiredi".[40] Faktlardan ko'rinip turg'ani'nday Xiywa musi'lman Tu'rkiya arqali' Angliyag'a beyimirek bolg'an. Sonli'qtan wol wori's ta'sirinen saqlani'wg'a ko'birek ha'reket yetken. Soni'n' ushi'n qon'si'las yellerde, atap aytqanda qazaqlar arasi'nda wori'slarg'a qarsi' keyiplerdi tarqati'w ushi'n din-islamdi' u'gitlew si'ltawi' menen xan medresesinde ha'm basqa medreselerde woqi'g'an tali'p-ilim ko'plegen mollalardi', soni'n' ishinde qaraqalpaq mollalari'n Xiywa xani' qazaq arasi'na turaqli' tu'rde jiberip turdi'.

Usi' mollalardi'n' arasi'nda xan medresesin pitkergen qa'nige si'pati'nda A'jiniyaz da bolg'an. Bul tuwrali' woni'n' "Shi'qti' jan", "Salam degeysen'", "Yeldi ko'rer ku'n bar ma yeken**?**", "Molla Yerime", "Qal imdi", "G'am yema", ha'm t.b. qosi'qlari' gu'wali'q beredi. Demek, A'jiniyaz qazaq dalasi'na qi'z qi'di'ri'p yemes, al pu'tkilley basqa maqsetler menen barg'an.

Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminin' sag'asi'nda turg'an, ko'p faktlardi' biletug'i'n ko'rnekli ali'm N.Da'wqaraev A'jiniyazdi'n' jat yellerge bari'p qi'z izlegeni tuwrali' u'zil-kesil pikir aytpaydi', wol shayi'rdi'n' "Shi'qti' jan" qosi'g'i'n qi'z izlew menen baylani'sti'r-maydi'. Atalg'an qosi'qti' N.Da'wqaraev shayi'r A'jiniyaz ko'p yel-xali'qti' aralag'an, ko'p jerlerdi ko'rgen, sayaxatshi' bolg'an degen ma'niste tu'sindiredi.[41]

Wolay bolsa, Ziywar shayi'rdi'n' "Shi'qti' jan" ha'm wonnan basqa da yar sawdasi' menen baylani'sli' bolg'an biraz shi'g'armalari'n qi'z izlew yaki tiri g'ayi'p boli'p ketken qali'n'li'g'i'n izlew motivi tiykari'nda yemes, al pu'tkilley basqasha talqi'yi'n yetiw kerek. Wolardi' uli'wma Worta a'sirlik musi'lman a'debiyati' ruwxi', woni'n' ideyali'q, janrli'q wo'zgeshelikleri, da'stu'rleri

[40] Қарақалпақстан АССР тарийхы. Әййемги заманнан бизиң күнлеримизге дейин. Нөкис,"Қарақалпақстан", qoio, qqr-б

[41] Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 3-том. Нөкис, "Қарақалпақстан", qouo, uw-бет.

tiykari’nda talqi’yi’n yetiw talap yetiledi. A’jiniyaz usi’ musi’lman a’debiyati’ni’n’ suwfiylik (tasawwi’f) ag’i’mi’ni’n’ ideyali’q, ko’rkemlik si’rlari’n, woni’n’ ko’p sanli’ a’debiy-filosofiyali’q terminlerin teren’ iyelegen shayi’r. A’jiniyaz wo’zinin’ ko’p g’ana qosi’qlari’n, soni’n’ ishinde “Shi’qti’ jan“ qosi’g’i’n suwfiylik a’debiyatti’n’ ta’rtipleri boyi’nsha jazg’an.

Suwfiylik poeziyani’n’ ken’ tarqalg’an qa’siyetlerinin’ biri mi’nadan ibarat: shi’g’armani’n’ si’rt ko’rinisine, syujetlik jelisine qarap a’piwayi’ logika (jo’n tu’sinik) penen talqi’yi’n yete beriwge bolmaydi’, wol ko’binese natuwri’ juwmaqlar beriwi mu’mkin. Sebebi, worta a’sirlik talantli’ shayi’rlar wo’z qosi’qlari’n, soni’n’ ishinde ashi’qli’q temasi’ndag’i’ g’a’zzellerin ti’msali’y (allegoriyali’q) ha’m ra’mziy (simvolikali’q) usi’llar, obrazlar menen jazg’an. “Yeger de usi’ obrazlardi’ tuwra ma’nisinde tu’sinetug’i’n bolsaq, wonda wolardi’ shayi’rdi’n’ woy-pikirinin’ sayi’zli’g’i’ ... dep moyi’nlawg’a tuwra keledi. Biraq suwfiylik poeziyasi’nda jag’day basqasha. Wonda obraz biyg’a’rez, wo’z aldi’na bir bo’lek ma’niske iye bolmaydi’. Suwfiylik poeziyasi’nda obraz shi’g’armani’n’ shi’n filosofiyali’q ma’nisin jasi’ri’p turatug’i’n ni’qap boli’p xi’zmet yetedi“.[42] Joqari’da atalg’an “Shi’qti’ jan“ muxammesindegi lirikali’q qaharmanni’n’ “mahbubasi’“ shayi’rdi’n’ u’ylenbekshi boli’p izlep ju’rgen qi’zi’ yemes, al wol ti’msali’y obraz. Suwfiylik poeziyani’n’ si’rlari’na muwapi’q shayi’r ko’pshilik jag’daylarda “go’zzal janan“, “mahbuba“, “hu’r qi’zi’“, “pa’riy“ obrazlari’ arqali’ lirikali’q qaharman talap yetip izlep ju’rgen “haq“ (quda) tu’sinigin beredi. Lirikali’q qaharman woni’ wo’mir boyi’ izleydi. Su’yikli yari’n, mahbubasi’n (haqti’) yel qoymay, jer qoymay izlep zari’-giryan bolg’an shi’n ashi’q obrazi’ A’jiniyaz u’lgi alg’an worta a’sirlik arab, parsi’-ta’jik, tu’rkiy a’debiyatlari’nda wog’ada ko’p ushi’rasadi’. Bir-bir mi’sal keltirsek, bul pikir yele de ayqi’nlasadi’:

Ta’kiye a’ylep wol xali’qi’w a’lamdi’ men yettim sapar,
Tapmadi’m **mahbubi’mdi’** gezip jahandi’ hesh xabar,
Sharq uri’p gezip jahandi’, juti’wban qani’w-za’ha’r,
Ko’zime uyqi’ almayi’n, zar ag’laban shami’w-sa’ha’r,

[42] Бертельс Е.Э. Суфизм и суфийская литература. с. 109,

Aq dariyg’a, waq dariyg’, mi’n’ sani’ a’rman shi’qti’ jan.[43]

A’jiniyaz “Shi’qti’ jan“.

“Shi’qti’ jan“ muxammesin A’jiniyaz wo’zinin’ dosti’ bol-g’an molla Yerimge qazaq dalasi’nda ju’rip xat (nama) retinde jazg’an. (“Molla Yerim, sen woqi’g’i’l ashi’pki Ziywar da’pterin“, ... Ko’p sa’lam mendin biradar, ashnayi’w duw jahan“). Demek, woni’n’ woqi’wshi’si’ tasawwi’f ilimin biletug’i’n ulama kisi. Sonli’qtan A’jiniyaz lirikali’q qaharmanni’n’ basi’ndag’i’ ashi’qli’q sawdasi’n tasawwi’f iliminin’ tu’sinikleri menen bayanlaydi’. Muxammeste lirikali’q qaharman qudag’a ta’wekel yetip yar joli’nda, yag’ni’y ka’mil insan boli’p, haq diydari’na mina’sip boli’w joli’nda sapar shekkenin, biraq ja’ha’ndi gezip, qan, za’ha’r jutsa da, tu’nlerde uyi’qlamay, zar ji’lap qudag’a ibadat qi’li’p wo’tkerse de (“Ko’zime uyqi’ almayi’n, zar ag’laban shami’w-sa’ha’r“) mahbubasi’n - su’yiklisin taba almay ju’rgenin (“Tapmadi’m mahbubi’mdi’ gezip jahandi’ hesh xabar“), yag’ni’y diydar (quda diydari’n) ko’riw yele nesip bolmay ju’rgenin ayti’p, mun’i’n shag’adi’, nali’sh yetedi. Lirikali’q qaharmanni’n’ usi’nday ruwxi’y jag’daylari’n sufiy shayi’r Ma’shreptin’ bir qatar shi’g’armalari’nda ko’riwge boladi’.

İzlab yururman Shamu İraqi,
Tapmadim aslo yarning suraqi,
Kuydirdi dustlar woning firaqi,
Kwrdim yuzingni alhamdilillah,
Uchradi har kim, seni suradim,
Kucha-bekucha seni qaradim,
Kechayu kundiz seni tiladim,
Kwrdim yuzingni alhamdilillah.[44]

Ko’rinip turg’ani’nday A’jiniyazdi’n’ muxammesi menen Ma’shreptin’ murabbasi’ wo’zlerinin’ temasi’ ha’m syujetlik mazmuni’ boyi’nsha bir-birine ku’ta’ jaqi’n. Yeki shi’g’armani’n’ da temasi’ - yar i’shqi’si’, sadi’q muhabbat, al ideyali’q mazmuni’ birden ko’zge taslanbaydi’, wol biraz jasi’ri’ni’p jatadi’. Bul

[43] Әжинияз. 82-бет.
[44] Бобараҳим Машраб. 271-бет.

jerde Ma’shirep ha’m A’jiniyaz worta a’sirlik Shi’g’i’s a’debiyati’ni’n’ ha’m ko’rkemlik, ha’m ideyali’q da’stu’rlerine su’yenip jazg’an. Worta a’sirlik poeziyada obrazlardi’, ideyalardi’ ti’msallap, astarli’ ma’niste beriw u’rdis bolg’anli’g’i’ joqari’da ayti’ldi’. Atalg’an yeki shayi’r da suwfiylik ta’limatti’ poeziyag’a sin’irgen, wolar wo’z shi’g’armalari’nda haq (quda) i’shqi’si’na muptala bolg’an, woni’n’ na’ma’lim, diydari’na i’nti’q bolg’an, yar jamali’n ko’rermen dep ti’ni’msi’z izlengen, azap-aqi’retler ko’rgen xas musi’lmanni’n’ obrazi’n beredi. Tasawwi’f ilimi boyi’nsha quda diydari’ na’ma’lim woni’ si’patlap bolmaydi’, wol a’tiraptag’i’ ta’biyatqa, qubi’li’slarg’a mujassamlang’an (qosi’li’p, qari’si’p ketken, emanaciya-lang’an) boladi’. Sonli’qtan suwfiy shayi’rlar haq (quda) tu’sinigin go’zzal qi’z, ma’s qi’latug’i’n na’sheli ishimliklerdin’ (ma’y, sharap, ko’knar) obrazlari’ arqali’ su’wretlegen. Haq diydari’na yerisiw ushi’n ashi’q mudami’ izleniwde bolg’an. Soni’n’ ushi’n shayi’rlar ashi’qti’ wotqa umti’lg’an pa’rwanag’a (gu’belekke), a’sel (pal) izlegen ha’rrege, sho’lde suw qi’di’rg’an ja’yrang’a ha’m t.b. megzetip su’wretlegen. Joqari’dag’i’ mi’sallarda lirikali’q qaharman wo’z mashi’g’i’n yel-jer qoymay gezip, izlep ju’rgen sayaq (sayaxatshi’) obrazi’nda ko’rinedi.

Ziywar shayi’r do’retken i’shqi’-muhabbat qosi’qlari’ tiykari’nan romantikali’q metod penen jazi’lg’an. Wolarda yar obrazi’ real turmi’stan ku’ta’ uzaq, ba’lki a’jelli bendeler arasi’nan woni’ tabi’w qi’yi’n.

Kelmes wonday dilbar yaqti’-ja’ha’ng’a,
Xu’snini megzettim hu’wri-g’ulmana,
Dishlari masallik hanji-marjana,
Bu zamanda yoqdur shunday dilbariy.[45]

Demek, lirikali’q qaharman ko’n’il qoyg’an dilbar ja’nnet qi’zi’ hu’rge megzes, wonday dilbar pany jahanda ha’m bul zamanda joq, **demek, wol dilbar du’nyawiy yemes, yag’ni’y jismaniy yemes.**

Tassawwi’f ilimi boyi’nsha ashi’q bolg’an bende wo’z mashi’g’i’ni’n’ (qudani’n’, haqti’n’) diydari’n bir ko’riwdi, woni’n’ menen qosi’li’p ketiwdi

[45] Әжинияз. 55-бет.

(emanaciyalani'wdi') wo'mir boyi' a'rman yetedi, bul jolda wol jani'n pida' yetiwge tayar:

Ha'r kim aytur an'a ha'mdam bolsam dep,
Yoli'nda jani'mdi' qurban qi'lsam dep,
Mubarek jamali'n (haqti'n'-Q.J.) ja'ne ko'rsem dep,
Taqati'm qalmadi' ko'rgennen beri.[46]

Bul jerde shayi'r romantikali'q pa'riy ha'm wog'an ashi'q bolg'an lirikali'q qaharman obrazlari' arqali' haq diydari'na ashi'q bolg'an ha'm wog'an yerisiw ushi'n (iyman tabi'w ushi'n) azap-aqi'retlerge, ruwxi'y dag'dari'slarg'a giriptar bolg'an suwfiy obrazi'n astarlap beredi.

Ti'nbas keshe-ku'ndiz ko'zim giryani',
Boli'pman men ani'n' bag'ri' biryani',
Jismimdi wo'rtedi dag'i', hijrani',
Ko'zde yashi'm to'kip ketti shul pa'riy.[47]

Ashi'q ku'ni-tu'ni ko'z jasi'n ti'nbay to'gedi, woni'n' ju'rek-bawi'ri'n, barli'q denesin hijran azabi' wo'rteydi. Degen menen ashi'q yar azabi'ni'n' ba'rine qayi'l, sebebi sol nama'lim pa'riydi wol yessiz su'yedi:

Men ani'n' i'shqi'nda boldi'm xori'-zar,
Aqli'-huwshi'm ali'p ketti shul pa'riy.[48]

Yar i'shqi'si'nda miynet ha'm azap shegiw, azi'p-tozi'w, xorli'q penen zorli'qti'n' ne bir tu'rlerine ko'nip, wolarg'a shu'kirlik yetiw suwfiylik ta'limatti'n' a'meliy talaplari'ni'n' biri. Soni'n' ushi'n da ulli' suwfiy shayi'r ha'm shayi'q Xoja Ahmad Yassawiy i'shqi'-muhabat joli'n tan'lag'an musi'lmang'a bi'layi'nsha wa'siyat yetedi:

İshq bog'ini mehnat tortib kwkartmasang,
Xorlik tortib shum nafsingni wldirmasang,
Wollah deban ichga nurni twldirmasang,
Vallah-billah senda ishqning nishoni ywq.[49]

---

[46] Әжинияз. 55-бет.
[47] Әжинияз. 55-бет.
[48] Әжинияз. 54-t t-бет.

Suwfiylik poeziyada yardi'n' waspi'n du'nyawiy obrazlar, zatlar, atamalar menen beriw da'stu'rli jollardan. “Yol bolsi'n“ qosi'g'i'nda shayi'r periyzat obrazi'n jasag'anda jergilikli qaraqalpaq woqi'wshi'si'ni'n' talg'ami'n yesapqa aladi'. Bul qosi'qtag'i' go'zzal qi'z qaslari'na su'rme shekken, zerli ruwmal tarti'p, basi'na ji'g'a shani'shqan, u'stine pashshayi' ba'shpent kiygen, qulag'i'nda alti'n si'rg'asi' mo'ldiregen, tu'rme belbewli, aq siynesinde tilla ha'ykeller dizilisken, uzi'n ko'shtin' basi'nda sa'men jorg'ani' su'rip barati'rg'an hali'nda ra'n'ba'ra'n', tu'sinikli boyawlar menen su'wretlenedi. Dizimge ali'ng'an detallardi'n' barli'g'i' derlik jergilikli a'hmiyetke iye zatlar, yag'ni'y qaraqalpaq qi'zlari'na tiyisli milliy kiyimler ha'm bezeniw zatlari'. Usi' belgilerge qarap bul shi'g'arma i'shqi'ni'n' du'nyawiy tu'rin, yag'ni'y jismaniy i'shqi'ni' ji'rlaydi' degen juwmaqqa keliw mu'mkin. Biraq joqari'da yeskertkenimizdey suwfiylik poeziyani' tuwra ma'nisinde tu'siniw duri's juwmaqlar bere bermeydi. Qosi'qti'n' keyingi ba'ntleri shi'g'armani'n' du'nyawiy i'shqi'g'a yemes, al ruwxi'y, mistikali'q i'shqi' ma'selesine arnalg'ani'n ko'rsetedi.

Ha'r so'zin'de mi'n' naz yetip wo'ltirma',
“ussa bila'n yu'ra'kimni tolturma,
Aqi'l bolsan', **raqiblara** bildirma,
Xabari'n' ber periyzadi'm yol bolsi'n.
Men **seni sa'wmisha'm yeldin yagana,**
**Adi'n'ni' qi'lmadi'm yurtqa a'shkara,**
Qoydi'n' meni ada bolmas hijrana,
Xabari'n' ber, periyzadi'm yol bolsi'n.[50]

Bul ba'ntlerde suwfiylik poeziyani'n' terminleri, sha'rtli jumbaqlari' bar. Mi'sali', “raqib“ termini isletiledi. Suwfiylik terminologiyada “raqib“ sap ruwxi'y i'shqi'g'a, haq i'shqi'si'na kesent keltiretug'i'n, ashi'qti' wo'z joli'nan shi'g'aratug'i'n shug'i'l, shaytan, a'zazu'l yamasa na'psi ba'lesi ma'nisinde tu'siniledi. Demek, “raqibler“ ruwxi'y tazalani'w, pa'kleniw joli'na kese

[49] Аҳмад Яссавий. Ҳикматлар. 78-бет.
[50] Әжинияз. 49-бет.

turatug’i’n shaytani’y isler (buzi’qli’q, na’psiqawli’q ha’m t.b. pa’s quli’qlar). Wolardan saqlani’w kerek, wolardi’ jen’iw kerek.

Keltirilgen mi’saldi’n’ yekinshi ba’ntinin’ da’slepki yeki qatari’ suwfiylik poeziyani’n’ “si’r“ (qupi’ya) sha’rti boyi’nsha quri’lg’an. Bul sha’rt boyi’nsha ashi’q wo’z i’shqi’si’n ju’reginde qupi’ya saqlawi’ lazi’m. Bul i’shqi’ shi’n ashi’q bolg’an bendenin’ qudag’a qatnasi’n bildiretug’i’n ra’mziy (simvolikali’q) belgi. Sonli’qtan Ahmad Yassawiydin’ “Zikrin tamam qilib utdim devonaga, Haqdin wzga hech swzlamay begonaga“, Ma’shireptin’ “Yurakning dardini har dwstu dushmandin nihon tuttim“ (Ishqi’mdi’ dos-dushpannan si’r tutti’m-Q.J.) yamasa Nawayi’ni’n’ “Dardini baski nihon tuttim - wlarman pinhon“ (Yeger da’rtimdi-demek i’shqi’mdi’ - si’r tutqan bolsam, si’ri’mdi’ ashpastan wo’lermen- Q.J.), sonday-aq Ziywar shayi’rdi’n’ “Men sa’ni sa’wmisha’m yeldin yagana, Adi’n’ni’ qi’lmadi’m yurtqa a’shkara“ degeninin’ ma’nisi suwfiylik iliminin’ si’r maqami’na bari’p tireledi.

Ziywar shayi’rdi’n’ i’shqi’-muhabbat temasi’na arnalg’an shi’g’armalari’ni’n’ ishinde “Bir janan“ qosi’g’i’ ayi’ri’qsha ko’rkemlik ha’m emocionalli’q ku’shke iye. Lirikani’n’ syujetlik mazmuni’ to’mendegishe: ashi’q (lirikali’q qaharman) tu’n wortada uyqi’da jati’rg’ani’nda na’ma’lim bir go’zzal woni’ a’dep-ikram menen woyati’p, ko’z aldi’nda jilwa-naz yetip turadi’ (“Ko’zime ko’runub begler bir janan, mi’n’ jilwa naz a’ylep baqti’ da ketti“). Biraq bul janan lirikali’q qaharmang’a bir ko’rinedi de, shiyrin-sheker so’zler ayti’p, sol zamati’ g’ayi’p boladi’. (“Zaman yeglenmeyin shi’qti’ da ketti“). Lirikali’q qaharman janandi’ ko’rgende aqi’l-esin jog’alti’p (“Aqli’mni’ ketirdum ko’rgen shul zaman“), wotqa tu’sedi, ju’rek-bawri’ yezilip, jani’nan u’mitin u’zedi. Bunnan son’ shayi’r shi’g’i’s poetikasi’ni’n’ ra’n’ba’ra’n’ boyawlari’ menen sol nama’lim go’zzaldi’n’ portretin si’zadi’: wol La’yli, Zuhra, Sa’nem yan’li’ a’psanawiy go’zzallarg’a usag’an, kirpigi woq, qashlari’ ka’man (jayday iyilgen), zulpi’ qara, tili shiyrin, tisleri sa’dep (merwert), qa’wmeti tuwbi’ ag’ashi’na (beyishte wo’setug’i’n, ma’n’gi jasi’l, suli’w a’psanawiy daraqqa) megzes, u’stine atlas qamqa kiygen, basi’nda tu’rme, a’linde ruwmal ha’m t.b. Lirikali’q qaharman bul

a’jayi’p ja’nandi’ ko’rgende ter boli’p ag’i’p ketedi (“Ashi’q Ziywar ani’ ko’rgen ma’ha’li, Araq saylan yetib aqti’ da ketti). Qosi’q usi’ni’n’ menen juwmaqlanadi’.

A’jiniyazdi’n’ ko’pshilik shi’g’armalari’ni’n’ ma’nisin buri’ng’i’ qa’liplesken da’stu’r boyi’nsha biz a’debiyatshi’lar xatqa tu’sken hali’nda, du’nyawiy obrazlar ha’m du’nyawiy tu’sinikler shen’berinde talqi’yi’n yetip keldik. Buni’ joqari’da aytqan yedik. Soni’n’ ishinde “Bir janan“ qosi’g’i’ da sol uranda talqi’lanadi’. Geypara a’debiyatshi’lar tu’n wortada uyi’qlap ati’rg’an jigitti qi’zdi’n’ woyatqani’ qolaysi’z dep tu’sinedi.[51] Al, yekinshileri bul jag’daydi’ basqasha tu’sindiredi: “Revolyuciyag’a shekemgi da’wirde qaraqalpaq baylari’, molla-iyshanlari’ ha’m a’meldarlari’ boy jetken qi’zlar menen ullari’na bo’lek wotaw tigip bergen ha’m wolar usi’ u’yde jasap, qi’zlar jigitlerdi, jigitler qi’zlardi’ qonaq retinde qabi’llag’an ha’m usi’nday usi’l menen wo’zlerinin’ wo’mirlik joldasi’n tan’lag’an“.[52]

Qosi’q tekstin xatqa tu’sken hali’nda jo’nekey tu’sinsek, yeki a’debiyatshi’ni’n’ da talqi’lawi’ turmi’s shi’nli’g’i’nan uzaq yemes. Tu’n wortada qi’zdi’n’ jigitti uyqi’dan woyati’wi’ da a’depten yemes, soni’n’ menen birge bardamli’ xojali’qlar qi’zlari’ menen ullari’na bo’lek wotaw tigip beretug’i’ni’ da, wolarda qatar-qurbi’lardi’n’ qatnasi’ menen woti’ri’spalar, zi’yapatlar beriletug’i’ni’ da turmi’sli’q faktler. Biraq bul jerde izertlewshiler ashi’qti’ ha’m woni’n’ mashi’g’i’n (tekstte “janan“) du’nyawiy, ku’ndelikli turmi’stan izleydi. Al, Ziywar shayi’r “Bir janan“ ha’m basqa da bir qatar ashi’qli’q qosi’qlari’n shi’g’i’s romantikasi’ usi’li’nda, suwfiylik iliminin’ tiykarg’i’ bag’darlari’n, suwfiylik poeziyani’n’ ko’rkemlik da’stu’rlerin basshi’li’qqa alg’an halda jazg’an. Qosi’qta du’nyawiy (jismaniy) i’shqi’ yemes, al ila’hiy (haq), mistikali’q i’shqi’ ji’rlanadi’. Wonda haq diydari’na i’nti’q bolg’an bendenin’ wotli’ i’shqi’si’n ji’rlaw arqali’ musi’lmanni’n’ qudag’a bolg’an qatnasi’ beriledi. Suwfiydin’ (ashi’qti’n’) yarg’a i’nti’q boli’p aqshamlari’ diydar (haqti’n’) ku’tip jati’w motivin turmi’stag’i’ du’nyawiy obrazlar ha’m tu’sinikler menen beriw da’stu’ri shi’g’i’s poeziyasi’nda buri’nnan bar. Bir mi’sal:

---

[51] Қәлимбетов Б. Әжинияздың лирикасы. Нөкис, “Қарақалпақстан“, qoiq, ur-бет.

[52] Байниязов Қ. Әжинияз шайыр мийрасларының ҳәзирги изертлениў жағдайлары. “Әмиўдәрья“, N q0-qw, qoot, q0w-бет.

Tu’n woqsham keldiyu kelmas mening shami shabistanim,

Bu anduh wtidan har dam quyar parvanadek jonim.[53]

Nawayi’ni’n’ joqari’da keltirilgen matla ba’yiti menen baslanatug’i’n ashi’qli’q g’a’zzelinde lirikali’q qaharman tu’n wortada yar ku’tip, yag’ni’y diydar ku’tip jatadi’ (tekstte “shami shabistan“), woni’n’ da’rtinen a’ziyz jani’ azap shegedi. Biraq, yar diydari’n ko’riwge nesip yetse, lirikali’q qaharman wo’z jani’nan keshiwge tayar (““amim yuq buyla yuz jondin, yetib gar kelsa jonanim“).

Aqshamlari’ ashi’qti’n’ diydari’n ku’tip jati’w awhali’ suwfiy shayi’rlardi’n’ lirikasi’ndag’i’ da’stu’rli motivlerden, A’jiniyaz suwfiylik poeziyani’n’ basli’ motivlerin teren’ wo’zlestirgen, wolardi’ wo’z shi’g’armalari’nda qollang’an. Talqi’yi’n yetilip woti’rg’an “Bir janan“ qosi’g’i’nda A’jiniyaz usi’ diydar ku’tiw ha’m diydar ko’riw (mo’jiza ko’riw momenti) motivlerin ustali’q penen paydalang’an.

Suwfiylik ta’limat boyi’nsha haq diydari’na yerisiwdin’ uzaq ha’m mashaqatli’ jollari’, ha’r qi’yli’ basqi’shlari’ (maqamlari’) bar. Haqqa ashi’q boli’p, woni’n’ joli’na basi’n tikken suwfiy bul maqamlardi’ tabanli’ tu’rde, izbe-iz iyelep baradi’.

Suwfiylik poeziyada ashi’qli’qti’n’ tu’rli maqamlari’n (basqi’sh-lari’n) ko’rkem so’z benen jetkerip beriw u’rdis bolg’an. A’sirese, suwfiylik iliminin’ **hal maqami’n (ilmi hal)** so’z benen jetkeriw ku’ta’ qi’yi’n bolg’an. Bul maqamda ashi’q (mistik) wo’zi wo’mir boyi’ izlep ju’rgen haq diydari’n ko’riw baqti’na mina’sip boli’wi’ mu’mkin. Woni’ ashi’q aqi’l-huwi’sh penen, ko’z benen yemes, al kewil menen, ju’rek penen sezedi. Hal momenti sonshelli qi’sqa, E.Bertelstin’ ayti’wi’ boyi’nsha wol hesh bir waqi’t birligine jayg’aspaydi’ (“vnevremenno“).[54] Hal momentinde suwfiy (ashi’q) wo’zligin jog’alti’p, ruwxi’y sezimlerdin’ yen’ biyik shi’n’i’na jetedi, yag’ni’y materialli’q dene si’pati’nda wo’zligin jog’alti’p, ruwxi’y du’nya shegerasi’na wo’tedi. A’jiniyazdi’n’ “Ashi’q Ziywar ani’ ko’rgen zamani’, Araq saylan yetip aqti’ da ketti“ degen qatarlari’ ashi’qti’n’ wo’zligin jog’alti’p hal momentine wo’tkenine isharat boli’p yesaplandi’. Biz du’nyawiy

[53] Навоий. Қора кўзим. Тошкент, 1988, 486-бет.

[54] Бертельс Е. Суфизм и суфийская литература. с. 60.

obrazlar shen’berinde tu’sinip kelgen “Bir janan“ qosi’g’i’nda A’jiniyaz joqari’da ayti’lg’an hal momentin beriwge talaplang’an. Qosi’q worta a’sirlik a’debiyatta ken’ tarqalg’an mo’jiza (videne) usi’li’nda jazi’lg’an. Bul usi’lda worta a’sirlik Shi’g’i’s ha’m Bati’s shayi’rlari’ ko’p shi’g’armalar do’retken. Mi’sali’, Ahmad Yassawiydin’ bir qatar hikmetleri bug’an da’lil bola aladi’:

Un sakkizda chiltan birla sharob ichdim,
Zikrin aytib hozir turib kwksim teshdim,
Rwza qildi jannat kezib, hurlar ku’chdim,
Haq Mustafo jamallarin kwrdim mano.[55]

Bul jerde lirikali’q qaharman mo’jiza ko’riw (ka’ramat ko’riw) arqali’ ko’zge ko’rinbeytug’i’n shiltenler (g’ayi’p yerenler) menen ha’msuhbat boladi’, ja’nnetke tu’sip, hu’r qi’zlari’n qushadi’, a’lleqashan du’nyadan wo’tip ketken payg’ambardi’n’ (Mustafa) muba’rek jamali’n ko’redi.

Al, Bati’s Evropa a’debiyati’nda mo’jiza usi’li’nda jazi’lg’an shi’g’armalardi’n’ u’lgisi retinde worta a’sirlik İtaliya shayi’ri’ Dante Aligeridin’ “İla’hiy komediya“ (“Bojestvennaya komediya“) shi’g’armasi’n ko’rsetiwge boladi’. Wonda avtor mo’jiza ko’riw arqali’ wol du’nyag’a tu’sip, ja’nnet penen dozaqti’ toli’q aralap shi’g’adi’, wolardi’ toli’q su’wretlep beredi. A’jiniyaz du’nya a’debiyati’ndag’i’ usi’ mo’jiza motivin “Bir janan“ qosi’g’i’ arqali’ birinshi ma’rtebe qaraqalpaq poeziyasi’na ali’p kirdi. Wol mo’jizani’n’ mu’mkinshiliklerin paydalani’p, ashi’qti’n’ (lirika-li’q qaharmanni’n’) diydar ko’riw daqi’yqasi’n (momentin) du’nyawiy obrazlar ja’rdeminde ti’msali’y (allegoriyali’q) su’wretlew usi’li’ menen bergen. Qosi’qta shayi’r lirikali’q qaharmanni’n’ arzi’w yetip, i’nti’g’i’p ku’tip ju’rgen diydari’n go’zzal hayal obrazi’ menen beredi. Woni’n’ portreti joqari’da yeskertkenimizdey worta a’sirlik Shi’g’i’s poeziya-si’ni’n’ da’stu’rli boyawlari’ menen si’zi’ladi’. Mine, usi’ a’jayi’p obraz lirikali’q qaharmang’a mo’jiza boli’p ko’rinedi (“Ko’zime ko’rinub begla’r bir janan“). Suwfiylik ilimge muwapi’q diydar ko’riw payi’ti’nda ashi’q aqi’l-huwshi’n ketirip, adam si’pati’nda wo’zligin jog’altadi’. To’mendegi qatarlar suwfiydin’

[55] Аҳмад Ясавий. Ҳикматлар. 55-бет.

(ashi'qti'n') usi' du'nyadan ko'ship, basqa bir ruwxi'y du'nyag'a wo'tkenin ko'rsetedi:

Woyg'ani'p uyqi'wdi'n ko'rsa'm bir janan,
Aqli'mni' ketirdim ko'rga'n shul zaman.
A'ziz jani'm ta'ndin shi'qti' da ketti.
Ashi'q Ziywar ani' ko'rgen zamani',
Araq saylan yetip aqti' da ketti.[56]

Demek, ashi'q wo'z mashi'g'i'n ko'rgen zamatta materialli'q dene si'pati'nda wo'zin jog'altqani'n, araq-ter boli'p ag'i'p ketkenin aytadi'.

Solay yetip, A'jiniyazdi'n' "Bir janan" qosi'g'i' shi'n ashi'qti'n' yen' a'ziz a'rmani' bolg'an diydar ko'riw daqi'yqasi'n du'nyawiy obrazlar ha'm tu'sinikler menen beredi. Bul moment ruwxi'y rawajlani'wdi'n' shi'n'i'na jetken ka'mil insan (ideal insan) ideyasi' menen suwg'ari'lg'an teren' filosofiyali'q tu'sinikti an'latadi'. Suwfiylik (tasawwi'f) ta'limati' sol ka'mil insan da'rejesine yerisiwdin' ilimiy ha'm a'meliy qurali' boli'p yesaplanadi'.

Juwmaqlap aytqanda, A'jiniyaz shayi'rdi'n' qaraqalpaq poeziyasi' tariyxi'nda birinshi ma'rtebe pinhani' lirika (intim lirika) ta'rtipleri boyi'nsha qosi'qlar jazi'p, wolardi' janrli'q qubi'li's da'rejesine jetkeredi. Joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey shayi'rdi'n' pinhani' lirikasi'nda ashi'qli'q temasi' sa'wlelenedi. Biraq wonda ashi'q obrazi' du'nyawiy turmi's negizinde realistlik usi'lda jarati'lmaydi', al ruwxi'y du'nya shen'berinde romantikali'q usi'lda jarati'ladi'. Shayi'r muhabbat qosi'qlari'nda shi'n ashi'q obrazi' arqali' quda ha'm ka'mil insan, paniy du'nya ha'm baqi'y du'nya, ruwxi'y du'nya ha'm materialli'q du'nya usag'an teren' filosofiyali'q ma'selelerdi ko'teredi. A'jiniyazdi'n' ashi'qli'q qosi'qlari'nda jani' taza, ruwxi' joqari', sap hu'jdanli' ka'mil insan obrazi' ko'rinedi.

A'jiniyaz XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'n jan'a janrli'q ko'rinis-pinhani' (yamasa intim) lirika menen, sonday-aq jan'a obrazlar ashi'q ha'm mashi'q obrazlari' menen bayi'tti'.

[56] Әжинияз. 56, 52-бетлер.

**b) Lirikani'n' formasi' boyi'nsha klassifikaciyalani'wi' ( murabba, to'rtlik, muxammes)**

Shi'g'i's a'debiyati'nda ko'p ushi'rasatug'i'n, lirikali'q formalardi'n' biri - murabbalar. So'zlik ma'nisi boyi'nsha murabba arab tilinde to'rt degen sanaq sandi' bildiredi, al terminologiyali'q ma'nisi boyi'nsha to'rt qatarli' bir neshe ba'ntlerden turatug'i'n qosi'qti' (sherdi) an'latadi'. Murabba hasli'nda lirikani'n' kitabi'y formasi' boli'p, aruz wo'lsheminde jazi'latug'i'n bolg'an. Murabbani'n' ken' tarqalg'an klassikali'q u'lgileri a-a-a-a, b-b-b-a, v-v-v-a tu'rinde uyqasadi' ha'm son'g'i' ba'ntte shayi'rdi'n' taqallesi (shayi'rdi'n' laqabi') keltiriledi. Wo'zbek a'debiyati'nda murabba Xoja Ahmad Yassawiy poeziyasi'nda baslani'p (XII a'sir), son'g'i'li'qta Nawayi' (XV a'sir) Ma'shirep (XVII-XVIII a'a'.), Muqimiy (XIX a'.) do'retiwshiliginde joqari' da'rejege ko'terildi.

**To'rtlikler**

Ha'zirgi zaman qaraqalpaq poeziyasi'nda "to'rtlikler" yamasa "rubayi'lar" degen aydarlar asti'nda to'rt qatarli' qosi'qlar jiyi ko'rinip turadi'. Biraq bulardi'n' qaysi'si' to'rtlik, qaysi'si' rubayi' yekenin woqi'wshi'lar aji'rata almay geyde qi'ynaladi'. Sebebi, wolardi' bir biri menen sali'sti'rg'anda ani'q ayi'rmashi'li'qlar taba almaysan'. Rubayi' da to'rt qatar qosi'qtan turadi' ha'm juwmaqlang'an woy-pikirdi, ideyani' beredi, to'rtlik degenimiz de tap usi'nday. Biraq rubayi'lar menen to'rtliklerdi izertlep u'yrengen a'debiyatshi' ali'mlar wolardi' qatan' aji'ratadi'. Wolardi'n' aytqanlari'n ji'ynaqlasti'ri'p rubayi'g'a to'mendegishe ani'qlama beriw mu'mkin: wo'zinin' janrli'q qa'siyetleri boyi'nsha qatan' mazmunli'q ha'm kompoziciyali'q sha'rtlerge bag'i'nadi'. Mazmuni' boyi'nsha ko'binese filosofiyali'q, didaktikali'q, geyde ashi'qli'q temalari'ndag'i' woy-pikirlerdi beredi. Kompoziciyasi' boyi'nsha sha'rtli tu'rde to'rt qatardan ibarat boladi' ha'm usi' to'rt qatarda juwmaqlang'an tema, ideya beriledi. Usi' to'rt qatar qosi'q wo'z aldi'na pu'tin bir a'debiy shi'g'arma si'pati'nda ko'zge taslanadi'. Rubayi'ni'n' ha'r bir qatari' ko'pshilik jag'daylarda juwmaqlang'an woy-pikirdi bildiretug'i'n wo'z aldi'na sintaksislik forma (ga'p) boli'p keledi. Rubayi'lar ko'binese a-a-b-a

yamasa a-a-a-a ta’rizinde uyqasadi’. Rubayi’lar aruz qosi’q wo’lshemine tiykarlani’p jazi’ladi’.[57] Mi’sallar:

İshqing, netay, ixtiersiz qildi meni, (a)
Sabrimni wolib qarorsiz qildi meni (a)
Wolam eli ichra worsiz qildi meni (a)
Zuxd axliga (namazxan, taxi’wa musi’lmanlarg’a
-Q.J.) etiborsiz qildi meni (a)

(Babur).

Qilmoq bila parvarish tikon gul bwlmas, (a)
Ham tarbiyat ila zog’ bulbul bwlmas, (a)
Gar asli yemanga yaxshilik ming qilmang, (b)
Yaxshilik woning niyati bilkul bwlmas. (a)

(Wogaxiy)

Bul mi’sallar klassik poeziyadan ali’ng’an ha’m rubayi’ janri’ni’n’ barli’q ta’rtiplerine bag’i’ndi’ri’lg’an shi’g’armalar. Al qaraqalpaq klassikali’q poeziyasi’nda rubayi’lar bar ma**?** Bul jo’ninde ha’r qi’yli’ pikirler bar. K.Ma’mbetov, H.Hamidov wo’z miynetlerinde A’jiniyazdi’n’ to’rt qatardan ibarat qosi’qlari’n rubayi’ dep ataydi’.[58]

Mi’sal retinde wolar A’jiniyazdi’n’:

Qasqaldaqqa bir ag’ari’ may pitse,
G’arqi’ldap ku’ledi ko’lin tani’mas,
Patshani’n’ da’wleti qaytayi’n dese,
Ko’zine may pitip yelin tani’mas
-degen to’rtligin keltiredi.

Sonday-aq a’debiyatshi’ B.Qa’limbetov ta A’jiniyaz rubayi’ jazg’an degen pikirde ha’m A’jiniyazdi’n’ “Ayri’lsa“ redifli qosi’g’i’nan bir to’rtlikti rubayi’ni’n’

---

[57] Ҳаққулов И. Ўзбек адабиетида рубайи. Тошкент, “ФАН“, qoiq, y-бет; Орзибеков Р. Лирикада кичик жанрлар. Тошкент, 1976, 52-o0-бетлер; Насиров О., Жамалов С., Зиевуддинов М. Ўзбек классик шеърияти жанрлари. Тошкент, “Ўқитувчи“, qouo, qtr-qyy-бетлер; Тўйчиев У. Лирика. - Адабий турлар ва жанрлар. Уч жилдлик. 2-жилд. Тошкент, “ФАН“, qoow, qoy-qoi-бетлер; Жамал Камол. Лирик шеърият. Тошкент, “ФАН“, qoiy, tt-бет.

[58] Мәмбетов К. Әжинияз. Нөкис, “Билим“, qoor, qwq-qww-бетлер; Ҳамидий Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. Нөкис, “Билим“, qooq, qyt-бет.

u’lgisi retinde mi’salg’a keltiredi.[59] Shamasi’ wol bul qosi’qti’n’ ha’r bir to’rt qatari’n wo’z aldi’na bir rubayi’ dep qarasa kerek. Al Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’, poeziya janrlari’n teren’ tu’sinetug’i’n ha’m wo’z shi’g’armalari’nda janrli’q ta’rtiplerdi qatan’ tutatug’i’n İ.Yusupov qaraqalpaq klassik poeziyasi’nda rubayi’lar yamasa g’a’zzeller janr si’pati’nda qa’liplesti degen pikirge qosi’lmaydi’. “A’jiniyaz poeziyani’n’ aruz sistemasi’n da, g’a’zzel, rubayi’ janrlari’ni’n’ da si’ri’n a’lbette bilgen. Biraq bug’an qarap A’jiniyaz qaraqalpaq poeziyasi’na aruz wo’lshemin, g’a’zzel janri’n yendirdi degen pikirlerdi men da’lilsiz dep woylayman. Wo’ytkeni, shayi’r wo’zi tu’sinip bilgen formalari’ni’n’ ba’rin wo’z a’debiyati’na yengize beriwge uri’nbaydi’, ba’lki wolardi’n’ maqsetke muwapi’q degenlerin g’ana paydalanadi’.“[60]

Bul duri’s pikir. Sebebi to’rt qatarg’a rubayi’ dep at qoyg’an menen rubayi’ bola bermeydi. Woni’n’ joqari’da ayti’lg’anday wo’zine tiyisli mazmun ha’m forma qag’i’ydalari’ bar. Qala berse da’stu’r boyi’nsha rubayi’ aruz wo’lshemi menen jazi’ladi’, al aruz qosi’q wo’lshemi qaraqalpaq poeziyasi’na ta’n qubi’li’s yemes, wog’an jaydari’ qosi’qlar - sillabika wo’lshemi ta’n. Mi’sali’:

Qi’sh aqrabi’ yaqshi’ g’ayri’ yelattan,
G’ayri’ yelat yaqshi’ jaman zu’riyattan,
Jorg’asi’z, ju’rissiz bir shaban attan,
Qos arbag’a belli wo’giz jaqsi’raq.

(A’jiniyaz).

Tisgenem, sag’an razi’man,
Awi’zi’mni’n’ qalasi’san’,
Tilgenem sennen narazi’man,
Bir basi’mni’n’ ba’lesisen’.

(Berdaq).

Bul to’rtlikler mazmuni’ boyi’nsha rubayi’dan uzaq yemes: ja’miyetlik, filosofiyali’q mazmung’a quri’lg’an. Biraq qosi’q formasi’ boyi’nsha da’stu’rli shi’g’i’s rubayi’lari’na wonsha juwi’spaydi’. Bular formasi’ boyi’nsha jaydari’

---

[59] Калимбетов Б. Лирика Ажинияза. В аспекте поэтического мастерства. Ташкент, “ФАН“, 1991,с.uq
[60] Юсупов И. Дала Орфейи. - Әжинияз. Нөкис, “Қарақалпақстан“, qout, qu-бет.

to’rtlikler. Wolay bolsa, A’jiniyazdi’n’ geypara a’debiyatshi’lar rubayi’ dep atap ju’rgen shi’g’armalari’n ba’lki to’rtlikler dep atag’an duri’s bolar. Wo’zbekstan xali’q shayi’ri’ İ.Yusupov wo’zinin’ filosofiyali’q, ja’miyetlik, didaktikali’q mazmundag’i’ to’rt qatarli’ shi’g’armalari’na mudami’ “to’rtlikler“ dep aydar qoyadi’.

Aqi’lg’a ug’ras kelmes bul u’lken du’nya,
Ayi’, ku’ni ha’mmelerge ten’ du’nya,
İnsan peyli tari’lg’anda biraqta,
Yeki adamg’a tarli’q yeter ken’ du’nya
(İ.Yusupov).

Ko’rinisi boyi’nsha bul shi’g’arma rubayi’g’a uqsaydi’. Birinshi qatari’ tap rubayi’dag’i’day temani’ (bul tu’siniksiz du’nya) wortag’a taslaydi’, yekinshi qatari’ woni’ rawjlandi’radi’, u’shinshi qatari’nda antitezis (ken’lik ha’m tarli’q) beriledi, to’rtinshi qatari’nda sintez (juwmaq) beriledi, yag’ni’y bul du’nyani’n’ ken’ligi ha’m tarli’g’i’ insan peylinin’ ken’ligi ha’m tarli’g’i’ menen baylani’sli’ degen avtorli’q juwmaq beriledi. Qosi’qti’n’ formasi’ da rubayi’ni’ yesletedi: a-a-b-a ta’rizinde uyqasadi’ ha’m wo’z aldi’na g’a’rezsiz shi’g’arma retinde ko’rinedi. Biraq bilimli ha’m ta’jiriybeli shayi’r İ.Yusupov bunday bag’dardag’i’ qosi’qlari’n rubayi’lar dep atamay to’rtlikler dep atag’an. Demek, dus kelgen to’rt qatarli’ qosi’q rubayi’ bola bermeydi yeken. Al to’rtlik degende woni’n’ rubayi’dan qay jeri to’men? Rubayi’ bergen temani’, ideyani’ to’rtlik te bere aladi’. Woni’n’ u’stine rubayi’ni’n’ wo’zi de tu’p-da’reginde yeski to’rtliklerden kelip shi’qqan. Rubayi’ ha’m to’rtliklerdin’ janrli’q ta’biyati’n izertlegen belgili ali’mlar da rubayi’ni’n’ yen’ da’slepki u’lgileri tu’rkiy ha’m parsi’ tilles xali’qlardi’n’ a’yyemgi to’rtliklerinen wo’rbigenin aytadi’.[61] Ayi’rmasi’ tek rubayi’ qatan’ formalarg’a, aruz wo’lshemine, da’stu’rli mazmung’a quri’latug’i’n kitabi’y janr. To’rtlik bolsa tu’rli mazmunlarg’a, wo’lshemlerge (aruzg’a da, barmaq wo’lshemine de), uyqaslarg’a quri’la beretug’i’n yerkin janr. U.Tuychiev

[61] Бертельс Е.Э. История персидско-таджикской литературы. Москва, 1960, с. 88; Хамраев М. Пламя жизни. (О системе стихосложения тюркоязычных народов). Ташкент, 1988, с. 158; Орзибеков Р. Лирикада кичик жанрлар. 69-u0-бетлер.

aytqanday rubayi’ menen to’rtlik arasi’nda wo’tip bolmastay u’lken jar joq. Biraq “barmaq sistemasi’nda jazi’lg’an sheyrler rubayi’ yemes, al to’rtlik janri’na tiyisli“,[62] ja’nede: “to’rt qatarli’ sheyrde rubayi’ kompoziciyasi’na a’mel qi’li’nsa (yag’ni’y rubayi’ni’n’ kompoziciyasi’ saqlansa - Q.J.), biraq wol barmaq wo’lsheminde jazi’lg’an bolsa, bunday shi’g’arma ba’ri bir to’rtlik boli’p yesaplanadi’“.[63] Joqari’da keltirilgen İ.Yusupovti’n’ qosi’g’i’ mazmuni’ ha’m kompozicyasi’ boyi’nsha nag’i’z rubayi’ni’ yesletedi. Biraq poetikali’q bilimi ha’m sezimi ku’shli avtor wog’an ani’q yetip “to’rtlik“ degen janrli’q atama bergen. Sebebi qosi’q sillabika wo’lsheminde jazi’lg’an. Uli’wma qaraqalpaq poeziyasi’nda aruz benen jazi’lg’an birde bir rubayi’ni’ tabi’w qi’yi’n. Wolay bolsa qaraqalpaq poeziyasi’nda, soni’n’ ishinde A’jiniyaz ha’m Berdaqta ushi’rasatug’i’n juwmaqlang’an bir ideyani’ beretug’i’n, bir birinen g’a’rezsiz to’rt qatarli’ qosi’qlardi’ rubayi’lar dep yemes, al to’rtlikler degen atama menen ju’ritken maqul.

Solay yetip A’jiniyaz, Berdaq, Ku’nxoja poeziyasi’nda rubayi’ a’debiy janri’ shi’g’i’s klassikasi’ u’lgisinde qa’liplespegen, al wolarda to’rtlikler bolg’an dep ayti’wi’mi’zg’a toli’q tiykarlar bar. Bul wolardi’n’ rubayi’ni’ bilmegenliginen yemes, al wo’z woqi’wshi’lari’ni’n’ ko’rkemlik-estetikali’q talg’ami’n qatan’ yesapqa ali’wi’nan boli’p tabi’ladi’.

## Muxammesler

XIX a’sirdegi qaraqalpaq a’debiyati’nda Shi’g’i’s poeziyasi’na wo’zlestirilgen muxammes qosi’qlari’ ushi’rasadi’. Wolardi’ xali’q tilinde ko’binese ″muqalles″ dep ataydi’. Qaraqalpaqlar arasi’nda muqalles qosi’qlari’ni’n’ ken’ tarqalg’anli’g’i’ sonshelli wolar baqsi’lar repertuari’nan ken’ wori’n ali’p, wo’z aldi’na “muqalles“ namalari’ payda bolg’an. Biraq bizin’ ilimiy jumi’si’mi’zda woni’ haqi’yqi’y kitabi’y atamasi’ menen “muxammes“ dep ju’ritemiz.

Muxammesler ha’r bir ba’nti (strofasi’) jup qatardan ibarat g’a’zzel janri’ni’n’ tiykari’nda wo’sip shi’qqan. “a’zzel janri’n izertlewshiler shi’g’i’s

---

[62] Тўйчиев У. Лирика. - Адабий турлар ва жанрлар. 2-жилд. 198-бет.

[63] Тўйчиев У. Лирика. 226-бет.

lirikasi'ndag'i' musallas (u'sh qatarli' ba'ntlerden ibarat lirikali'q shi'g'arma, u'shlik), murabba (to'rt qatarli', to'rtlik), muxammes (beslik), musaddas (alti'li'q), musabba (jetilik), musamman (segizlik) dep atalatug'i'n bul tu'rlerinin' g'a'zzelden wo'sip shi'qqani'n aytadi'.[64] "a'zzelden wo'rbigen bul lirikali'q tu'rlerdi ji'ynaqlasti'ri'p ko'binese, bir termin menen musammatlar dep te ataydi'. Joqari'da yeskertkenimizdey XIX a'sir qaraqalpaq poeziyasi'nda muxammes (muqalles) ko'birek ushi'rasadi'. Muxammes qosi'q quri'li'si' boyi'nsha aruz wo'lsheminde jazi'latug'i'n lirikani'n' bir tu'ri. Wol bes qatardan ibarat bir neshe ba'ntlerden turadi', a-a-a-a-a; b-b-b-b-a; v-v-v-v-a; g-g-g-g-a ta'rizinde uyqasadi'. "a'zzeller qanday tematika ha'm mazmung'a iye bolsa, muxammesler de sonday tematika ha'm mazmundi' sa'wlelendiredi. Muxammesler a'dette mustaqil muxammesler ha'm taxmisler, yag'ni'y qanday da bir shayi'rdi'n' g'a'zzeli tiykari'nda jazi'lg'an muxammesler boli'p yekige bo'linedi. Mustaqil muxammesler hesh bir shayi'rdi'n' g'a'zzeline baylanbastan wo'zinshe g'a'rezsiz jazi'ladi'.[65] Taxmislerde bolsa, qanday da bir shayi'rdi'n' g'a'zzelinin' jup qatarli' ba'ntlerinin' ha'r birinin' izinen taxmis avtori' wo'z ta'repinen u'sh qatar qosi'p baradi'. Na'tiyjede bes qatarli' ba'ntlerden turatug'i'n muxammesler payda boladi'. Taxmisler sol wo'zi baylang'an g'a'zzeldin' ideyali'q-tematikali'q mazmuni' shen'berinde pikir ju'ritedi, woni' ja'ne de rawajlandi'radi'.

Qaraqalpaq poeziyasi'na shi'g'i's lirikasi'ni'n' muxammes formasi'n birinshi ret ali'p kirgen XIX a'sirde jasag'an klassik shayi'r A'jiniyaz boldi'.**[66]** Woni'n' muxammesleri ha'r qi'yli' temalarda jazi'lg'an. Biraq A'jiniyaz muxammestin' taxmis tu'rin yemes, al tiykari'nan, woni'n' g'a'rezsiz (mustaqil) tu'rin qollang'an. Shayi'r wo'z muxammeslerinde i'shqi'-muhabbat, ayrali'q, sag'i'ni'sh, wo'kinish, su'yiniw, tolqi'nlani'w usag'an ishki sezimlerdi, ruwxi'y tolg'ani'slardi' beredi.

Ko'p sa'la'm mendin biradar, ashnayi'w duw ja'ha'n,

[64] Хайтметов А. Навоий лирикасы. Тошкент. 1961, 67-бет; Носиров О., Жамалов С., Зиевуддинов М. Ўзбек классик шеърияти жанрлари. Тошкент, "Ўқитувчи", qouo, qqe-qqr-бетлер.

[65] Хотамов Н., Саримсаков Б. Адабиетшунослик терминларининг русча-ўзбекча луғати. Тошкент, "Ўқитувчи", qouo, qot-бет.

[66] Ҳамидий Ҳ. Шығыс жазба дереклери ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. Нөкис, "Билим", qooq, qye-бет.

Shiddatiy ruzi’y judali’qdur qi’yametdin yaman,
Alti’ san alashni’ gezdim, tapmadi’m namiw-ni’shan,
İnshalla, gu’zge bararman, bolsam aman,
Ah dariyg’a, waq dariyg’, mi’n’ sani’ a’rman shi’qti’ jan.[67]

Muxammestin’ mazmuni’na qarag’anda A’jiniyaz woni’ nama (xat) ta’rtibinde jazg’an. Wonda lirikali’q qaharman ju’rek si’rlari’n, arzi’w-a’rmanlari’n, basi’nan keshken azaplari’n bayan yetedi. Muxammestin’ uyqaslari’ a-a-a-a-a, b-b-b-b-a ta’rtibine quri’lg’an. A’jiniyazdi’n’ “Beri kel“, “Ay a’lip“, “Woyan“ muxammesleri ashi’qli’q mazmuni’na, “Ko’zlerim“, “Shi’qti’ jan“ muxammesleri nali’sh mazmuni’na, “Qi’z Woraz“ muxammesi ta’riyip joli’na, “Kerak“ muxammesi ha’zil-da’lkek temasi’na jazi’lg’an.

A’jiniyaz wo’z muxammeslerinin’ ko’rkemligine ayri’qsha itibar bergen. Wol muxammestin’ tu’rli formalari’n qollanadi’ ha’m wo’z muxammeslerin tu’rlendirip, jilwalandi’ri’p jiberedi. Mi’sali’ woni’n’ i’shqi’-muhabbat mazmuni’nda jazi’lg’an "Ay alip", "Beri kel" muxammeslerinde so’z woyi’ni’ ta’rtipleri sheber isletilgen. Shayi’r Shi’g’i’s poeziyasi’nda buri’nnan bar ko’rkemlik da’stu’rdi paydalani’p, joqari’da atalg’an muxammeslerdi a’lipbe ta’rtibinde jazadi’.

Ay - alip aq yuzin’dur, ayni alam anwariy,
Be - belin’ qi’psha dilbar, ko’z g’anan’ shahla wa’liy,
Te - tisin’dur dana-dana la’blerin’nin’ pallari’y,
Se - sori’p shiyrin la’bin’ qanadurman a’y pa’riy,
Jim - jamali’n’ ko’rmegenshe, zari’ giryan Ziywariy.[68]

A’jiniyazdi’n’ bul mi’salg’a keltirilgen muxammesi a’lipbe ta’rtibinde jazi’lg’an, bes qatarli’ segiz ba’ntten ibarat, a’lipbenin’ barli’q ha’riplerine qatarlar baylang’an, qatarlari’ 14-15 buwi’nli’, a-a-a-a-b, b-b-b-b-a, v-v-v-v-a ta’rizinde uyqasadi’. Bul muxammes mazmuni’ boyi’nsha ashi’qli’q temasi’na arnalg’an. A’jiniyazdi’n’ “Beri kel“ redifli muxammesi de a’lipbe ta’rtibinde jazi’lg’an, bes qatarli’ alti’ ba’ntten turadi’, bul da ashi’qli’q temasi’n sa’wlelendiredi. A’lipbe

[67] Әжинияз. Нөкис, “Қарақалпақстан“, qout, iw-бет.
[68] Әжинияз. Нөкис, “Қарақалпақстан“, qout, uy-бет.

qosi'qlari' Shi'g'i's lirikasi'ni'n' tu'rli formalari'nda jazi'la beriwi mu'mkin (mi'sali', g'a'zzel yaki muxammes formalari'nda).

Ay - aliftek qomatingdin ibtido qildim bukun,
Be - baloi dog'i darding dilga jo qildim bukun.
Te - tilovat qilg'ay yerdim woyati ruxsoringni,
Se - savobi xatmi quran intiho qildim bukun.
Jim - jamolingni kwray dep keldim, ey shohi jahon,
Xe - haetim boricha, man iltijo qildim bukun.[69]

Qaraqalpaqlar arasi'nda Diywanayi' Ma'shrep ati' menen ken' ma'lim bolg'an wo'zbek shayi'ri' Babarahim Mashrabti'n' bul a'lipbe sheyri g'a'zzel ta'rtibinde jazi'lg'an, 16 ba'yitten (ekilikten) ibarat, arab a'lipbesinin' barli'q ha'riplerin wo'z ishine qamti'ydi', ha'r qatari' 15 buwi'nnan turadi', a-a, b-a, v-a, g-a ta'rizinde uyqasadi', ha'r ba'yittin' aqi'ri' redif penen juwmaqlanadi', mazmuni' boyi'nsha ashi'qli'q temasi'n sa'wlelendiredi. Qaraqalpaq shayi'ri' A'jiniyaz da wo'zinen buri'ng'i' tu'rki ziban kitabi'y shayi'rlardi'n' janrli'q da'stu'rlerin rawajlandi'ra woti'ri'p, a'lipbe muxammeslerin ko'pshilik xali'qti'n' estetikali'q-ko'rkemlik talg'amlari'na shaqlap jazadi', wolardi'n' tilin yele de a'piwayi'lasti'ri'p, ko'pshilik xali'qti'n' woqi'p yaki ti'n'lap qabi'llawi'na qolaylasti'radi'.

Yendi A'jiniyaz muxammeslerinin' wo'lshemine keletug'i'n bolsaq, bul jo'ninde yeki tu'rli pikir bar. Wo'zbekstan ha'm Qaraqalpaqstan xali'q shayi'ri' joqari'da yeslep wo'tkenimizdey İ.Yusupov qaraqalpaq klassikali'q poeziyasi'nda, soni'n' ishinde A'jiniyaz lirikasi'nda aruz wo'lshemi qollani'ldi' degen pikirdi xoshlamaydi'. Negizinde a'debiy da'stu'r boyi'nsha g'a'zzel, rubayi', muxammes janrlari' aruz wo'lsheminde jazi'li'wi' tiyis. İ.Yusupovti'n' pikiri boyi'nsha ha'r qanday shayi'r wo'zi tu'sinip bilgen a'debiy da'stu'rlerdin', formalardi'n' ba'rin wo'z a'debiyati'na yengize bermeydi, ba'lki wolardi'n' maqsetke muwapi'q degenlerin g'ana paydalanadi'.[70] Qaraqalpaq qosi'q quri'li'si'n, woni'n' wo'lshemlerin arnawli' u'yrengen a'debiyatshi' Q.Muratbaev İ.Yusupov penen

[69] Бабараҳим Машраб. Меҳрибоним қайдасан. Тошкент, 1990, 153-бет.
[70] Юсупов И. Дала Орфейи. - Әжинияз. Нөкис, 1975, 17-бет.

u’nles pikirdi aytadi’: “Qaraqalpaq tili barli’q tu’rk sistemasi’ndag’i’ tillerdin’ qatari’nda jalg’amali’ (agglyutinativli) tiller sitemasi’na kiredi. Soni’n’ ushi’n da qosi’q qatari’ndag’i’ so’zlerdin’ uzi’n ha’m qi’sqa buwi’nlardi’n’ almasi’p keliwine, yag’ni’y arab tilinin’ zakonli’qlari’na tiykarlang’an aruz qaraqalpaq tilinin’ quri’li’si’na, zakonli’qlari’na sa’ykes kelmeydi“.[71] Duri’si’nda da A’jiniyazdi’n’ ayi’ri’m ha’zil-da’lkek, ta’riyip mazmuni’ndag’i’ muxammesleri qaraqalpaqlardi’n’ jaydari’ qosi’q formasi’na jaqi’nlasti’ri’lg’an, wolardi’ aruz wo’lsheminin’ qatal ta’rtipleri menen jazi’lg’an dep u’zil-kesil tasti’yi’qlaw qi’yi’n. Qaraqalpaq poeziyasi’nda aruz wo’lsheminin’ qollani’li’wi’ jo’ninde joqari’dag’i’ pikirlerge qarama-qarsi’ tu’sinikler de bar. A’jiniyaz do’retiwshiligin tariyxi’y ha’m poetikali’q aspektinde puqta u’yrenip, wolar boyi’nsha itibarli’ miynetler ja’riyalag’an A.Murtazaev usi’ shayi’rdi’n’ muxammeslerinin’ ko’pshiligi aruz wo’lsheminde jazi’lg’an dep yesaplaydi’. Wol wo’zinin’ “Shayi’rdi’n’ muhabbati’“ degen kitabi’nda aruz qosi’q wo’lshemi tuwrali’ ken’ tu’sinikler beredi. Wonnan son’ A’jiniyazdi’n’ shi’g’armalari’ndag’i’ aruz wo’lshemi belgilerin konkret mi’sallar menen ko’rsetip beredi. “ ... Wol (A’jiniyaz) aruzdi’n’ tu’rkiy poeziyag’a ta’n, sin’isken ba’hrlerinde (formalari’nda- Q.J.) qosi’qlar do’retken. Woni’n’ ha’zirgi bar shi’g’armalari’nan muxammesleri aruzdi’n’ ramal ba’hrine (formasi’na) tiykarlang’an.

[71] Муратбаев Қ. Қарақалпақ позиясының қосық қурылысы. Нөкис, “Қарақалпақстан“, qouu, ее-бет.

**II BAP. XIX a’sir qaraqalpaq epikali’q poeziyasi’ ha’m woni’n’ janrli’q k aspektten izertleniwi.**

**2.1. XIX a’sir epikali’q poeziyasi’na sholi’w. ( Berdaqti’n’ poemalari’: «Axmaq patsha», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Ku’len boli’s», «Shejire», «Xorezm»)**

XIX a’sirde qaraqalpaq a’debiyati’nda epikali’q janr ku’ta’ rawajlang’an. Usi’ da’wirdegi epikali’q shi’g’armalardi’n’ rawajlani’w evolyuciyasi’n, obrazlar du’zimin, janrli’q wo’zgesheligin, janrdi’n’ genetikali’q tami’rlari’n, folklor menen baylani’slari’n, kompoziciyali’q wo’zgesheliklerin u’yreniwdin’ na’tiyjesinde to’mendegidey juwmaqlarg’a keliwge boladi’:

1. Qaraqalpaq a’debiyati’ XIX a’sirde bunnan aldi’n’g’i’ da’wirlerdegi janrli’q shekleniwshilikten quti’li’p, quramalasqan jan’a janrlar du’zimin (sistemasi’n) qa’liplestirdi. İzertlew bari’si’nda qarap shi’g’i’lg’an ilimiy miynetlerge su’yengen halda soni’ ayti’w mu’mkin, XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ janrlar ko’pshilik jag’daylarda folklorli’q da’stu’rler ha’m janrlar menen ti’g’i’z baylani’si’p keledi. Soni’n’ menen birge bul da’wirdegi epikali’q shi’g’armalar jazba epikali’q da’stu’rler menen ti’g’i’z baylani’sta boli’p keledi.

2. XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’n janrli’q ko’zqaraslardan barlap qarag’anda, wonda lirikali’q shi’g’armalardi’n’ basi’m wori’n tutatug’i’ni’n bayqaw mu’mkin. Soni’n’ menen birge a’debiyatta epikali’q janrlar da wo’z worni’n iyeley baslaydi’. Wolar bir jag’i’nan, xali’q da’stanlari’, qi’ssalari’ menen tami’rlas bolsa, yekinshi jag’i’nan, Shi’g’i’s jazba epikali’q da’stu’rler menen jaqsi’ baylani’sadi’.

3. XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda epikali’q janrdi’n’ payda boli’wi’ xali’qti’n’ tariyxi’y-ma’deniy turmi’si’ menen baylani’sli’ boldi’, dep juwmaq shi’g’ari’wg’a boladi’. Sebebi, XIX a’sir qaraqalpaq xalqi’ni’n’ socialli’q turmi’s da’rejesi, tariyxi’y ha’m ma’deniy sharayatlari’, ko’rkem estetikali’q talaplari’ epikali’q janrdi’n’ payda boli’wi’na, qa’liplesiwine ta’sir jasaydi’. Shayi’rlar tariyxi’y, socialli’q temalardi’ epikali’q bag’darda sa’wlelendire baslaydi’. Bug’an

Berdaqti’n’ «Shejire», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Aqmaq patsha» da’stanlari’ da’lil bola aladi’.

4. XIX a’sir qaraqalpaq shayi’rlari’ xali’q epikali’q shi’g’armalari’ da’stu’rlerine su’yene woti’ri’p, wo’zlerinin’ epikali’q shi’g’armalari’n ko’rkem tildin’ proza (qara so’z) tu’rinde yemes, poeziya (qosi’q) tu’rinde do’retti.

5. XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda do’retilgen epikali’q janrdi’n’ genetikali’q tami’rlari’ xali’q da’stanlari’na, terme-tolg’awlari’na bari’p taqaladi’.

6. XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ epikali’q shi’g’armalardi’ tallag’anda wolardi’n’ janrli’q qa’siyetleri tuwrali’ to’mendegi juwmaqqa keliwge boladi’:

a) Epikali’q shi’g’armalardi’ qaharmanlardi’n’, personajlardi’n’ belgili bir waqi’t ishindegi ha’reketin, gu’resin, turmi’stag’i’, sana-sezimindegi, xarakterindegi wo’zgerislerdi izbe-iz su’wretlep, qaharmanlardi’n’ qanday jag’dayda jasap ati’rg’anli’g’i’, ha’reketi, gu’resi tuwri’si’nda izbe-iz bayanlanadi’ (Berdaqti’n’ «Axmaq patsha», «Yernazar biy», «Xorezm» da’stanlari’ sonday-aq XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ epikali’q shi’g’malar).

b) Sonday-aq, epikali’q shi’g’armada shayi’r su’wretleytug’i’n waqi’yasi’na bolg’an qatnasi’n, ko’zqarasi’n qaharmanlardi’n’, personajlardi’n’ obrazi’ arqali’ bayan yetedi.

v) Sonday-aq sol da’wirdegi epikali’q shi’g’armalarda waqi’yani’n’ ishinde ha’reket yetetug’i’n ayi’ri’m personajlardi’n’ portretindegi, xarakterindegi, tilindegi individual wo’zgeshelikler de beriledi.

7. XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Qulen boli’s», «Amangeldi», «Xorezm», «Ra’wshan», «Shejire» ha’m t.b. si’yaqli’ epikli’q shi’g’armalalari’ epikali’q janrdi’ qa’liplestirdi ha’m rawajlandi’rdi’. Berdaq wo’zinin’ epikali’q shi’g’armalari’n da’stanshi’li’q usi’li’ni’n’ ta’sirinde jazg’an. Shayi’r wo’z shi’g’armalari’nda waqi’yalardi’ qosi’q qatarlari’ menen su’wretlegen.

8. XIX a’sirdegi epikali’q shi’g’armalarda awi’zeki do’retpelerdin’ da’stu’rleri ken’ saqlani’p qalg’an dep ayti’wg’a boladi’. A’sirese usi’ dawir epikali’q shi’g’armalarda tolg’aw ha’m da’stanshi’li’q stildin’ basi’m yekenin ayta alami’z.

9. XIX a’sirdegi epikali’q shi’g’armalarda folklorli’q syujet ha’m motivlerdi ko’riwge boladi’. Wolardi’n’ to’mendegidey ko’rinislerinin’ bar yekeni ma’lim:

a) folklorli’q do’retpelerde ken’ qollani’latug’i’n a’dalatli’q penen a’dalatsi’zli’qti’n’ wortasi’ndag’i’ gu’res motivi XIX a’sir epikali’q shi’g’armalarda socialli’q ma’selelerdi, milliy ideyalardi’ sa’wlelendiriwde ken’ paydalani’lg’an.

b) Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha» dastani’nda folklorli’q syujetler da’wirdin’ turmi’s shi’nli’g’i’na sa’ykeslendirip do’retiwshilik usi’l menen tabi’sli’ paydalani’lg’an. Shi’g’armadag’i’ ha’r qi’yli’ motivler folklorli’q do’retpelerdin’ syujetlerinde ken’ ushi’rasadi’ (ulsi’zli’q, qi’ri’q qati’n ali’w, tuwi’lg’an qi’zdi’ qupi’ya jag’dayda saqlaw h.t.b.).

10. Epikali’q shi’g’armalardi’n’ kompoziciyali’q quri’li’si’nda, qosi’q quri’li’si’nda, bayanlaw stilinde folklorli’q shi’g’armalardi’n’ ta’siri ku’shli bolg’anli’qtan, wolardag’i’ qosi’qlar ko’binese 7-8 buwi’nli’ boli’p keledi. Qosi’qti’n’ bunday tu’ri, a’sirese Berdaqti’n’ epikali’q shi’g’armalari’nda ko’plep ushi’rasadi’.

11. XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’ndag’i’ epikali’q shi’g’armalarda obrazlar sistemasi’n quri’wda ha’r bir shayi’r wo’zinin’ do’retiwshilik sheberligine baylani’sli’ qaharman obrazi’n jarati’wg’a ha’reket yetken. Usi’nday qaharman obrazi’n jarati’wda shayi’rlar woni’n’ minez-hulqi’n, is-ha’reketin, woy-pikirlerin tiykar yetip aladi’. Mi’sali’, «Aydos baba», «Yernazar biy» da’stanlari’nda Aydos, Yernazar obrazlari’ wolardi’n’ jeke is-ha’reketlerin, minez-hulqi’n, maqset tileklerin su’wretlew arqali’ jarati’ladi’.

12. XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda epikali’q shi’g’armalarda qaharmanni’n’ epikali’q obrazi’n jarati’wda ko’binese da’wir menen baylani’sli’ tariyxi’y waqi’yalar, adamlar tiykar yetip ali’ng’an ha’m wolar qaharmanni’n’

xarakterin, tariyxi’y sharayatlardi’ ashi’p beriwde u’lken xi’zmet atqarg’an. Ma’selen, Berdaqti’n’ «Aydos baba», «Yernazar biy» Qulmuratti’n’ «Won tog’i’z», Qudaybergennin’ «Ma’rdikar» shi’g’armalari’nda qaharmanlar avtor jasag’an da’wirdin’ tariyxi’y waqi’yalari’ iyriminde ha’reket yetedi, woylaydi’, pikirleydi.

Uli’wmalasti’ri’p aytqanda XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda payda bolg’an epikali’q shi’g’armalardi’n’ usi’ janr talaplari’na juwap beretug’i’ni’ ani’qlandi’. Wolarda bir qatar folklorli’q da’stu’rler paydalani’ladi’, biraq syujettin’ kompoziciyali’q quri’li’si’nda, qaharman obrazi’n jarati’wda, waqi’yalardi’ su’wretlewde, wolarg’a baha beriwde avtorli’q qatnas, avtorli’q ko’zqaraslar, individual stil basi’m keledi. Bul jag’day usi’ so’z boli’p ati’rg’an da’wirde qaraqalpaq epikali’q poeziyasi’ jan’a epikali’q da’stu’rlerdi iyelep, jan’a a’debiy qubi’li’sqa aynalg’ani’nan da’rek beredi.

### 2.2. XIX a’sir epikali’q poeziyasi’ni’n’ izertleniwi.

XIX a’sirde qaraqalpaq a’debiyati’n jan’a ko’rkem-estetikali’q shi’n’larg’a ko’tergen klassik shayi’rlardi’n’ biri Berdaq G’arg’abay uli’ boli’p tabi’ladi’. Wol jasag’an XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’nda a’hmiyetli tariyxi’y waqi’yalar boli’p wo’tken da’wir yedi. «Xiywa xanlari’ qaraqalpaq xalqi’n wo’zlerine toli’q bag’i’ndi’ri’p ali’p, wolarg’a ali’m-sali’qti’n’ barli’q awi’rmanli’g’i’n salg’an yedi. Bul da’wirde qaraqalpaq miynetkeshleri zali’m Xiywa xanlari’ menen woni’n’ ha’meldarlari’nan, sonday-aq qaraqalpaqti’n’ wo’z ishindegi ekspluatatorlar baylar menen molla-iyshanlardan yeki jaqlama yeziwshilikti basi’nan keshirdi. Qaraqalpaq xalqi’ usi’nday ha’dden asqan awi’r zuli’mlarg’a shi’day almay, yeziwshilerge qarsi’ bir neshe ret ko’terilisler jasaydi’»[72].

Usi’nday awi’r waqi’yalardi’ xali’q penen birge basi’nan keshirgen Berdaq «Akmaq patsha», «Yernazar biy», «Aydos baba», «Amangeldi», «Qulen boli’s» ha’m t.b. epikali’q shi’g’armalari’n do’retti. Mine, Berdaq shayi’rdi’n’ usi’nday epikali’q janrdag’i’ shi’g’armalari’ qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde ko’p g’ana

[72] Сағитов И. Әдебият ҳәм фольклор. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1983. Б.67-68.

a’debiyatshi’ ilimpazlardi’n’ di’qqati’n wo’zine tarti’p kelmekte. Wolardan N.Da’wqaraev, Q.Ayi’mbetov, İ.Sag’itov, A.Murtazaev, A.Paxratdinov ha’m t.b. miynetlerinin’ u’lken a’hmiyeti bar. Solardi’n’ ishinde prof. A.Paxratdinov shayi’rdi’n’ epikali’q shi’g’armalari’n «Berdaq shayi’rdi’n’ da’stanli’q shi’g’armalari’» (No’kis, 1987) degen temada wo’z aldi’na arnawli’ izertledi ha’m Berdaq epikali’q shi’g’armalari’ni’n’ ideyali’q-mazmuni’, izertleniw tariyxi’ haqki’nda bahali’ pikirlerdi bildirdi. Wo’z gezeginde biz de joqari’dag’i’ ilimpazlardi’n’ ilimiy miynetlerine su’yengen halda Berdaqti’n’ epikali’q shi’g’armalari’ni’n’ evolyuciyasi’n ani’qlawg’a ha’reket yettik.

Berdaq do’retiwshiliginde ko’binese miynetkesh xali’qti’n’ awi’r jag’daylari’ ha’m wolardi’n’ socialli’q ten’sizlikke, a’dilsizlikke qarsi’ gu’resleri realli’q penen su’wretlenedi. Berdaqti’n’ usi’nday mazmundag’i’ «Aqmaq patsha» shi’g’armasi’ tuwrali’ ilimpaz A.Murtazaev wo’zinin’ «Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha» poemasi’» (No’kis, 1979) atli’ ilimiy monografiyasi’n ja’riyaladi’. Mine, usi’ miynette «Aqmaq patsha» janrli’q jaqtan «poema» dep ataladi’. Al, bul pikir N.Da’wqaraev, B.Qurbanbaevlardi’n’[73] da miynetlerinde ushi’rasadi’. Yendi ilimpaz A.Paxratdinovti’n’ miynetine kelsek, shayi’rdi’n’ «Aqmaq patsha» atli’ shi’g’armasi’ ha’m basqa da epikali’q shi’g’armalari’ janrli’q jaqtan «da’stan» dep atalg’an. Akademik H.Hamidov ta woni’ da’stan dep atag’an. Usi’ jerde ilimpazlardi’n’ pikirlerin sali’sti’ri’p qarag’ani’mi’zda, Berdaqti’n’ epikali’q shi’g’armalari’n janrli’q jaqtan belgili bir termin menen atawda birliktin’ joq yekenligi ko’zge taslanadi’. Wo’z gezeginde biz de bul ma’selege mu’na’sibetimizdi bildirmekshimiz.

A’debiyat teoriyasi’nan bizge ma’lim poema da, da’stan da epikali’q janrlar boli’p yesaplanadi’. Bul tuwrali’ yerte da’wirlerden, yag’ni’y Aristotelden baslap a’debiyat teoriyasi’na bag’i’shlang’an miynetlerde ayti’li’p kiyati’r. Biraq, wolardi’n’ ha’r birinin’ terminologiyali’q ani’qlamalari’ bar. Ma’selen, da’stan wo’zlerinin’ xarakteri boyi’nsha poemalarg’a ju’da’ jaqi’n. Wolarda da waqi’ya ha’m ishki sezim aralas boli’p keledi. Biraq da’stanlar poemalardan si’rtqi’

[73] Дәўқараев Н. Бердақ шайыр. -Нөкис: ҚҚМБ, 1950; Қурбанбаев Б. Бердақ ижоди. –Тошкент: Фан, 1977.

formasi’ menen yag’ni’y waqi’yani’n’ qi’ssa ko’rinisinde, ishki sezimnin’ qosi’q formasi’nda bayanlanatug’i’ni’ menen ayi’ri’li’p turadi’. Da’stanlardi’n’ avtorlari’ su’wretlenetug’i’n waqi’yalari’na poemalardag’i’ si’yaqli’ lirikali’q «Men» arqali’ qatnaspay, al epikali’q shi’g’armalardag’i’ si’yaqli’ bayanlawshi’ni’n’ obrazi’nda wo’zlerin ko’rsetedi. Da’stanlardag’i’ qaharmanlardi’n’ obrazi’ wolardi’n’ ten’ da’rejede bayanlanatug’i’n sezim-tuyg’usi’ ha’m turmi’s jag’dayi’, is-ha’reketi arqali’ aydi’nlasadi’ ha’m de specifikali’q xarakterge iye boladi’. Bul jag’day da’stanlardi’n’ da usi’nday xarakterde boli’wi’n ta’miynleydi[74].

Al, poemada da waqi’yalar, qaharmanlardi’n’ is-ha’reketleri ha’m lirikali’q qaharmanni’n’ wog’an bolg’an ko’zqarasi’, ishki sezimi bayanlanadi’. Wonda waqi’yalar, qaharmanlar ko’p boli’p, wolar ken’ su’wretlenedi. Poemada gu’rrin’lerdegi yaki povestlerdegi si’yaqli’ qaharmanlardi’n’ turmi’si’ ha’m gu’resi barli’q waqi’tta jin’ishke, toli’q su’wretlenbey, al woni’n’ emocionalli’q xarakterge iye bolg’an tiykarg’i’ waqi’yalari’, jag’daylari’ lirikali’q qaharmanni’n’ ishki sezimine qaplani’p bayanlanadi’. Epikali’q shi’g’armalarda qaharmanni’n’ xarakteri woni’n’, tiykari’nan, si’rtqi’ do’gerek penen baylani’satug’i’n qatnasi’n ko’rsetiw menen ju’zege shi’g’ari’ladi’. Poemada xarakterdi ashi’wdi’n’ sonday epikali’q qural menen birgelikte, personajlardi’n’ ha’m wolarg’a belgili bir ko’zqarasi’ bolg’an lirikali’q qaharmanni’n’ ishki seziminin’ tuwri’dan-tuwri’ yaki si’rttan bayanlani’wi’ arqali’ da xarakter ju’zege shi’g’ari’ladi’[75].

Belgili a’debiyatshi’ Q.Ma’mbetov wo’zinin’ «A’debiyat teoriyasi’» atli’ miynetinde qaraqalpaq shayi’rlari’ni’n’ da epikali’q janrda shi’g’armalar do’retkenligin bi’lay dep bahalaydi’. «… Ha’r qanday shayi’rg’a tek lirikasi’ arqali’ g’ana baha beriw qi’yi’n. Ha’r qanday talantli’ shayi’r ballada, poema ha’m da’stan jazg’an. Demek, bul shi’g’armalarda lirikali’q terbelislerdin’ de dawami’ bar. Lekin, bul shi’g’armalar qosi’q penen jazi’li’wi’na qaramastan haqi’yqi’y epikali’q janrlar u’lgisi. Bul shi’g’armalarg’a liro-epika dep at qoyi’p aydar tag’i’li’p ju’rgeninin’ ma’nisi de usi’nnan bolsa kerek»[76].

---

[74] Абдыллаев Ө. Әдебият теориясы. –Ашгабат: Магарыф, 1985. Б.287-288.
[75] Абдыллаев Ө. Әдебият теориясы. –Ашгабат: Магарыф, 1985. -286 б.
[76] Мәмбетов Қ. Әдебият теориясы. -Нөкис: Билим, 1995. -193 б.

Sonli’qtan Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha» atli’ epikali’q shi’g’armasi’n qaysi’ janrg’a jatqari’w maqul. Belgili ilimpaz A’.Paxratdinov «Aqmaq patsha» shi’g’armasi’n da’stan dep atawi’ni’n’ basli’ sebebi, wonda waqi’yani’n’ ken’ planda su’wretlengenligin ha’m shi’g’armada avtordi’n’ «Bul da’standi’ jazdi’m baslap» degen qatarlari’n basshi’li’qqa alg’an. Sonday-aq, ilimpaz Berdaq jasag’an zamanda poema janri’ni’n’ bolmag’anli’g’i’n da belgileydi. Prof. A’.Paxratdinovti’n’ aytqan pikirlerinde jan bar. XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda ha’zirgi tilimizde qollani’li’p ati’rg’an ayi’ri’m janrlar bolmag’an. Sonli’qtan shayi’rlar wo’zlerinin’ jazg’an iri ko’lemli shi’g’armalari’n da’stan dep atag’an. Soni’n’ menen birge, Berdaqti’n’ bunday shi’g’armalardi’ jazi’wi’nda awi’zeki a’debiyatti’n’ janri’ yesaplang’an xali’q da’stanlari’ni’n’ da ta’siri belgili da’rejede seziledi. Biraq usi’ jerde ja’ne bir na’rseni umi’tpawi’mi’z kerek. Usi’ shi’g’armag’a ayi’ri’m ilimpazlardi’n’ «poema» dep at beriwinin’ de wo’z sebebi bar. Teoriyali’q a’debiyatlarg’a qarag’anda epikali’q ha’m lirikali’q qa’siyetler poemani’n’ barli’g’i’nda ten’ da’rejede berilmeydi. Ma’selen, Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha» shi’g’armasi’nda epikali’q mazmung’a u’lken wori’n beriledi. Wonda qaharmanlardi’n’ xarakteri ko’binese sezim arqali’ yemes, al is-ha’rekettin’, waqi’yani’n’, personajlardi’n’ ara qatnasi’qlari’ni’n’ bayan yetiliwi menen ashi’p beriledi. Sonday-aq, shi’g’armada syujet ha’m waqi’yalardi’n’ arasi’nda ha’reket yetetug’i’n personajlardi’n’ obrazi’ ani’q bayanlanadi’. Sonli’qtan Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha» shi’g’armasi’ epikali’q poemani’n’ da talaplari’na sa’ykes keledi. Mine, ayi’ri’m ilimpazlar usi’ ma’seleni na’zerde tutqan boli’wi’ mu’mkin. Bizin’ pikirimizshe a’debiyat teoriyasi’nda poema haqqi’nda ga’p yetkende poemani’n’ usi’nday ta’replerine di’qqat awdari’p poemalardi’n’ yeki ko’rinisin, yag’ni’y lirikali’q poema ha’m epikali’q poema dep atag’an maqul bolar yedi. Sonday jag’dayda ayi’ri’m ti’n’ ma’selelerge aydi’nli’q kiritiw mu’mkin dep woylaymi’z. Sebebi, lirikali’q poemani’n’ epikali’q poemag’a sali’sti’rg’anda ayi’rmashi’li’qlarg’a iye yekeni ko’zge taslanadi’. Ma’selen, lirikali’q poemada qaharmanlardi’n’ xarakteri ko’binese ishki sezimler, ruwxi’y tolg’ani’slar arqali’ ashi’ladi’. Sonday-aq, lirikali’q poemalarda waqi’yalar ken’ tu’rde

su'wretlenbeydi, al waqi'yalardi'n' lirikali'q qaharmanda payda yetken sezimleri ken' tu'rde beriledi. Lirikali'q qaharmanni'n' obrazi' birinshi wori'ng'a shi'g'adi'.

«Aqmaq patsha» shi'g'armasi'ni'n' jazi'li'w stili da'stanshi'li'q stiline ku'ta' jaqi'n. Soni'n' ushi'n biz de shi'g'armani' da'stan dep atag'an ilimpazlardi'n' pikirlerin quwatlag'i'mi'z keledi.

Berdaqti'n' «Aqmaq patsha» atli' epikali'q shi'g'armasi' 3056 qosi'q qatardan ibarat boli'p, 1877-ji'li' jazi'p pitkerilgen. Usi' da'standi' belgili shayi'r İ.Yusupov bi'lay dep bahalag'an yedi: «…realistlik da'stan «Aqmaq patsha» ni'n' do'reliwi, Berdaqqa deyingi, tiykari'nan alg'anda qosi'q-ji'rlaw janri'ni'n' rawajlani'w bag'i'ti'nda, qaraqalpaq jazba poeziyasi'nda epikali'q shi'g'armalardi'n' qa'liplesiwinde jan'a da'wirdin' baslani'wi' boli'p yesaplanadi'»[77]. Sonli'qtan «Aqmaq patsha» atamasi'ndag'i' epikali'q shi'g'armada Berdaqti'n' turmi's shi'nli'g'i'n ko'rkem su'wretlewdegi usi'li'na qarag'anda, woni'n' qaraqalpaq awi'zeki a'debiyati'nda bar bolg'an yertek ha'm da'stanli'q stilinen a'debiy ta'sirlengenligi seziledi. Yertek ha'm da'stanli'q stilinde qaharmanlardi'n' ha'reketleri, ha'r tu'rli halatdag'i' jag'dayi' ayi'ri'm jag'dayda bolag'oymasa, konkret – sezilerli janli' formada su'wretlenbey, al bayanlanadi', woni' avtor wo'z ati'nan so'ylep beredi. Berdaqti'n' «Aqmaq patsha» shi'g'armasi'nda da qaharmanlardi'n' obrazi'n bayan yetiw arqali' aydi'nlasti'ri'wg'a u'lken wori'n bergen. Biraq Berdaqti'n' bayan yetiw stili qaharmanlardi'n' ko'p ta'replemeli turmi'si'n dastanlarg'a qarag'anda teren' ken' ko'rsetip bergenligi menen ayi'ri'li'p turadi'. Bul woni'n' do'retiwshiligindegi bayan yetiwdin' konkret-sezilerli da'rejede su'wretlewge jaqi'n yekenin bildiredi. Sonday-aq, «Aqmaq patsha» shi'g'armasi'nda Berdaq wo'zinin' bayanlawshi' ha'm so'ylep beriwshi retinde de qatnasi'p ati'rg'anli'g'i'n bi'lay keltiredi:

Qa'te bolsa so'kpen', doslar,
Qa'dirdan kurbi'-qurdaslar,
Berdimurat so'zin baslar,
Ma'nisini ko'rin' an'lap:[78]

---

[77] Бердах. Избранная лирика. –Нукус: Каракалпакстан, 1977. -22 б.
[78] Бердақ. Сайланды шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1997. -174 б.

Da'standag'i' waqi'yani'n' qi'sqasha mazmuni' mi'naday: kekse xanni'n' balasi' jas zali'm patsha qi'ri'q hayal ali'p, qi'rqi' da tuwmag'annan keyin perzent ba'nesi menen tag'i' bir jas qi'zg'a u'ylenedi. Soni'n' menen qatar, shayi'r jas xanni'n' sorami'nda jasap ati'rg'an puqara xali'qti'n' awi'r turmi'si'n, ko'rgen azap-aqi'retlerin suwretleydi.

Bir yelde ko'ldin' jag'asi'nda bali'qshi'li'q penen ku'n ko'rip ati'rg'an soqi'r g'arri'ni'n' Gu'lim degen periyzat qi'zi' boladi'. A'ne, woni'n' sol qi'zi', a'kesi soqi'r bolg'annan keyin, a'kesinin' bali'qshi'li'q ka'sibin dawam yetedi. Gu'limnin' wog'ada suli'wli'g'i'n yesitken patshani'n' ja'lladlari' woni' izlep keledi. Qi'z wolarg'a qarsi'li'q ko'rsetedi. Ja'lladlar yekinshi ret ja'ne kelip, qi'zdi' zorli'q penen xang'a a'keledi ha'm xan woni' zindang'a taslatadi'. Sonda, zindanda bir ka'mbag'aldi'n' qi'zi' da jati'rg'an yedi. Wol da Gu'limdey xang'a qarsi'li'q ko'rsetken yeken. Soni'n' ushi'n xan woni'n' ata-anasi'n darg'a asi'p wo'ltirtken. Son', Gu'limdi xan zorli'q penen wo'z diydine ko'ndirip, wog'an u'ylenedi. Gu'lim wonnan ju'kli boli'p, qi'z tuwadi'. Xan wo'z hayallari'na: «Nabada qi'z tuwsan'lar baslari'n'i'zdi' juldi'ri'p, shawi'p taslataman», – dep yeskertip qoyg'an yedi. Al, xanni'n' qi'ri'q hayali' tuwi'lg'an qi'zdi'n' ati'n Gu'lzar dep qoyadi'. Xan Gu'limnin' qi'z tuwg'ani'n yesitip, hayaldi' wo'ltirip, qi'zdi' wo'zine a'keliwdi buyi'radi'. Qi'ri'q hayal Gu'limdi wo'limnen aman ali'p qali'w ushi'n hiyle woylap tabadi': «Bizler degishiw ushi'n wo'zlerimizdin' ishimizdegi birewimizdi «Ju'kli» – dep ma'limlegen yedik, biraq bizlerdin' hesh qaysi'mi'z da qi'z tuwg'an yemespiz, ba'ri de jalg'an» – dep, wolar ja'lladlardi' aldaydi'. Qi'zdi' bolsa, Zaru degen kisi jasi'ri'n tu'rde asi'ray beredi.

Aradan yeki ji'l wo'tkennen keyin, xanni'n' basqa hayali' – Ziywar da qi'z tuwadi'. Woni'n' ati'n Anar dep qoyadi'. Woni' da Zaru ta'rbiyalay beredi. Won bes ji'l wo'tkennen son', qi'zlar wo'zlerinin' jasi'ri'ni'p jati'rg'an jerinen shi'g'i'p, patshani'n' bag'i'nda seyil yetedi. Xan seyil yetip ju'rgen wo'zinin' qi'zlari' yekenin bilmey, al ki'zlar «biz sizin' qi'zi'n'i'zbi'z» – dep aytsa da ga'pine qaramay, Gu'lzardi' bekkem qushaqlap ali'p; «Sen mag'an ku'yewge shi'g'asan', bolmasa wo'ltiremen» – deydi. Qi'z qayi'lshi'li'q bermeydi. Ja'lladlar

xanni’n’ buyri’g’i’ menen qi’zlardi’ qali’n’ tog’ayg’a apari’p taslaydi’. Tog’ayda yeki bati’r jigit yeki qi’zdi’ ko’rip, wolardi’ ja’lladlardi’n’ qoli’nan ali’p qaladi’. so’ytip, wolar patshag’a qarsi’ ko’teriliske tayarlanadi’. Wolar zindanlardag’i’ barli’q tutqi’nlardi’ bosati’p, xandi’ wo’ltiredi. Xali’q yerkinlikke shi’g’adi’.

«Aqmaq patsha» da’stani’ni’n’ tiykarg’i’ ideyasi’ – bul hayal-qi’zlardi’n’ ten’lik ali’wi’ ushi’n gu’resi. A’sirese, bas qaharman bolg’an Gu’lim menen Gu’lzardi’n’ qaytpas qaysarli’g’i’ni’n’ shayi’r ta’repinen sheberlik penen su’wretleniwi. Shayi’rdi’n’ ja’ne bir jan’ali’g’i’ sonda, yegerde awi’zeki da’stanlarda hayal-qi’zlar bir-biri menen dushpanli’q penen qatnas jasag’an bolsa, bul shi’g’armada Berdaq ha’r qi’yli’ millettegi hayallardi’ bir shan’araqti’n’ adamlari’nday yetip, tati’wli’qta jasap ati’rg’ani’n ken’ tu’rde ji’rlaydi’. Al, Aqmaq patshani’n’ obrazi’ arqali’ jawi’z, qanxor, zali’m, buzi’q adamdi’ su’wretleydi. Bul shi’g’armani’n’ do’reliwi shayi’r jasag’an da’wir menen tariyxi’y baylani’sli’ boli’p tabi’ladi’. Sebebi, XIX a’sirdin’ basi’nda qaraqalpaq xalqi’ Xorezmge bari’p qoni’s basqan yedi. Lekin, wolar sol jerde Xiywa xani’ni’n’ duzag’i’na tu’sedi. Bug’an shi’damag’an xali’q qaytadan Jan’ada’ryani’n’ jag’asi’na ko’ship keledi. Al, Xiywa xani’ni’n’ ha’meldarlari’ wolardan tu’tinge, woti’ng’a ha’m t.b. ushi’n sali’q ala baslaydi’.

Qaraqalpaq xalqi’ 1827 – ji’li’ Xiywa xani’na qarsi’ ko’terilis jasaydi’. Ko’terilis xan ha’meldarlari’ sali’q ji’ynap ju’rgeninde 1827-ji’ldi’n’ jaz ayi’nda baslanadi’. Bug’an yen’ ko’p sanli’, u’lken ku’shke iye Qon’i’rat uri’wi’ da kelip qosi’ladi’. Wolardi’n’ sa’rdari’ Aydos biy boladi’. Mine, usi’ gu’reske bag’i’shlang’an Berdaqti’n’ «Aydos biy» atamasi’ndag’i’ tag’i’ bir epikali’q shi’g’armasi’ payda bolg’an. Shayi’rdi’n’ epikali’q shi’g’armalari’ni’n’ ju’zege keliwi tosi’nnan yemes, al wolardi’n’ evolyuciyali’q joldi’ basi’p wo’tkeninen da’rek beredi

Berdaqti’n’ «Aydos baba» da’stani’ndag’i’ bir qansha waqi’yalar tariyxi’y da’reklerde ko’rsetilgen shi’nli’qlarg’a sa’ykes kelmeydi. Tariyxi’y mag’li’wmatlarg’a qarag’anda, qaraqalpaqlar Jan’ada’rya jag’asi’nan Xorezmge

ko’ship kelip, Xiywa xani’na qarasli’ bolg’an waqti’nda Aydos baba wo’z yerki menen Xiywa xani’n moyi’nlag’an qaraqalpaq biylerinin’ biri yedi»[79].

Berdaqti’n’ «Aydos baba» da’stani’nda «Mayli’ shen’gel» ta’repindegi barli’q qaraqalpaq xalqi’n Aydos babani’n’ toli’q basqari’p ati’rg’anli’g’i’ ha’m woni’n’ yeki inisi: Begis ja’ne Mi’rji’qti’n’ Xiywa xanli’g’i’na bag’i’ng’i’si’ kelmey qarsi’li’q ko’rsetkenligi ji’rlanadi’.

Berdaq bul shi’g’armasi’nda patriotli’q sezimlerdi tiykarg’i’ ideyag’a wo’zek yetip ali’p, Xiywa xani’na qarsi’ gu’reste, wo’z yeli ha’m xalqi’ni’n’ yerkinligi ushi’n bati’rlarsha dushpanlari’ menen ali’sqan Aydosqa, Begiske, Mi’rji’qqa, Irzag’a ja’ne To’rege wo’z tileklesligin bildiredi. Al, Xiywa xani’n yeki ju’zli, jawi’z, hiyleker, qanxor, zali’m yetip ko’rsetedi. Mine shayi’r Aydos baba haqqi’ndag’i’ waqi’yalardi’ bayan yetiw usi’li’ arqali’ ko’rkem so’ylep bergen.

«Aydos baba» da’stani’ni’n’ Berdaqtiki yekenligi tuwrali’ qarama-qarsi’ pikirler de bar. A’.Paxratdinov, Q.Yusupov woni’ Berdaqtiki dep yesaplasa[80], al, M.Nurmuxammedov, A.Murtazaev[81] ha’m t.b. Berdaqqa tiyisli yemes dep yesaplaydi’.

Shi’g’armani’n’ ko’rkem formasi’ ma’selesine kelsek, wol jan’a folklorli’q formada jazi’lsa da, woni’n’ qosi’q ritmleri, rifmalari’ a’yyemgi tu’rkiy poeziyani’n’ janrli’q belgilerinin’ biri bolg’an tolg’aw formasi’nda du’zilgen. Mine, shayi’rdi’n’ tariyxi’y waqi’yalardi’ sa’wlelendiretug’i’n «Aydos baba» dastani’nan keyin, woni’n’ «Yernazar biy» atamasi’ndag’i’ ja’ne bir iri ko’lemli epikali’q shi’g’armasi’ du’nyag’a keledi. Shi’g’armadag’i’ basli’ qaharman Yernazar Aydosti’n’ inisinin’ birewi – Mi’rji’qti’n’ balasi’ yedi. Yernazardi’n’ anasi’ Qumar balasi’n jaslayi’nan wo’shpenli yetip ta’rbiyalaydi’. Yernazar ulkeyip, qatarg’a qosi’lg’annan keyin palwanshi’li’q penen shug’i’llanadi’. Wol Xiywadan biy atag’i’n aladi’. Keyin xanni’n’ aytqani’n da qi’lmay ketedi. Ha’tte, Xiywadan sali’q ji’ynawg’a kelgenlerdi uri’p, wolardi’ quwi’p jiberedi, al

---

[79] История каракалпакской литературы. –Ташкент: Фан, 1994. -226 б.
[80] Пахратдинов Ә. Бердақтың дәстанлық шығармалары. Нөкис, 1987: Юсупов Қ. Қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образы.: Дис.... канд. фил. наук. -Нөкис, 2002.
[81] Нурмухаммедов М. Бердак великий каракалпакский поэт. -Нөкис, 1988: Муртазаев А. Бердақ шығармаларында заманагөйлик ҳәм шеберлик. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.

ji'ynalg'an sali'qlardi' qaytadan xali'qqa tarati'p beredi. Na'tiyjede, Xiywa xani' woni' biylik ataqtan ayi'radi'. Wol Xiywa xani'na qarsi' gu'res ju'rgiziwge bel buwadi'.

«Bizin' qolda bar mag'li'wmati'mi'z boyi'nsha Yernazar alako'z 1805-ji'li' tuwi'lg'an, 1856-ji'li' 12-iyunde wo'lgen»[82] – dep jazadi' akademik S.Kamalov.

Soni'n' menen birge S.Kamalovti'n' miynetinde Ja'ne mi'naday tariyxi'y mag'li'wmatlardi' ushi'ratami'z: «Solay yetip, keneges Yernazar, man'g'i't Sayi'pnazar biy qusag'an qaraqalpaq biylerinin' satqi'nli'g'i'ni'n' na'tiyjesinde 1855-ji'ldi'n' noyabrinde baslang'an qaraqalpaq xalqi'ni'n' xali'q azatli'q gu'resi 1856-ji'ldi'n' iyun ayi'ni'n' wortasi'nda 2 aydan keyin Seyd Muxammed xan ta'repinen ayawsi'z tu'rde basti'ri'ldi'»[83].

Mine, tariyxi'y waqi'ya usi'nday. Biraq Berdaq wo'zinin' usi' tariyxi'y waqi'yag'a arnap jazg'an «Yernazar biy» da'stani'nda Yernazardi'n' kim bolg'ani'n, wol wo'zinin' aldi'na qanday siyasiy maqset qoyg'ani'n ani'q aytpaydi'. Berdaqti'n' shi'g'armasi'nda Yernazar Aydos babani'n' worni'na «Qaraqalpaq sa'rdari'» yesabi'nda su'wretlenedi. Da'standa Yernazar biy atag'i'nan ayi'ri'lsa da, xang'a bari'p iyilip qayti'wi'n dawam yete beredi. So'ytip ju'rip, wol xang'a qarsi' ko'terilis shi'g'ari'w ushi'n Xojelige keledi ha'm barli'q qaraqalpaq biylerin ji'ynaydi'. Woni'n' u'stine xan yetip Zarli'q to'reni tayarlaydi'.

Tiykari'nan Berdaq «Yernazar biy» shi'g'armasi'nda 1855-1856-ji'lg'i' ko'teriliste Yernazardi'n' bati'rli'g'i' tuwrali' ha'm qaraqalpaq biylerinin' xali'q birligin jawi'zlarsha buzg'ani'n ju'da' sheberlik penen ji'rlaydi'. Bul shi'g'arma tariyxi'y a'hmiyetke iye. Sonday-aq, shi'g'armani'n' tiykarg'i' ideyasi' – bul Yernazar Alako'zdin' bati'rli'g'i' ha'm woni'n' basqalardi' xali'q azatli'g'i' ushi'n gu'reske shaqi'ri'wi' boli'p yesaplanadi'.

Berdaq wo'z da'stani'nda Yernazardi'n' obrazi'nda epikali'q obrazdi', yag'ni'y negizi xali'q eposlari'nda saqlang'an qaharmanli'q obrazdi' do'retedi. Wo'ytkeni, qaharmanli'q obrazlardi'n' yen' basli' qaharmani' – bati'r, solay yetip

[82] Камалов С. Ерназар Алакөз – халық азатлық гүресиниң қаҳарманы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. -12 б.
[83] Сонда, -19 б.

wol wo’z da’stani’n epikali’q shi’g’armalarg’a sa’ykeslestirip, wo’mirdegi xa’m tariyxta bolg’an insanlardi’ prototip yetip ali’p, wolardi’ ko’rkem obraz da’rejesine shekem jetkergen. Demek, yegerde buri’nlari’ qaharmanli’q obrazlar xali’q awi’zeki do’retpelerinde ko’birek qi’yali’y toqi’ma tu’rde payda bolg’an bolsa, yendi XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda jazba epikali’q da’stu’rlerdin’ kirip keliwi na’tiyjesinde tariyxi’y adamlardi’n’ real obrazlari’ su’wretlenedi.

Berdaqti’n’ epikali’q shi’g’armalari’nda klassikali’q jazba a’debiyatqa ta’n belgiler: tariyxi’yli’q, turmi’s yamasa tariyxi’y sharayatlarg’a tiykarlang’an konfliktlerdi ko’riwge boladi’. Sonday belgilerge iye tariyxi’y da’stanlari’ni’n’ biri woni’n’ «Qulen boli’s» shi’g’armasi’ boli’p tabi’ladi’.

Berdaq XIX a’sirde jasag’an, qaraqalpaq xalqi’na xi’zmet yetken, tariyxqa aylani’p ketken Qulen boli’s haqki’nda ji’rlap, woni’n’ «xan sarayi’nan da arti’qmash yetilip jaydi’n’ sali’ni’wi’, mi’n’lag’an tu’p miyweli ag’ashlardi’n’, quri’li’sqa jaraytug’i’n tereklerdin’ yegiliwi ha’m kelege keltirilip wo’siriliwinin’, wolardan payda tu’siriwinin’ wo’zi Qulen boli’sti’n’ woy-o’risinin’ ken’, turmi’sti’, wo’mirdi tu’siniwinin’ teren’, isbilermenlik uqi’bi’ni’n’ ku’shli yekenligin da’lilleydi»[84]. Haqi’yqati’nda da Qulen boli’s wo’z zamani’ni’n’ isbilermen adami’ bolg’an. Woni’n’ obrazi’n Berdaq tariyxi’y-estetikali’q da’rejege ko’tergen. Wol negizinde tariyxta bolg’an adam. Woni’n’ «atag’i’ zor» ha’mmege ma’lim bolg’an. Sonday-aq, wol g’a’rip-qa’serlerdi si’ylag’an.

Bul shi’g’armada Berdaqti’n’ jetiskenligi sonda wol klassikali’q jazba a’debiyatta birinshi boli’p, xali’qqa xi’zmet yetken is bilermennin’ obrazi’n do’retken. Sonli’qtan da wol novator shayi’r boli’p yesaplanadi’.

Berdaq wo’z da’stani’na wo’mirde haqi’yqat jasag’an, ha’tte 1888-ji’li’ Tu’rkstan general-gubernatori’ ta’repinen kishi gu’mis medali’ menen si’yli’qlang’an Qulen Qudayshu’kirovti’ bas qaharman yetip alg’an. Qulen Qudayshu’kirov haqi’yqattan da boli’sli’q lawazi’mi’nda aq patshag’a hadali’y xi’zmet yetken adam. Aq patsha wog’an kishi gu’mis medali’n bergendegi ma’nisi, sol waqi’ttag’i’ wori’slar yen’gizgen boli’sli’q ha’meldi Qulen joqari’ da’rejede

[84] Пирназаров А. Бердақ шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар. -Нөкис: Билим, 1998. -96 б.

ali'p barg'ani' ushi'n yedi. Wo'ytkeni, 1873-ji'li' A'miwda'ryani'n' won' jag'asi'ndag'i' yeller Rossiya imperiyasi'na bag'i'ndi'ri'ldi'. Jan'a ha'kimiyat du'zildi, yag'ni'y territoriya bir neshe uchastkalarg'a, uchastkalar bir qansha boli'sli'qlarg'a, boli'sli'qlar aqsaqallar basqaratug'i'n awi'llarg'a bo'lindi. Al, boli'sli'q lawazi'mg'a jergilikli xali'q wa'killerinen u'sh ji'l mu'ddetke saylap qoyatug'i'n boldi'. Sol sebepten Qulenge uqsag'an baylar ha'r qi'yli' jollar menen wo'zi turg'an jerdegi xali'qqa jag'i'ni'wg'a umti'ldi'. Woni'n' u'stine, Xiywa xani'ni'n' ayawsi'z yeziwinen zorg'a quti'lg'an xali'qqa wori'slardi'n' yengizgen bul ta'rtip-talaplari', tuti'm-siyasatlari' ku'ta' unap qaldi'. Sebebi, Qulen boli's wo'zinin' qarawi'nda islegenlerge a'dalatli'q penen miynet haqi'lari'n to'lep bardi'. Sol sebepten de, Berdaq wo'z shi'g'armasi'nda Qulen boli'sti' ken' peyilli yetip, woni' ko'klerge ko'terip, woni'n' «mal-mu'lkin, bayli'g'i'n, ata-tegin, zaw-zati'n, at-abrayi'n» maqtap «ideal adam» yesabi'nda ju'da' sheberlik penen suwretleydi.

Demek, «Shayi'rdi'n' tu'siniginde, (da'standa bayan yetilgendey) Qulen ha'm woni'n' islep ati'rg'an barli'q isleri, xojali'g'i'na bolsa da yerisken tabi'slari', keleshektegi jaqsi'li'qti'n' belgisi. Wori'slar bizdi, ba'lkim, baxi'tqa jetkerer, bunnan keyin g'a'rezsiz yel bolarmi'z, wog'an Qulen qusag'an peyli ken', barli'-bardamli', qoli'nan ha'mme na'rse keletug'i'n adamlar yel basqarar. Mine, wori's ha'meldarlari'ni'n' waqi'tsha g'ana usi'nday sumli'qli' jayma-shuwag'i'nan ilhamlang'an Berdaq «Qulen boli's» da'stani'n maqtani'sh ruwxi' menen jazadi'»[85]. Shayi'rdi'n' bul epikali'q shi'g'armasi' - XIX a'sirdin' aqi'ri'nda haqi'yqi'y turmi'stan ali'p jazi'lg'an tariyxi'y shi'g'arma.

Berdaq usi' da'stani'nan basqa da xanlar, biyler, atali'qlar ha'm ha'r qi'yli' mayda, iri a'meldarlar tariyxi'nan iri ko'lemli ko'p shi'g'armalar jazg'an shayi'r. Sonday shi'g'armalardi'n' biri «Aydos baba». Buni' avtor «o'z zamani'ndag'i' satqi'n, qorqaq, xanni'n' wo'zine sa'lem beriwge seskenip, woni'n' ko'len'kesine ta'jim yetip ju'rgen, sonday-aq xan iytarshi'lari'na Aydos qusap qi'li'sh gezeniw tu'we, kerisinshe wolarg'a para berip, ku'neltkennin' ku'ni arti'q dep, xali'q

[85] Қосбергенов Р. Қарақалпақстанның Россияға қосылыўы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1972. Б.216-262.

ta’g’dirinin’ mu’shkillesiwin keltirip shi’g’arg’an ayi’ri’m qaraqalpaq biylerine qatti’ soqqi’ beriw ushi’n jazdi’»[86], - deydi ilimpaz Aydar Murtazaev wo’z miynetinde.

Biraq «Aydos baba» shi’g’armasi’nda Aydos xanni’n’ ji’ynag’an sali’g’i’n xali’q penen birge bo’lisiw ushi’n woni’ to’rt bo’lekke bo’lip, woni’n’ birine diyqanlardi’ sherik yetiwdi talap yetedi. Soni’n’ ushi’n wol xan benen ayti’si’p qaladi’. Xang’a ga’p u’yretken Meter menen Qusbegiler Aydos babani’ xang’a jaman atli’ yetip ko’rsetedi. Sonli’qtan xan Aydos babag’a hiyle qi’ladi’ ha’m Aydos baba xan qoli’nan sheyit wo’ledi.

Sebebi, xali’q Xiywa xani’ni’n’ yeldi ali’m-sali’q penen shennen zi’yat qi’ynag’an yedi. Xali’q narazi’ boli’p, ko’terilis shi’g’arsa da, ali’m-sali’q ali’wdi’ hesh toqtatpadi’.

Berdaq wo’z shi’g’armasi’nda wo’z xalqi’n, yelin woylaytug’i’n biydi su’wretlep, woni’n’ obrazi’n jaratadi’. Al zali’m xanni’n’ qi’lg’an su’temkerlik is-ha’reketlerin a’shkaralaydi’ ha’m xali’qta wonday xanlarg’a jerkenish tuwdi’radi’. Bunday epikali’q shi’g’arma sol gezleri ju’da’ kerek yedi.

Soni’n’ menen qatar, Berdaq qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’tmishte basi’nan keshirgen qaharmanli’q waqi’yalari’n su’wretleytug’i’n bir qansha shi’g’armalar da jazdi’. Solardi’n’ biri «Amangeldi» da’stani’. Bul shi’g’arma qaraqalpaq xalqi’ni’n’ XVIII a’sirde jasag’an bati’rlari’ Asan biy ha’m Amangeldi tuwrali’ jazi’lg’an.

XVIII a’sirde ha’m XIX a’sirdin’ basi’nda qaraqalpaq xalqi’ni’n’ bir bo’legi Qoqan xani’ni’n’ qol asti’nda boladi’. Sol waqi’tlarda qaraqalpaqlardi’n’ ar-nami’si’n jaqlaytug’i’n bati’r - Asan Qudayberdi uli’ bolg’an.

Qoqan xani’ sol Asan atali’qqa (qaraqalpaqlardi’n’ basshi’si’) wo’zinin’ ka’nizeklerge toli’ ha’remxanasi’n ja’ne bir suli’w menen bezew ushi’n qaraqalpaq qi’zlari’nan a’keliwdi buyi’radi’. Al, Asan woni’n’ bul qorli’g’i’na qarsi’ turadi’. Wol xang’a: «Menin’ ko’zimnin’ tirisinde, qaraqalpaq qi’zi’n alalmaysan’», - dep juwap beredi. Xanni’n’ buyri’g’i’ menen Asandi’ uzaq waqi’t qi’ynaydi’. Ba’ri bir

[86] Муртазаев А. Бердақ шығармаларындағы заманагөйлик ҳәм шеберлик. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. -55 б.

wol xanni'n' aytqani'n yetpeydi. Bunnan keyin xan Asandi' darg'a asti'radi'. Usi' qanli' waqi'yadan keyin qaraqalpaqlar Qoqan xani'ni'n' qol asti'nan shi'g'i'p, Jan'ada'rya jag'asi'na ko'ship baradi'. Lekin, ko'p waqi'tqa deyin Asanni'n' wo'limi qaraqalpaq xalqi'ni'n' yesinen shi'qpaydi'. Xali'q topari'na` «Asanni'n' qani' ushi'n kim wo'sh aladi'?», - dep soraw taslag'anda, wolardi'n' arasi'nan Amangeldi degen bati'r jigit shi'g'i'p: «Wog'an men qayi'lman»,-deydi. Da'stanni'n' juwmag'i'nda qaraqalpaq xalqi'ni'n' bati'ri' - Amangeldi Qoqan xani'nan Asanni'n' qani'n aladi', xandi' wol gelle qi'ladi'[87].

Bul da'stan tuwrali' a'debiyatshi' A.Murtazaev mi'nanday pikirdi bildiredi: «Aqmaq patsha» ha'm «Amangeldi» da'stanlari', wolardag'i' qoyi'lg'an ma'selelerdin' ta'biyati', negizgi maqseti boyi'nsha wo'z-ara ju'da' uqsas. Yekewinde de hayal-qi'zlardi'n' ar-nami'si', bas yerkinligi qorg'aladi'»[88]. Negizinde, ilimpazlardi'n' aytqan pikiri duri's. Sonli'qtan biz, ilimpazdi'n' pikirine anaw-mi'naw degimiz kelmeydi. Lekin, bul yeki shi'g'arma wo'zinin' ideyali'q ha'm syujetlik jag'i'nan da bir-birinen neda'wir ayi'ri'li'p turatug'i'n, yeki tu'rli, klassikali'q jazba a'debiyati'na sa'ykeslenip jazi'lg'an, qaharmanli'qti' si'patlaytug'i'n da'stanlar.

Berdaq «Amangeldi» da'stani'nda jaslardi' ko'p sawashlarg'a qatnasqan ha'm barli'q jerde wo'zinin' yerligin ja'ne bati'rli'g'i'n ko'rsetken Amangeldidey boli'wg'a shaqi'radi'. Tek ashi'narli'si' sol, ilimpazlardi'n' ayti'wi'nsha «Amangeldi» da'stani'nan bizge «oni'n' ideyali'q mazmuni'n saqlap qali'wshi' g'ana qi'sqarti'lg'an varianti' kelip jetken»[89].

Uli'wma alg'anda, bizlerge kelip jetken qi'sqarti'lg'an varianti'nda yeki waqi'ya su'wretlenedi. Birinshisinde, qaraqalpaqlardi'n' Miyanko'lde jasap turg'an waqi'tlari'nda Qoqan xanli'g'i'nan azap ko'riwi ji'rlansa, al yekinshi waqi'ya - bul qaraqalpaqlardi'n' Amangeldi degen a'sker sarka'rdasi'ni'n' bati'rli'q ko'rsetkeni so'z yetiledi. Tariyxta «Buxara a'tirapi'nda jasawshi' Jan'ada'rya qaraqalpaqlari' menen Miyanko'l qaraqalpaqlari'ni'n' u'lken qatnasi'g'i' bolg'an. Miyanko'l Zarafshan da'ryasi'ni'n' boyi'. Bul territoriya

---

[87] История каракалпакской литературы. –Ташкент: Фан, 1994. Б.233-234.
[88] Муртазаев А. Бердақ шығармаларындағы заманагөйлик ҳәм шеберлик. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. -49 б.
[89] Тлеўмуратов М. Бердақтың шығармаларындағы тарийхый дереклер. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1968. -6 б.

XVIII a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nda Qoqan xanli’g’i’na qarag’an, biraq siyasiy jaqtan Buxara a’mirligine g’a’rezli boli’p turg’an. Soni’n’ ushi’n Qoqan xanli’g’i’ qaraqalpaqlarg’a islegen ha’r qanday zuli’mli’qlardi’, Buxara a’mirinin’ ko’rsetiwi boyi’nsha islese de itimal. Sebebi qaraqalpaqlar wo’zleri jawi’nger xali’q bolg’an. Ko’binese, XVIII a’sirde Buxara a’tirapi’n aylani’p jasag’an. Biraq, hesh bir xanli’qqa toli’q bag’i’nbag’an. Ha’tte, bul xali’q Buxara a’mirine de bag’i’nbag’an. XVIII a’sirdin’ wortalari’nda Miyanko’ldegi jasawshi’ qaraqalpaqlar wo’zleri menen birge feodallarg’a qarsi’ ko’terilisi Qoqan xanli’g’i’n, Buxara a’mirin biraz qa’wip-qa’terge ushi’ratqan»[90]. «Bunday ko’terilisler XIX a’sirdin’ baslari’nda da bir neshe ma’rtebe bolg’an»[91].

Qullasi’, Berdaqti’n’ «Amangeldi» da’stani’ da tariyxi’y temadag’i’ shi’g’arma. Woni’n’ tariyxi’yli’g’i’n «ko’plegen geografiyali’q jer atlari’: Tu’rkstan, Miyanko’l, Qoqan, Buxara, Andijan, Namangan, Marg’ulan ha’m t.b. ja’ne de tariyxi’y adam atlari’, mi’sali’: xan Miraydar, A’mir Xaydar (1800-1826-jj.), Shamurat, Muzappar, Da’niyar-Daniyal, Asan Xudayberdi uli’, Amangeldi ha’m t.b. adam atlari’ bar»[92], yekenligin da’lilleydi.

Negizinde, bul geografiyali’q jer atlari’ da, adam atlari’ da tariyxta bar yekenligin qaraqalpaq klassikali’q jazba a’debiyati’n woqi’g’ani’mi’zda biz jiyi-jiyi ushi’ratami’z.

Al shi’g’armani’n’ janrli’q belgilerine itibar bergenimizde, wonda epikali’q bayanlaw usi’li’ basi’m boli’p tabi’ladi’. Ma’selen, Amangeldinin’ obrazi’n jaratqanda epikali’q da’stanlardi’n’ ta’siri seziledi. Mi’sali’, Amangeldinin’ is-ha’reketleri giperbolali’q su’wretlew usi’llari’ menen beriledi. Mi’sali’:

Amangeldi Tu’rkstanda
Ha’mir yetse bir zamanda,
La’shker tarti’p atlang’anda,
Bo’lek-bo’lek duman keldi[93]

[90] Сонда. -30 б.
[91] Сонда, -15 б.
[92] Тлеўмуратов М. Бердақтың шығармаларындағы тарийхый дереклер. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1968. -15 б.
[93] Бердақ. Сайланды шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1997. -112 б.

- degen qatarlarda da’stanlardag’i’ si’yaqli’ qaharmandi’ bati’r yetip ko’rsetiw ha’m woni’ su’wretlew, woni’n’ ku’shinin’ zor yekenin ayri’qsha belgilew u’lken wori’n tuti’p tur. Ma’selen, «Yedige», «G’o’rug’li’» si’yaqli’ da’stanlarda qaharmanni’n’ usi’nday giperbolali’q usi’lda bayanlaw u’lken wori’n iyelegen.

Da’stanlarda ko’birek qollani’lg’an usi’llardi’n’ ja’ne biri qaharmanni’n’ ma’rtligin ari’slang’a ten’ew ha’m woni’n’ ku’sh-qayrati’n bildiriw boli’p tabi’ladi’. Mine, usi’ belgiler de «Amangeldi» shi’g’armasi’nda ushi’rasi’p woti’radi’. Mi’sali’:

Bari’p dushpandi’ wo’ltirdi,
Gellesin kesip keltirdi,

Ma’rtligin jurtqa bildirdi,
Ari’slan tuwg’an Amangeldi.

Qaytpadi’ bekten ha’m xannan,
Kesherler shiyrin jani’nan,
Amangeldinin’ qoli’nan,
Quti’lmag’i’ gu’man boldi’…[94].

Degen shuwmaqlarda ma’lim bolg’ani’ si’yaqli’ Amangeldinin’ obrazi’ ma’rt-ma’rdana jigittin’ xarakterin wo’zinde ja’mlegen. Sebebi, wonda epikali’q obraz do’retilgen. Amangeldinin’ waqi’yalardi’n’ ishinde ali’p barg’an is-ha’reketleri, xan menen so’ylesiwleri, ishki-sezimleri bayanlani’p, su’wretlengen. Usi’nday obraz jarati’w qaharmanli’q da’stanlarda u’lken wori’n alg’an. Usi’ ta’repten ali’p qarag’anda Berdaqti’n’ «Amangeldi» shi’g’armasi’ni’n’ syujeti xali’q da’stanlari’nda sa’wlelengen ma’rtlik-ma’rdanali’q motivlerinen tiykar ali’p qaytg’anli’g’i’ ko’zge taslanadi’. Sonday-aq shi’g’armada qaharman xarakterin ashi’p beriwde tariyxi’y konfliktler tiykar yetip ali’ng’an ha’m usi’ konfliktler menen baylani’sli’ waqi’yalar bir syujetti payda yetip tur. XIX a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nda Worta Aziya regioni’nda boli’p wo’tken siyasi’y-tariyxi’y waqi’yalar

[94] Бердақ. Сайланды шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1997. -112 б.

na'tiyjesinde A'miwda'ryani'n' won' ta'repindegi qaraqalpaqlar Rossiya ta'repine wo'tedi (1873-ji'li'). Biraq, qaraqalpaqlardi'n' patsha Rossiyasi'na qosi'li'wi' wolardi' yeziwshilikten ha'm yerkinlikten azat yetpeydi. Patsha Rossiyasi' u'stem toparlardi'n' ma'pin jaqlaydi'. Qaraqalpaq xalqi' buri'ng'i'si'nsha awi'r jag'dayda jasay beredi. Qaraqalpaqlardi'n' basi'nan wo'tkergen usi' waqi'yalari', xali'qti'n' turmi'slari' ko'rkem a'debiyatta wo'z sa'wlesin tapti'. Usi'nday shi'g'armalardi'n' biri Berdaqti'n' «Xorezm» da'stani' boldi'. Bul shi'g'armasi'nda Berdaq, 1873-ji'lg'i' wori'slardi'n' A'miwda'ryani'n' won' ta'repindegi xali'qti' wo'zine qarati'w maqsetinde basi'p ali'wshi'li'q uri'si'n ha'm wolardi'n' ha'kimshilik tuti'm-rejelerin dawam yetkenin ku'ta' sheberlik penen a'shkaralaydi'. A'sirese, wonda wol, wori's kolonizatorlari'n, wori's samoderjaviyasi'n ha'm g'ayri' dindegilerdi (ka'pirlerdi), ha'tteki barli'q basi'p ali'wshi'lardi' qaralaydi'.

«Berdaq da'standa Xorezmnin' patshalari'n ko'termeleydi, wolar puqara xali'qqa tiygizgen paydasi' ha'm zi'yani' boyi'nsha sali'sti'ri'ladi'. Basi'p ali'wshi'lar da dini bo'lek (ka'pir) bolg'anli'g'i' sebepli yemes, al wolar Xorezmdi basi'p ali'p, sol yeldin' abadanlasi'wi' ushi'n qanday is isledi, qanday ma'pi tiydi? Mine, usi' principti shayi'r na'zerde tuti'p, İskender Zulxarnayi'ndi', Shi'n'g'i'sti', Xorezmnin' wo'zinin' xanlari' Allaquli', Ma'dreyim si'yaqli'lar menen qatar qoyi'p so'z yetedi. Berdaq mi'naw İskender, mi'naw Shi'n'g'i's, mi'naw Sultan Maxmud, ya Allaquli' demeydi, wolardi'n' ha'r birinin' Xorezmdi iyelegennen keyin, yaki Xorezm taxti'na woti'rg'annan son' yel jurtti'n' awhali' qalay wo'zgerdi, yaki wol apatshi'li'qqa giriptar boldi' ma, woni' avtor, wolardi'n' birin-birine sali'sti'ra woti'ri'p, jasi'rmay su'wretleydi»[95].

«Xorezm» da'stani' ko'p ji'llarg'a shekem reakcion diniy shi'g'arma dep qaralani'p ta ju'rdi. Bug'an A.Savickiydin' Tashkentten shi'g'atug'i'n «Zvezda Vostoka» jurnali'nda basi'lg'an «Qaraqalpaq ku'ndelik da'pterinen» degen maqalasi' sebep boldi'. Wonda wol, Berdaqti' «qaraqalpaq feodallari'ni'n' ha'm musi'lman ruwxani'ylari'ni'n' ideologi'», «suwpi'-iyshanlardi'n' reakciyashi'l ideyalari'n bildiriwshi», «qara ha'm wo'tirik ideyalardi' na'siyatlay woti'ri'p»,

[95] Муртазаев А. Бердақ шығармаларындағы заманагөйлик ҳәм шеберлик. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. -49 б.

«Xorezm» shi’g’armasi’nda «ka’pirlerge isenbewge» shaqi’ri’p, «miynetkesh qaraqalpaq ushi’n yen’ qa’dirli na’rsege is penen tekserilgen ha’m waqi’t si’naqlari’nan wo’tken wori’s xalqi’ menen dosli’qqa qol sala woti’ri’p», «jaramsi’z rol atqardi’»[96] - dep ayti’ladi’. Na’tiyjede, Berdaqti’n’ aldi’ng’i’ shi’qqan tan’lamali’ toplamlari’na «Xorezm» ha’m «Shejire» da’stanlari’ kirmey qaldi’**.** A.Savickiydin’ «burmalang’an ko’z-qaraslari’n» a’debiyatshi’ S.Axmetov wo’zinin’ «Berdaq tuwrali’ kritikali’q maqalalar ha’m wolardi’n’ xarakteri» - degen miynetlerinde usi’ ma’selelerdi ashi’p beredi. Berdaq, «o’z zamani’ ushi’n - bul progressivlik poziciyalarda turg’an haqi’yqat xali’q shayi’ri’. Wol wo’z xalqi’ni’n’ awi’r jag’dayi’n ayqi’n ko’rdi ha’m wog’an qabi’rg’asi’ qayi’sti’, biraq, sol da’wirdegi siyasiy-ekonomikali’q jag’dayg’a baylani’sli’ xali’qti’ azat yetiw jollari’n bilmegeni menen, usi’ azatli’qti’ a’rman yetti, yeziwshiliktin’ joq yetiliwin, keleshekten azatli’qti’ ha’m ten’ huqi’qli’qti’ ku’tti»[97], - dep ali’m A.Savickiydin’ burmalawshi’li’q pikirlerin ha’m woni’n’ principsizligin da’lillep beriwge umti’ladi’.

Al, «Xorezm» da’stani’na tan’i’li’p ju’rgen sol ayi’plar tuwrali’ ilimpaz A.Murtazaev wo’z miynetinde bi’lay dep jazg’an yedi: «Qoljazbalardi’ u’yrenip qarag’ani’mi’zda, woni’n’ «a’wele aytsam bismilla, bismilla islam quwati’» dep qa’dimgi tradiciyali’ baslama menen baslang’anli’g’i’ menen, bir yeki jerde «musi’lman», «ka’pir» so’zlerinin’ ushi’rasatug’i’nli’g’i’nan ti’sqari’ hesh qanday din, yaki reakciya joq», «Xorezm» da’stani’ A.Savickiy aytqanday diniy mistikali’q, panislamizm bag’i’ti’nda jazi’lg’an shi’g’arma yemes, sebebi wonda ka’pir de, musi’lman da birdey, yekewi de adamni’n’ perzenti dep su’wretlenedi», «Berdaq, qaysi’ bir xali’q qaysi’ bir dinde boli’wi’na qaramastan, wolar bir adamni’n’ balasi’nday boli’p jasawg’a minnetli degen ideya jaratqan»[98]. «Xorezm» - xali’qti’n’ tariyxi’y sharayati’nan tuwg’an Berdaqti’n’ ni’zamli’ to’l do’retpesi»[99]. Biz de usi’ pikirlerdi qollap-quwatlaymi’z.

---

[96] Савицкий А. Из каракалпакского дневника. // Звезда Востока. 1953. -№12. –Б.96-103; 1954. -№1. Б.103-109.
[97] Ахметов С. Бердақ туўралы мақалалар ҳәм олардың характери. // Қызыл Қарақалпақстан. 1954. 21-сентябрь, -№189. -Б.2-4.
[98] Муртазаев А. Бердақ шығармаларындағы заманагөйлик ҳәм шеберлик. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. Б. 65-68.
[99] Муртазаев А. Бердақ шығармаларындағы заманагөйлик ҳәм шеберлик. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993. -68 б.

Berdaq «Xorezm» da’stani’nda Xorezmdi basi’p alg’an barli’q patshalardi’n’ ha’mmesin de biletug’i’nli’g’i’n, a’sirese zuli’mli’qti’ wori’s patshasi’ wolardan da beter wo’tkerip jibergenin so’z yetip, Xorezmdi gu’lla’n tariyxi’nda u’sh ma’rtebe g’ayri’ din alg’ani’n aytadi’, ma’selen, b.e.sh. IV a’sirdegi İskender Zulxarnayi’nni’n’ basqi’nshi’li’q penen ha’mmeni bu’ldirgenin, al Shi’n’g’i’sxanni’n’ Xorezmdi qarap qi’lg’ani’n, wori’s patshasi’ni’n’ apatshi’li’q keltirgenin, ba’rinen de beter woni’n’ barli’q jerdi wayranshi’li’qqa aylandi’rg’ani’n ji’rlaydi’. «Xorezm» musi’lmanlardi’n’ dinin, ha’r xali’qti’n’ wo’zine ta’n ulli’li’g’i’n yesapqa almastan, wolardi’ kemsitiwine, hu’rmet ko’rsetpewine, qaytama kem-kemnen ku’nnen-ku’nge wolardi’ qorlawi’n dawam yete beriwine qarsi’ jazi’lg’an Berdaqti’n’ yen’ zamanago’y do’retpelerinin’ biri boli’p tabi’ladi’»[100].

Shi’g’armani’n’ epikali’q belgileri ma’selesine kelsek, wonda mi’nalardi’ ayti’p wo’tiw wori’nli’. Shi’g’armada insaniyatti’n’ jarati’li’wi’, wonda payg’ambarlardi’n’ qa’ramati’, sonday-aq yeldi basqarg’an xanli’qlar, patshali’qlardi’n’ atlari’ izbe-iz keltiriledi. Usi’ xan, biylerdin’ islegen is-ha’reketleri ken’ epikali’q tu’rde su’wretlenedi. Shayi’r bunda lirikali’q qaharman retinde yemes, al bayanlawshi’ retinde ko’rinedi. Xorezm haqqi’ndag’i’ waqi’yani’ yag’ni’y «hiqayatti’» baslawda xali’q da’stanlardiki si’yaqli’ aldi’n bayanlaw tu’ri qollani’lg’an. Mi’sali’:

Arzi’m yeshit begu’w xanlar,
Shiyrin ziban nu’qta’danlar,
Yeshit diyni musi’lmanlar,
Xorezmnin’ hiqayati’.

Nema’ti jan nema’t jisim,
Diyn Xorezm boldi’ isim,
Shul Xorezmge u’ch qi’si’m,
Yetdi ka’firnin’ zaxma’ti[101].

---

[100] Сонда. -75 б.
[101] Бердақ. Сайланды шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1997. -164 б.

Mine, usi’ qatarlardan keyin Xorezm xan, biylerin, wol jerde boli’p wo’tken waqi’yalardi’ bayanlap baslaydi’.

Patsha Rossiyasi’ni’n’ Xorezm yelati’na qi’lg’an yeziwshilikleri, su’temleri tiykari’nda bolg’an konfliktler shi’g’armada syujetti payda yetip tur. Waqi’yag’a tek g’ana bir qaharman yemes, al bir topar adamlar yag’ni’y personajlar qatnasi’p, sol konfliktlerdi ali’p baradi’. Usi’ konfliktler tiykari’nda da ha’r bir personaj ha’m qaharmanlardi’n’ xarakteri ashi’p berilgen. Mi’sali’, xali’qti’n’ a’rzi’w-a’rmani’ shi’g’armada bi’lay bayanlang’an:

Musi’lmana da’fi ku’shad,
Diyn Xorezm bolg’ay abad,
Ziyri za’ba’r lati’manat.
Bolg’ay haqni’n’ inayati’[102].

Bunday bayanlaw shi’g’armani’ lirikali’q qosi’qlardan ayi’ri’p tur. Sebebi, shi’g’armada lirikali’q «Men» wonshama ko’rine bermeydi, wonda epikali’q bayanlaw basi’m. Shi’g’armada qaharman ha’m personajlardi’n’ ha’r bir is-ha’reketi toli’g’i’ menen ashi’p berilgen.

Ja’ne mi’nani’ da ayti’w kerek «Xorezm» da’stani’ Berdaqti’n’ yen’ son’g’i’ epikali’q do’retpesi. Wol usi’ shi’g’armasi’n jazi’p bolg’annan keyin, 73 jasi’nda, 1900-ji’li’, dekabr ayi’nda A’miwda’ryani’n’ quyar jerine jaylasqan Aqqala awi’li’nda ko’z jumadi’.

Juwmaqlap aytqanda, Berdaq, qaraqalpaq xalqi’nan shi’qqan gumanist, demokrat, haqi’yqat xali’q shayi’ri’. Mine usi’ shayi’rdi’n’ do’retiwshiliginde tariyxi’y waqi’yalardi’n’ ken’ polotnosi’n ko’riwge boladi’. Sol da’wir waqi’yalardi’ ken’nen su’wretlew ushi’n shayi’r jazba a’debiyatta epikali’q janrdi’ tan’lap ali’p, woni’ waqi’yalardi’n’ ko’rkem bayani’ menen tolti’rg’an. Sonli’qtan shayi’r do’retiwshiliginde epikali’q shi’g’armalardi’n’ evolyuciyasi’ ko’rkemlik da’rejede rawajlani’p, bizin’ usi’ ku’nimizge jetip kelgen.

1. XIX a’sir qaraqalpaq jazba a’debiyati’nda ha’rqi’yli’ janrlardi’n’ payda boli’wi’ menen bir qatarda epikali’q janrda da birqansha shi’g’armalar do’retildi.

[102] Сонда. -169 б.

Bul janrdi’n’ ju’zege keliwide xali’qti’n’ siyasiy-tariyxi’y, ma’deniy turmi’si’ menen baylani’sli’ boldi’. Publikeg’a wo’z da’wirinin’ basli’ ma’selelerin ken’nen su’wretleytug’i’n shi’g’armalar ha’m qaharmanli’q obrazlar kerek boldi’. Bul ma’seleni sheshiwde epikali’q janrlardi’n’ mu’mkinshiligi ko’p yedi. Sonli’qtan, qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda epikali’q janrdi’n’ rawajlani’wi’na jol ashi’ldi’. Yag’ni’y XIX a’sir qaraqalpaq jazba a’debiyati’nda epikali’q janr a’debiy qubi’li’s si’pati’nda ju’zege keldi.

2. XIX a’sir ha’m XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ epikali’q shi’g’armalar xali’q da’stanlar menen baylani’sli’ kelip shi’qqan, sonday-aq woni’n’ genetikali’q tami’rlari’ awi’zeki a’debiyattag’i’ terme-tolg’awlarg’a da bari’p taqaladi’.

3. XIX a’sirdegi epikali’q shi’g’armalardi’n’ janrli’q qa’siyetlerin si’patlaytug’i’n basli’ belgiler to’mendegishe:

a) wolarda avtor ko’binese bayanlawshi’ yaki personajlar si’pati’nda qatnasadi’:

b) syujet, motivler, konfliktler bar:

v) qaharmanlar ha’m basqa da personajlar qatnasadi’:

g) usi’ da’wirdegi epikali’q shi’g’armalarda waqi’yalar proza menen yemes, al qosi’q penen epikali’q planda su’wretlenedi.

4. XIX a’sir ha’m XX a’sirdin’ basi’ndag’i’ qaraqalpaq a’debiyati’nda epikali’q janrdi’n’ rawajlani’wi’nda Wo’teshtin’ «Hayran yetti», A’bdiqa’dirdin’ «Qi’zketken», Qudaybergennin’ «Ma’rdikar», Qulmuratti’n’ «Won tog’i’z» shi’g’armalari’ belgili da’rejede a’hmiyetke iye.

5. Usi’ da’wirdegi epikali’q janrdi’n’ qa’liplesiwinde ha’m rawajlani’wi’nda Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Qulen boli’s», «Amangeldi» si’yaqli’ epiakli’q shi’g’armalalari’ u’lken ko’rkem-estetikali’q a’hmiyetke iye boldi’. Berdaq wo’zinin’ epikali’q shi’g’armalari’n da’stanshi’li’q qi’ssaxanli’q da’stu’rlerin paydalani’p jazg’an.

## JUWMAQ

Biz pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zda "XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ janrli’q aspektten izertleniwi" degen tema u’stinde jumi’s ali’p bardi’q. Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’z krisiw, juwmaq, paydalani’lg’an a’debiyat ha’m **2** baptan ti’sqari’ woni’n’ ishinde bir neshe bo’limlerdi wo’z ishine qamti’ydi’.

Pitkeriw qa’niygelik jumi’sti’n’ kirisiw bo’limi pitkeriw qa’niygelik jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’, ilimiy jan’ali’g’i’, metodologiyali’q tiykari’, jumi’sti’n’ aprobaciyasi’ ha’m jumi’sti’n’ quri’li’snan turadi’**.** Sonday-aq bul bo’limnin’ baslani’wi’nda Wo’zbekstan Respublikasi’ prezidenti İslam A’bdig’anievich Ka’rimovti’n’ miynetlerinen paydalandi’q**.** Al tiykarg’i’ maqset wazi’ypalari’nda bul tema boyi’nsha izertlew jumi’slari’n islegen qaraqalpaq ilimpazlari’ni’n’ ati’n ha’m wolardi’n’ ilimiy miynetlerin ko’rsetip wo’ttik. Metodologiyali’q tiykari’nda rus, qaraqalpaq, wo’zbek ha’m t.b. xali’qlardi’n’ ilimiy miynetlerine su’yendik.Jumi’sti’n’ aprobaciyasi’nda bul tema boyi’nsha jaqlag’an kandidatli’q, doktorli’q dissertaciyalardi’n’ islengenligin, maqalalardi’n’ ja’riyalang’anli’g’i’n ko’rsettik. Ja’ne bul pitkeriw qa’niygelik jumi’sti’n’ kafedrada professor-oqi’ti’wshi’lar ta’repinen woqi’lg’anli’g’i’n ayti’p wo’ttik.

Jumi’sti’n’ qurli’si’nda XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’n janrli’q ko’zqaraslardan barlap qarag’anda, wonda lirikali’q shi’g’armalardi’n’ basi’m wori’n tutatug’i’ni’n bayqaw mu’mkin. Soni’n’ menen birge a’debiyatta epikali’q janrlar da wo’z worni’n iyeley baslaydi’. Wolar bir jag’i’nan, xali’q da’stanlari’, qi’ssalari’ menen tami’rlas bolsa, yekinshi jag’i’nan, Shi’g’i’s jazba epikali’q da’stu’rler menen jaqsi’ baylani’sadi’. Wonday-aq XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’nda epikali’q janrdi’n’ payda boli’wi’ xali’qti’n’ tariyxi’y-ma’deniy turmi’si’ menen baylani’sli’ boldi’, dep juwmaq shi’g’ardi’q. Sebebi, XIX a’sir qaraqalpaq xalqi’ni’n’ socialli’q turmi’s da’rejesi, tariyxi’y ha’m ma’deniy sharayatlari’, ko’rkem estetikali’q talaplari’ epikali’q janrdi’n’ payda boli’wi’na, qa’liplesiwine ta’sir jasaydi’. Shayi’rlar tariyxi’y, socialli’q temalardi’ epikali’q

planda sa’wlelendire baslaydi’. Bug’an Berdaqti’n’ «Shejire», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Aqmaq patsha» da’stanlari’ da’lil bola aladi’.

XIX a’sir qaraqalpaq shayi’rlari’ xali’q epikali’q shi’g’armalari’ da’stu’rlerine su’yene woti’ri’p, wo’zlerinin’ epikali’q shi’g’armalari’n ko’rkem tildin’ proza (qara so’z) tu’rinde yemes, poeziya (qosi’q) tu’rinde do’retkenin ko’rsettik.

XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda do’retilgen epikali’q janrdi’n’ genetikali’q tami’rlari’ xali’q da’stanlari’na, terme-tolg’awlari’na bari’p taqalatug’i’ni’n ayti’p wo’ttik.

XIX a’sir qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ epikali’q shi’g’armalardi’n’ janrli’q qa’siyetleri mi’nalarda ma’lim boladi’ degen juwmaqqa keliwge boladi’:

a) Epikali’q janr ko’lemli boli’p, shayi’r wonda lirikadag’i’ si’yaqli’ si’rtqi’ do’gerektin’ ta’siri menen qaharmanda payda bolatug’i’n ishki sezimdi bayan yetiw menen yaki dramadag’i’ si’yaqli’ qaharmanlardi’n’ ayi’ri’m jag’daydag’i’ ha’reketin, dialoglari’n beriw menen sheklenbey, al shi’g’armada qaharmanlardi’n’, personajlardi’n’ belgili bir waqi’t ishindegi ha’reketin, gu’resin, turmi’stag’i’, sana-sezimindegi, xarakterindegi wo’zgerislerdi izbe-iz su’wretlep, qaharmanlardi’n’ qanday jag’dayda jasap ati’rg’anli’g’i’, ha’reketi, gu’resi tuwri’si’nda izbe-iz mag’li’wmat beredi.

b) Sonday-aq, epikali’q shi’g’armada shayi’r su’wretleytug’i’n waqi’yasi’na bolg’an qatnasi’n, ko’zqarasi’n, lirikali’q shi’g’armadag’i’ si’yaqli’ barli’q waqi’tta tuwri’dan-tuwri’ wo’zinin’ (lirikali’q «men»i) ati’nan bayanlamay, al woni’ qaharmanlardi’n’, personajlardi’n’ obrazi’ arqali’ bayan yetedi.

v) Soni’n’ menen birge XIX a’sirde payda bolg’an epikali’q shi’g’armalarda qaharmanlardi’n’, personajlardi’n’ qarama-qarsi’li’qlari’ni’n’, gu’reslerinin’ belgili bir basqi’shi’, birqansha waqi’yalar – syujetler bayan yetilgen.

g) Sonday-aq, sol da’wirdegi epikali’q shi’g’armalarda waqi’yani’n’ ishinde ha’reket yetetug’i’n ayi’ri’m personajlardi’n’ portretindegi, xarakterindegi, tilindegi individual wo’zgeshelikler de beriledi.

XIX a’sir qaraqalpaq klassikali’q a’debiyati’nda Berdaqti’n’ «Aqmaq patsha», «Aydos baba», «Yernazar biy», «Qulen boli’s», «Amangeldi», «Xorezm», «Ra’wshan», «Shejire» ha’m t.b. si’yaqli’ epikli’q shi’g’armalalari’ epikali’q janrdi’ qa’liplestirdi ha’m rawajlandi’rdi’. Berdaq wo’zinin’ epikali’q shi’g’armalari’n da’stanshi’li’q usi’li’ni’n’ ta’sirinde jazg’an. Shayi’r wo’z shi’g’armalari’nda waqi’yalardi’ qosi’q qatarlari’ menen su’wretlegen.

XIX a’sir epikali’q shi’g’armalarda awi’zeki do’retpelerdin’ da’stu’rleri ken’ saqlani’p qalg’an dep ayti’wg’a boladi’. A’sirese usi’ dawir epikali’q shi’g’armalarda tolg’aw ha’m da’stanshi’li’q stildin’ basi’m yekenin ayta alami’z.

## Paydalani'lg'an a'debiyatlar

## 1. Monografiya, sabaqli'qlar, toplamlar ha'm bir tomli'q kitaplar


1. Абрамович Г.А. Введение в литератураведение. –Москва: Просвещение, 1979.
2. Алимов П. Адабиётда тарийхий шахслар симоси. –Ташкент: Ўзбекистон, 1987.
3. Адабий турлар ва жанрлар. 3 жилдлик. 2-жилд. –Тошкент: Фан, 1992.
4. Алымов А. Қарақалпақ лиро-эпикалық дәстанлары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1983.
5. Ахметов С., Есенов Ж, Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамалырынң орысша-қарақалпақга түсиндирме сөзлиги. Нөкис. 1994.
6. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1987
7. Байниязов Қ. Қарақалпақ шайырларының дөретиўшилигинде аўызеки ҳәм жазба дәстүрлердиң синтези.: Дис… докт. фил. наук. -Нөкис, 2000.
8. Байниязов Қ. Қосықтың күши. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1977.
9. Бердақ. Сайланды шығармалары. -Нөкис, 1997.
10. Бердақ. Таңлаўлы шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.
11. Дәўқараев Қ. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебияты тарийхыйның очерклери. –Нөкис. 1977.
12. Дәўқараев Н. Шығармаларының толық жыйнағы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1977. Т.3.
13. Дәўлетов Б. Қазы мәўлик дөретиўшилиги.: Дис… канд. фил. наук. -Нөкис, 2002.
14. Әжинияз. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1975.
15. Жапақов Н. Революцияға шекемги қарақалпақ әдебиятында реализм мәселеси. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1972.
16. Жәримбетов Қ. XIX әсир қарақалпақ лирикасының жанрлық қәсийетлери ҳәм раўажланыў тарийхы. Нөкис. 2004
17. Жәримбетов Қ. Ашық Зийўар. Нөкис. «Билим» 1998.
18. Жәримбетов Қ. Бердақ шығармаларын бизиң руўхый ғәзийнемиз. Нөкис. 1998.
19. Жийен жыраў. Посқан ел. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.
20. Иззат Султан. Адабиёт назарияси. –Тошкент: Ўқитувчи, 1980.
21. Каримов А. Әдебиятымыздың гейпара мәселелери. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1988.
22. Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы. -Нөкис, 1963.
23. Күнхожа. Ел менен. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1989.
24. Қурбонбоев. Бердах ижоди. –Тошкент: Фан, 1977.
25. Мақсетов Қ. Дәстанлар, жыраўлар, бақсылар. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1992.
26. Мақсетов Қ. Фольклор ҳәм әдебият. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1975.
27. Мамбетов К. Әдебият теориясы. -Нөкис: Билим, 1995.
28. Матекеев С. Өтештиң шайырлық шеберлиги. -Нөкис, Қарақалпақстан 2005.

29. Муртазаев А. Ақмақ патша поэмасы. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1979.
30. Муртазаев А. Бердақ шығармаларындағы заманагөйлик ҳәм шеберлик. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1993.
31. Пахратдинов Ә. XIX әсирдиң ақыры - XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. -Нөкис: Билим, 1996.
32. Пахратдинов Ә. Бердақ шайыр творчествосының жыйналыў, басып шығарылыў ҳәм изертлениў тарийхынан. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1990.
33. Пахратдинов Ә. Бердақ шайырдың дәстанлық шығармалары. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.
34. Пахратдинов Ә., Өтемуратова Х. XIX әсирдиң ақыры XX әсирдиң басындағы қарақалпақ әдебияты тарийхы. Хрестоматия. -Нөкис: Билим, 1995.
35. Пирназаров А. Бердақ шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар. -Нөкис: Билим, 1991.
36. Пирназаров А. Жийен ҳәм Омар шайырлардың дөретиўшилик шеберликлери. -Нөкис: Билим, 1993.
37. Пирназаров А. Күнхожа, әжинияз, Сыдық шығармаларында қолланылған дөретиўшилик усыллар. -Нөкис: Билим, 2000.
38. Пирназаров А. Мастерство Ажинияза. –Нукус: Каракалпакстан, 1983.
39. Сағитов И.Т. Әдебият ҳәм фольклор. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1983.
40. Сағитов И.Т. Сахра бүлбили. -Нөкис: Қарақалпақстан, 1974.
41. Турдыбаев Қ. Дидактикалық шығармалар-руўхый байлығымыз. Нөкис, Билим.2009.
42. Ҳамидов Ҳ. Шығыс тиллериндеги жазба дәреклер ҳәм XIX әсирдеги қарақалпақ шайырлары. -Нөкис: Билим, 1991.
43. Шукуров Н. Услублар ва жанрлар. –Тошкент: Адабиёт ва санъат, 1993.